

MESAJE POU JEZI

LEKÒL BIBLIK VAKANS

2 KONRENTYEN 5:20
NOU SE MESAJE ÒFISYÈL JEZI





MESAJE POU JEZI

LEKÒL BIBLIK VAKANS

DOSYE LBV **MESAJE POU JEZI** te kreye pou Timoun jwenn Timoun, men, fon ki fè LBV a posib la soti nan men timoun ki nan legliz lokal ou yo. Si w' ta renmen kontribye dirèkteman pou fiti Efò Ministè KRK LBV, ou kapab fè sa atravè [www. Krknaz.com](http://www.Krknaz.com).

MESAJE POU JEZI YO AP EDITE AK EKIP DOSYE DEVLOPMAN

Dr. Dan Harris — Ekriven, ak Atis grafik
Dr. Frank Moore — Editè Jeneral

Ekip Editoriyal - Kathy Lewis, Linda Hardin, Leslie Hart, Jeanette Littleton, & Larry Morris

Manm Ekip Dosye Devlopman - Kristina Armstrong, Kimborah Bobb, Laura Mata Bolandi, Kelly Downs, Leslie Hart, Tina Kincade, John Neslon, Yolanda McHodgkins, & Mary Sims

Tradiksyon
Dezama Jeudi

Materyèl pwodwi pa : Legliz Nazareyen, Rejyon Mezoamerik
Ministè Fòmasyon Disip ak Lekòl Dominikal
Rev. Monte Cyr
www.Discipulado.MesoamericaRegion.org
www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org

Copyright © 2021 - Tout dwa yo rezève

ISBN: 978-1-63580-300-6

Yo pèmèt repwodiksyon materyèl sa san objektif kòmèsyal, sèlman pou itilizasyon fòmasyon disip nan legliz yo.

Tout tèks bibliik yo soti nan Bib Vèsyon Jerizalèm nan korije nan lane 1999, sèlman si yo endike yon lòt bagay.

BYEN VINI NAN LBV MESAJE POU JEZI YO...

Jezi rele disip li yo pou yo aksepte yon misyon ki vrèman enpòtan. Misyon sa se pataje mesaj lanmou ak esperans li a bay mond lan. Lekòl Biblik Vakans **MESAJE POU JEZI** pral ede w' prepare timoun ministè lokal yo aksepte misyon sa epi vin **MESAJE POU JEZI**.

MESAJE YO ATRAVÈ BIB LA

LBV sa genyen senk istwa ki soti nan Ansyen ak Nouvo Testaman ki pral ede senk nan timoun ministè lokal ou a ki te aksepte apèl Bondye yo vin **MESAJE LI**. Timoun yo pral aprann kòman **MESAJE** sa yo te akonpli apèl pou **ANSEYE**, **GIDE**, epi pwoklame **SALI** ak **VERITE** a ke w' kapab jwenn nan Jezi. Yo pral aprann tou kòman yo kapab rele lòt yo vin **MESAJE MISION AN**.

MESAJE POU JEZI, SÈVIS REMISYON

Kòm degi, timoun yo pral vin **MESAJE** ki reponn apèl pou delivre mesaj enpòtan pou mesaje pou Jezi kòm sèvis remisyon an. Atravè egzanp Katyemèt, Paskal, Ti Chocho, Anonsè, Emisè, ak Vòldirèk, timoun yo pral dekouvri kòman mesaj ki te pibliye nan tan ki kòrèk la te fè gwo diferans.

TAB MATYÈ LBV

PAJ	MATYÈ
4	LBV MESAJE POU JEZI KONSANTRE AK SEKANS
5	LBV MESAJE POU JEZI OPSYON SIT
7	JOU 1 - MESAJE KI ANSEYE NOU YO
23	JOU 1 - PAJ TI PITI YO
29	JOU 2 - MESAJE K AP GIDE NOU YO
45	JOU 2 - PAJ TI PITI YO
51	JOU 3 - MESAJE SALI A
67	JOU 3 - PAJ TI PITI YO
73	JOU 4 - MESAJE VERITE A
89	JOU 4 - PAJ TI PITI YO
95	JOU 5 - MESAJE MISION AN
111	JOU 5 - PAJ TI PITI YO
117	GWO RESOUS LBV MESAJE POU JEZI



MESAJE POU JEZI

LEKÒL BIBLIK VAKANS
KONSANTRE AK SEKANS

JOU 1



TÈM: Mesaje ki Anseye nou yo
ISTWA BIBLIK: Arawon - Premye Gran Prèt la - Yon Misyon Pou Akonpli
SKETCH ENTWODIKSYON AK KONKLIZYON: Paskal - Mesaje pou Jezi
VÈSÈ POU APRANN: Matye 28:20 NVE
ATIZANA: Bwat Korespondans Mesaje pou Jezi yo!
KOLASYON RAPID LA: Kado Espesyal pou Jezi
JWÈT KADINAL: Karyè Twa Pye yo – Aprann ansanm!
VIZYON SOU FÒMASYON DISIP: Swiv Jezi

JOU 2



TÈM: Mesaje k ap Gide nou yo
ISTWA BIBLIK: Debora - Pwofèt ak Jij - Yon premye pou Bondye
SKETCH ENTWODIKSYON AK KONKLIZYON: Ti Chocho - Mesaje pou Jezi
VÈSÈ POU APRANN: Ebre 13:7 NVE
ATIZANA: Swiv pa Jezi yo
KOLASYON RAPID LA: Goute Melanje
JWÈT KADINAL: Ti Chocho di
VIZYON SOU FÒMASYON DISIP: Imite Jezi

JOU 3



TÈM: Mesaje Sali a
ISTWA BIBLIK: Jan Batis - Yon Avans pou Jezi
SKETCH ENTWODIKSYON AK KONKLIZYON: Anonsè - Mesaje pou Jezi
VÈSÈ POU APRANN: Malachi 3:1 NVE
ATIZANA: Vòl Sali a
KOLASYON RAPID LA: Pizza Ti Mesaje yo
JWÈT KADINAL: Jezi nan Sant Lan
VIZYON SOU FÒMASYON DISIP: Konfyans nan Jezi

JOU 4



TÈM: Mesaje Verite a
ISTWA BIBLIK: Jezi - Mesaje verite a
SKETCH ENTWODIKSYON AK KONKLIZYON: Emisè - Mesaje pou Jezi
VÈSÈ POU APRANN: Sòm 66:16 NVE
ATIZANA: Zam Verite a
KOLASYON RAPID LA: Se imaj mesaje a te fè nan fwi
JWÈT KADINAL: Plase "N" nan konpa a
VIZYON SOU FÒMASYON DISIP: Viv pou Jezi

JOU 5



TÈM: Mesaje Misyon an
ISTWA BIBLIK: Ou Menm Avèk Mwen-Jezi priye pou mesaje misyon an
SKETCH ENTWODIKSYON AK KONKLIZYON: Vòldirèk - Mesaje pou Jezi
VÈSÈ POU APRANN: Ezayi 6:8 NVE
ATIZANA: Men mesaje yo
KOLASYON RAPID LA: Zye Zanj lan
JWÈT KADINAL: Yon mesaj pwisan
VIZYON SOU FÒMASYON DISIP: Pataje Jezi



MESAJE POU JEZI

LEKÒL BIBLIK VAKANS
OPSYON SIT

Lekòl Bilik Vakans **MESAJE POU JEZI** yo baze li plizyè kote. Timoun yo fè mouvman soti yon kote pou ale nan yon lòt, kote ke yo pral fè eksperyans ak plizyè kalite aktivite ki genyen eleman ki pou ogmante ak ranfòse tèm ak istwa bibliik yo chak jou. Genyen sèt opsyon sit ki déjà kreye. Chak ministè pral kapab itilize yo tout oubyen kèk nan opsyon ki prezante yo. Sit tankou pa istwa bibliik la avèk vèsè pou aprann yo kapab melanje, menm jan sa kapab fèt avèk lòt sit yo.

ISTWA BIBLIK

Istwa bibliik yo soti nan Ansyen ak Nouvo Testaman. Chak istwa bibliik baze sou yon pèsonaj nan Bib la ke Bondye te itilize kòm youn nan **MESAJE LI** yo. Chak istwa genyen pwèn konvèsasyon ak kesyon pou diskite. Genyen vèsyon ki pou timoun piti yo tou ladan li ki pote tit: **TI PITI MESAJE YO.**

VÈSÈ POU APRANN - MESAJ NAN KÈ MWEN

VÈSÈ POU APRANN nan ap pèmèt ou ede timoun yo konsève Pawòl Bondye nan kè yo. Chak leson genyen yon seri mouvman, siyal ak fraz adisyonèl pou ede timoun yo memorize chak pòsyon bibliik. Genyen vèsyon ki pou timoun piti yo tou ladan li ki pote tit: **TI PITI MESAJE YO.**

ATIZANA

Genyen yon atizana ki kreye pou chak jou ki baze sou tèm nan, **MESAJE** oubyen istwa ki bon pou prezante lekòl bibliik vakans ou a yon fason ki enteresan ak enpresyonan k'ap pèmèt timoun yo toujou sonje eksperyans ou a. Yo chwazi chak pankat relijye paske yo san parèy epi yo pa chè.

KOLASYON RAPID LA

Genyen yon anons ki kreye pou chak jou, li menm k'ap pèmèt ou ofri timoun yo yon bon manyè pou yo eksperimante lekòl bibliik vakans lan. Lide sa yo kapab mande yon seri de preparasyon, men, rezilta efò w' yo ap gen anpil enpòtans pou yo. Anpil fwa, prezidan lekòl bibliik yo konn ap obsève ke plas **KOLASYON** an pa dwe pran menm kantite tan ak lòt yo. Si sa rive, melanje li ak kèk lòt sit.

JWÈT KADINAL

Lè w'ap fè timoun yo patisipe nan **JWÈT KADINAL** la, w'ap genyen opòtinite pou w' vin plis pase yon antrenè oubyen abit. W'ap gen opòtinite pou w' ede timoun yo grandi kòm disip Jezi. Jwèt chay chak jou yo ap ede yo atenn objektif sa pandan y'ap ofri yon aktivite enteresan epi ki bon ki pral ogmante eksperyans timoun lekòl bibliik vakans yo.

ANTRÈNMAN DISIP

Nan Matye 28 :19, Jezi te di disip Li yo konsa, "Se pou nou ale epi fè disip nan tout nasyon yo". Sa a se yon apèl k'ap kontinye jouk jounen jodi a. Pandan w'ap gide timoun yo atravè plas **ANTRÈNMAN DISIP** la pou yo vin Mesaje, w'ap gen privilèj pou w' reponn ak apèl Jezi a pandan w'ap ede yo grandi kòm disip Li. Epi lè timoun yo grandi kòm disip Jezi, y'ap gen privilèj pou yo vin konvèti an **MESAJE LI** tou.

MISYON

W'ap kapab jwenn enfòmasyon osijè de Pwojè Ofrann Misyonè aktyèl Timoun sa lè w' vizite www.krknaz.com.

MESAJE POU JEZI

2 KONRENTYEN 5:20
NOU SE MESAJE OFISYÈL JEZI



Jou 1

**MESAJE KI
ANSEYE NOU YO**

NOMBRES 16

ARAWON - PREMYE GRAN PRÈT LA





JOU 1 - ANALIZ JENERAL AK SESYON ENTWODIKSYON

Byenvini: Lè w'ap akeyi timoun yo nan premye jou lekòl biblik vakans mesaje Pou Jezi yo, w'ap genyen privilèj pou w' kreye yon anbyans pou yon semèn sipriz. Youn nan bon fason pou timoun yo konprann ke lekòl biblik vakans lan ap kòmanse, se nan repwodiksyon chan prensipal Mesaje Pou Jezi yo, oubyen kèk nan lòt chan ki te konpoze pou lekòl biblik vakans yo.

Salitasyon: Pran yon ti tan pou w' di timoun yo byenvini, pandan w'ap di kijan w' kontan dèske yo vini. Prezante tèt ou, prezante lidè chak depatman yo, chak volontè ak manm pèsònèl yo.

Lapriyè entwodiksyon: Envite Kris nan lekòl biblik ou a atravè lapriyè pandan w'ap kòmanse chak sesyon. Bat pou chak swa se yon moun diferan ki fè lapriyè sa.

Tèm ak fondman biblik Mesaje pou Jezi yo: Prezante tèm prensipal lekòl biblik la. Di timoun yo ke semèn sa yo pral aprann osijè de plizyè mesaje diferan ke Jezi itilize yon fason pou ede yo aprann plis de Li, epi kòman yo menm tou yo kapab vin tounen mesaje pou Jezi. Sa se pral yon moman espesyal tou pou prezante yo pasaj bibliki ki pral itilize kòm fondman mesaje Pou Jezi yo, 2 Korentyen 5 :20a, "Konsa, nou se anbasadè pou Kris".

Tèm jounalye ak baz bibliki: Pataje tèm Jou 1 avèk timoun yo ki di: Mesaje ki anseye nou yo, menm jan ak baz bibliki jou 1 ki se: Arawon-Premye Gran Prèt La.

Adorasyon atravè kantik: Apre w' fin prezante tèm jounalye a avèk baz bibliki la, sa se yon moman espesyal pou w' fè timoun yo louwe ak adore. Tou depann de kantite tan ke w' genyen, si w' chante de kantik mesaje pou Jezi yo ansanm ak timoun yo se ap yon bon fason pou w' ede yo santi yo kontan nan kòmansman lekòl bibliki la.

Sketch pou entwodiksyon an: Pran yon ti tan pou w' prezante sketch entwodiksyon an pandan w'ap fè lekti sa: Mesaje Jezi yo genyen yon mesaj byen enpòtan pou nou jodi a. Yo vle rakonte nou kilès Jezi ye ak pou ki rezon ke Li vle pou nou chak vin tounen mesaje pou Li tou. Nan chak sesyon lekòl bibliki la, n'ap konnen youn nan mesaje Jezi yo epi nou pral tandè mesaje ke yo chak te resevwa lòd pou bay. Mesaje Jezi yo travay anba kontwòl Katyemèt, li menm ki la pou distribiye sèvis bay mesaje pou Jezi yo. Lè genyen yon mesaj enpòtan ki dwe anonse, sèvis mesaje pou Jezi yo pa genyen konparezon. Jodi a nou pral rekonèt Katyemèt la ak yon mesaje pou Jezi ki rele Paskal. Ann swiv Katyemèt la ak Paskal avèk anpil atansyon pou nou kapab aprann plis osijè de mesaj enpòtan ke yo genyen pou bay jounen jodi a.

Pwojè Ofrann Misyonè: Prezante pwojè Ofrann misyonè Timoun yo ki gen pou wè ak ane sa. Ou kapab pwofite moman sa pou w' ranmase ofrann ke timoun yo te pote yo.

Konklizyon sesyon entwodiksyon an: Avan w' voye timoun yo al pran plas yo nan depatman lekòl bibliki la, fè yo chante youn nan kantik Mesaje pou Jezi yo yon lòt fwa ankò, ofri yon lapriyè envokasyon, oubyen fè tou de bagay yo.

JOU 1 - SKETCH ENTWODIKSYON



JOU 1-SKETCH ENTWODIKSYON PASKAL-MESAJE POU JEZI!

Sketch entwodiksyon pou Mesaje Jezi yo te kreye nan lide pou prezante tèm ak istwa bibliik jounalye yo bay timoun yo. Yo pral sèvi tou pou fè timoun yo patisipe nan chak evènman. Paj obsèvasyon jeneral ak sesyon entwodiksyon an, ni nan gid direktè tankou nan gid lidè a, genyen yon entwodiksyon pou chak sketch. Li entwodiksyon sa anvan chak sketch.

PREPARE SÈN NAN

Chak sketch--entwodiksyon ak konklizyon—pran plas nan Biwo Kòmandman Santral Sèvis pou Remisyon mesaje Pou Jezi yo. Se Katyemèt k'ap dirije kalite sèvis sa epi l'ap sèvi pou bay mesaj enpòtan ki soti nan Jezi yo. N'ap toujou jwenn Katyemèt la k'ap travay di dèyè biwo Kòmandman Santral la. Se la n'ap resevwa tout mesaj enpòtan yo.

SKETCH ENTWODIKSYON

Nan kòmansman Jou 1, Katyemèt la byen okipe nan travay li nan Kòmman Santral la lè li tande son yon mesaj ki antre pou li anonse (chwazi yon son ki pou sèvi pou reprezante alam Sèvis mesaj ki antre yo; li kapab son telefòn ou oubyen nenpòt kalite son ki kapab kapte atansyon timoun yo). Alam nan ap fè Katyemèt la konnen ke li resevwa yon mesaj enpòtan. Katyemèt la reponn alam nan.

KATYEMÈT – (Li ta bon pou Katyemèt ta genyen kas, men w'ap kapab itilize nenpòt kalite telefòn. Sèn nan kòmanse yon fwa Katyemèt reponn apèl la lè li fin tande son alam nan). W'ap kominike avèk Sèvis Remisyon Mesaje pou Jezi yo. Mesaj ou a se pi gwo priyorite nou. Se Katyemèt la k'ap pale avèk ou la, kòman mwen kapab ede w'? (Katyemèt la dwe koute moun k'ap pale nan lòt liy nan avèk anpil atansyon). Wi, mwen konprann. (Katyemèt la dwe ekri mesaj la nan yon kaye oubyen, nan yon òdinatè). Sa se tout? Trè byen. Mwen pral voye mesaj sa kounye a. Mwen genyen moun ki ka fè travay sa byen (Katyemèt la mete fen ak apèl la apre sa li pale avèk Paskal. Ou kapab fè Katyemèt la itilize menm telefòn nan oubyen li kapab itilize lòt mwayen ki sèvi pou sistèm kominikasyon entèn). Atansyon, Paskal. Tanpri, peye prezans ou nan Kòmman Santral la.

PASKAL – (Aprè kèk segond, Paskal antre nan sèn nan byen prese tankou yon sòlda nan biwo kòmandan li. Paskal pran pozisyon gadavou li byen dwat devan biwo Kòmman Santral la epi salye Katyemèt la). Mesaje Paskal la pou sèvi w'!

KATYEMÈT – (Akoz de atid Paskal la, Katyemèt la pran yon ti tan anvan li reponn). Poukisa se konsa w' salye m' Paskal? Se paske sa ofanse m' non lè w' abòde ak tout respè sa yo, men sanble ou yon ti jan egzajere. Ou pa wè sa?

PASKAL – (Deplase) Padon Mesye Katye, se paske mwen kontan anpil lè w' ban m' mesaj pou m' bay. Ki kote mwen prale jodi a?

KATYEMÈT – M'ap voye w' pou w' ale rankontre yon gwo kantite pwason ki pou kèk rezon pèdi. Ta sanble yo sou wout pou antre nan yon lanmè ki danjere anpil.

PASKAL – Poukisa yo fè sa? Si yo naje twò lwen, li posib pou yo pa jwenn chemen pou retounen lakay yo wi.

KATYEMÈT – Se vre. Yo an danje. Yo te dwe prezante yo pou yon dènye sesyon antrènman byen enpòtan avèk antrenè yo, men genyen kèk nan pwason yo ki panse ke yo pa gen nesite pou yo vin asiste.



JOU 1 - SKETCH ENTWODIKSYON

Ta sanble ke pwason sa yo konvenk lòt rès yo pou fè menm avèk yo epi kounye a yo tonbe nan yon sityasyon difisil

PASKAL – Kòman pwason sa yo fè panse ke yo pa bezwen ale nan dènnye sesyon antrènman?

KATYEMÈT – Mwen pè pou pa vin tounen yon pwoblèm ki komen, epi non sèlman pami pwason yo. Semèn pase a mwen te wè kèk neglijan ki t'ap fè menm bagay la.

PASKAL – Neglijan! (Katyemèt la pa rann li kont si Paskal t'ap fè blag)

KATYEMÈT – Mwen pa konnen poukisa, men pliske nou pa koute moun yo voye pou anseye nou leson enpòtan yo, se pa yon bon desizyon ditou. Sa fè m' sonje yon istwa nan Bib la.

PASKAL – Ki istwa li ye?

KATYEMÈT – Se istwa Arawon an. Arawon te aple kòm premye prèt paske se li menm ki te lidè tout lòt prèt yo. Li te yon manm nan gwoup fanmi levi yo. Genyen kèk levit menm jan ak Arawon ki te chwazi vin prèt. Prèt yo se te moun ki emad menm jan ak pastè nou yo. Yo te konn sèvi Bondye epi ede lòt moun sèvi Bondye. Lòt levit yo te la pou asiste lè prèt yo ap fè sèvis pou Bondye. Se te de travay enpòtan. Men genyen kèk levit ki te kòmanse aji avèk egoyis – menm jan ak gwoup pwason sa yo ke nou sot tande pale de li a.

PASKAL – Kòman sa ke levit yo te aji menm jan ak pwason yo?

KATYEMÈT – Genyen kèk pami yo ki te konsidere ke avèk gwo plas sa ke Bondye ba yo, li pa nesèsè pou yo koute epi obeyi okenn lòt moun ankò. Olye pou yo te rann yo kont ke se t'ap yon lonè pou yo te mete tèt ansanm ak Arawon ak prèt yo pou sèvi Bondye, yo te chwazi fè travay pa yo chak moun jan yo pi pito. Yo pat bezwen swiv pèsòn lòt moun, konsa, yo te refize tande Arawon.

PASKAL – Poukisa sa te yon pwoblèm?

KATYEMÈT – Se te yon pwoblèm paske Bondye te genyen anpil bagay ke li te vle anseye levit yo. Epi Bondye te chwazi Arawon kòm mesaj li epi lidè yo. Bondye sèlman te vle sa ki pi bon pou levit yo, men pi fò nan yo te refize koute Arawon ak sa li t'ap eseye anseye yo a.

PASKAL – Kisa ki te pase moun ki te refize koute Arawon yo?

KATYEMÈT – Anyen ki bon. Apre li fin ba yo plizyè opòtinite pou yo te chanje mantalite yo epi kontinye direksyon Bondye, yo te chwazi swiv pwòp chemen yo. Kòm konsekans, yo te vin pèdi pozisyon yo kòm mesaj Bondye.

PASKAL – Se tèrib!

KATYEMÈT – Wi, sa ki te rive yo a se te bagay ki tèrib, men yo te kapab evite sa. Si sèlman yo te sonje ke se sa ki pi bon ke Bondye te vle pou yo epi koute mesaj li a atravè lidè li te chwazi a, Arawon, kidonk, yo pa t'ap rive pèdi epi soufri konsekans pou dezobeyisans yo.

PASKAL – Mwen prefere ale chèche pwason sa yo anvan yo twouve yo yon kote ki tèrib.

JOU 1 - SKETCH ÈNTWODIKSYON AK SESYON KONKLIZYON

KATYEMÈT – Wi, Paskal. Pote mesaj sa ba yo. Di yo ke y’ap antre twò fon nan lanmè a. Di yo dèske yo pa swiv dènye sesyon antrènman an, yo anba gwo danje. Antrenè yo a t’ap déjà pataje enfòmasyon sa avèk yo nan dènye sesyon an (Katymèt la remèt Paskal yon moso papyè oubyen yon bagay ki reprezante yon mesaj). Pote sa nan men w’, epi Paskal: ale vit pou yo kapab retounen lakay san malè pa rive yo.

PASKAL – (Yon lòt fwa ankò, Paskal kanpe dwat epi salye Katymèt la), Paskal genyen yon misyon!

KATYEMÈT – (Yon fwa ke Katymèt la wè ke Paskal deside pran pozisyon li tankou sòlda yon lòt fwa ankò, li fè yon ti poze. Men pou fè diferans ak premye fwa a, olye pou l’ korije Paskal, Katymèt kanpe fèm tou epi salye an gadavou menm jan an) Bay mesaj sa pou mwen, Paskal!

PASKAL – (Pran mesaj la epi kite sèn nan byen vit.)

LIDÈ – Èske nou panse ke Paskal ap ka rive atenn pwason sa yo? (Ankouraje timoun yo reponn). Lè nou retounen nan yon lòt moman, nou pral pale avèk Katymèt la pou nou konnen si pwason sa yo te koute mesaj enpòtan an.

SESYON KONKLIZYON

Byenvini: Lè timoun yo retounen pou sesyon konklizyon an, mande lidè mizik ou a pou l’ fè timoun yo chante youn nan chan Mesaje pou Jezi yo.

Salitasyon: Di timoun yo byenvini yon lòt fwa ankò. Pran yon ti moman pou w’ repase istwa bibliik Jou 1 an ansanm avèk timoun yo: Arawon-Premye gran prèt la. Poze timoun yo kèk kesyon ki enpòtan sou leson an. Ou kapab mande youn nan timoun yo resite vèsè memwa Jou 1 an, Matye 28 :20, oubyen tèm Jou 1 an: Mesaje ki anseye nou yo.

Sketch Konklizyon an: Prezante sketch konklizyon an (aprè sa) li sa: pandan tout semèn sa, n ap swiv evènman Sèvis Remisyon Mesaj pou Jezi yo. Se la n’ap jwenn katymèt la ak mesaje li yo, yo menm k’ap akonpli apèl yo kòm mesaje pou Jezi. Dènye fwa ke nou te wè Paskal, li t’ap mache chèche yon kolonn pwason ki pat al nan kou epi yo te an danje. Kounye a nou pral wè si Paskal te fè siksè lè l’ te bay mesaj Jezi a.

Pwojè Ofrann Misyonè: Ankouraje timoun yo pale ak zanmi ak fanmi yo osijè de sa yo te aprann sou pwojè Ofrann Misyonè Timoun k’ap atenn lòt Timoun yo.

Fen Sesyon konklizyon an: Pi bon fason pou nou mete fen ak yon sware lekòl bibliik se pandan n’ap chante yon kantik. Aprè kantik la, pran yon ti tan ankò pou w’ pataje tèm nan ak leson kle ki te anseye yo ansanm ak timoun yo pandan jounen an. Fè pase nenpòt anons enpòtan ni pou timoun yo tankou lidè yo. Mete fen pa mwayen lapriyè.



DAY 1 - SKETCH KONKLIZYON

JOU 1-SKETCH KONKLIZYON: PASKAL-YON MESAJE POU JEZI!

Sketch konklizyon mesaje pou Jezi yo fèt nan lide pou ede timoun yo repase tèm nan, istwa bibliik ak lòt eleman yo ak lesou enpòtan chak jou yo. Sesyon konklizyon pou lekòl bibliik chak jou a twouve li ni nan gid direktè a menm jan ak nan gid Lidè a ki genyen yon entwodiksyon ki dwe li avan chak sketch konklizyon.

SKETCH KONKLIZYON AN

PASKAL - (Paskal te fè prese pou li rive nan biwo kòmman santral la kote Katyemèt la chita a. Yon fwa ankò, Paskal parèt epi salye Katyemèt la tankou sòlda) Paskal tounen soti nan misyon yo te voye l' la.

KATYEMÈT - (Salye li tou). Èske w' te fè siksè nan misyon w' lan?

PASKAL - Wi! Mwen te rive atenn pwason yo avan ke yo te ale twò lwen. Li te nesèsè pou m te konvenk yo, men mwen te rive fè yo chanje kou.

KATYEMÈT - Men èske li te posib pou w' te bay mesaj enpòtan ke antrenè yo a te vle pataje avèk yo a?

PASKAL - Wi, mwen te fè sa. Mwen te di yo tou ke lesou ke antrenè yo a te vle pataje ak yo a gen pou wè ak sesyon ki baze sou enfòmasyon ki pou ba yo pwoteksyon ak sekirite.

KATYEMÈT - Men, èske yo te obeyi w'?

PASKAL - Nan kòmansman, genyen kèk pami yo ki te refize tande mwen. Yo te pretann konn plis bagay pase antrenè yo a.

KATYEMÈT - Kisa w' fè lè sa?

PASKAL - Mwen te deside rakonte yo istwa ke w' te pataje osijè de Arawon an. Mwen te rakonte yo ke Arawon se te yon mesaje ke Bondye te chwazi pou anseye moun. Epi mwen te fè yo konnen ke mesaj Arawon an te soti nan Bondye, sa pat fè anyen si moun yo te renmen Arawon oubyen non; yo te kapab kwè ke mesaj la te verite.

KATYEMÈT - Men, èske sa te ede w' konvenk yo tout?

PASKAL - Wi, se konsa sa te ye. Yo te rann yo kont ke san gade sou sa yo tepanse osijè de antrenè yo a, li enpòtan pou yo koute lè yon moun ap tante ede nou.

KATYEMÈT - Konpliman, Paskal. Epi, menm bagay sa se yon reyalyte nan anpil sitiyasyon nan lavi nou. Pafwa nou santi nou tante lè yon moun ap eseye ede nou, men li enpòtan pou nou koute mesaj sa yo.

PASKAL - Mwen t'appanse ak menm bagay la. Mwen te tèmman kontan pou pwason yo te tande mesaj la epi chanje kous yo a. Epi mwen kontan anpil paske yo te chwazi m' pou m' te pote yon mesaj enpòtan konsa.

KATYEMÈT - (Gade timoun yo fiks) Bondye rele tout pèp li a pou bay mesaj li yo. Lè Bondye rele w' pou w' vin youn nan mesaje Li yo, sonje ke mesaj w'ap gen pou w' bay la se mesaj Bondye li ye. Menm jan ak Paskal, n'ap gen pou nou santi nou kontan lè n'ap bay moun ki nan bezwen yo mesaj Bondye a.

LIDÈ - Ann bat bravo pou Katyemèt ak Paskal. Jounen jodi a, nou tande anpil mesaj. Se plizyè antrenè, lidè ak volontè diferan ki te bay mesaj sa yo. Men san gade nan bouch kilès nou te tande mesaj sa yo, chak mesaj ke nou te tande jodi a te soti nan Bondye. Nou kapab sèten ke mesaj Bondye yo ap ban nou lajwa.

JOU 1 - ISTWA BIBLIK



ARAWON - PREMYE GRAN PRÈT LA - NONB CHAPIT 16 - YON MISION POU AKONPLI!

Preparasyon pou lidè Istwa Biblik la

Enfòmasyon sa la nan lide pou ede lidè Istwa Biblik la prepare l' pou pataje istwa jounen an avèk timoun yo. Sa mande pou lidè a li enfòmasyon sa ak repase pasaj yo bay yo.

Egzòd 4:10-17 - Premye fwa kote yo te prezante nou Arawon se nan Egzòd 4:14. La a nou jwenn kote ke Bondye ap rele Moyiz pou l' te retounen nan peyi Lejip. Bondye te itilize Moyiz kòm enstriman li pou l' te libere pèp Izrayèl nan esklavaj. Kòm Moyiz pat kwè ke li te konn pale ase pou l' te fè fas ak farawon an, li te mande Bondye pou l' te voye lòt moun. Malgre ke Bondye te di l' ke li t'ap di l' pawòl ke li te dwe di yo, Moyiz te kontinye kenbe tèt ak Li. Finalman, Bondye te reponn, "Gen Arawon, frè ou la, ki soti nan branch fanmi Levi a. Mwen konnen lang msye pa mare nan bouch li" (Egzòd 4:14).

Se konsa, Arawon te vin sèvi kòm pòt pawòl Moyiz ke Bondye ta itilize pou di farawon peyi Lejip la pou l' te kite izrayelit yo ale.

Kisa yon levit ye? - Nan vèsè 14, Bondye di ke Arawon se yon levit. Levit yo te soti nan branch fanmi Levi, youn nan douz tribi Izrayèl. Jakòb ki te pote non Izrayèl te genyen douz pitit epi yo chak te fòme yon tribi ki pou eritye yon pati nan Tè Pwomès la. Levit yo pat resevwa yon pòsyon tè (wè Jozye 13:14). Nan sans sa a, Bondye te chwazi yo pou sèvi li epi gide izrayelit yo espiyèlman, ak plizyè lòt bagay ankò (wè 1 Wa 8:4, Esdras 2:70). Tout prèt yo se te levit, men se pa tout levit yo ki te prèt.

Egzòd 12-Arawon ki te yon levit te vin konvèti an premye Gran Sakrifikatè, oubyen lidè prèt yo. Arawon ak lòt sakrifikatè ki ta swiv li yo ta vin responsab pou ede anseye pèp la pou adore ak obeyi kòmandman Bondye yo. Youn nan premye leson ke Arawon te dwe anseye pèp la se te osijè de pak la. Istwa premye pak la twouve li. Izrayelit yo, pèp Bondye a te esklav nan peyi Lejip. Kòm esklav, yo te anba move tretman lidè ejiptyen yo, farawon an. Konsa, yo te mande Bondye pou l' te delivre yo, epi Li te tande yo! Bondye te chwazi Moyiz pou ale devan farawon an epi mande l' kite yo ale. Farawon an pat kite pèp Bondye a ale; kòm rezilta, moun peyi Lejip yo te resevwa plizyè malè (Egzòd 7-10). Konsa, dènye avètisman an te rive: farawon an te dwe kite pèp Bondye a ale oubyen okontrè, tout premye ne nan peyi Lejip yo ta dwe mouri. Pou evite malè a, Bondye te voye Moyiz ak Arawon pou enstwi izrayelit yo nan sa ki gen pou wè ak soupe espesyal la epi pase san animal ke yo te manje a sou lento pòt kay yo.

"Jou lannwit sa a, m'ap pase nan tout peyi Lejip la, m'ap touye tout premye pitit gason ak tout premye pitit bèt yo ki nan peyi a. M'ap regle tout bondye peyi Lejip yo. Se mwen menm ki Seyè a. San nou pase sou pòt yo va make kay kote nou ye a. Lè m'a wè san an, m'a sote kay nou. Konsa, lè m'ap frape peyi Lejip la, chatiman an p'ap tonbe sou nou tou" (Egzòd 12:12-13).

Depi jou sa, travay Gran Prèt la se te anseye izrayelit yo selebre fèt la chak ane epi konsa, sonje kòman Bondye te libere yo anba esklavaj.

Lòt pasaj enpòtan yo pou repase

- Egzòd 28:15-30 - Pwatin nan
- Egzòd 29 - Levit yo te apa kòm sakrifikatè pou sèvis Seyè a
- Levitik 7 - Prepare sakrifikatè yo pou yo sèvi Seyè a
- Nonb 1:48-53 - Levit yo la pou yo pran swen sanntye kontra Seyè a
- Nonb 18:1-7 - Responsablite sakrifikatè ak levit yo.



JOU 1 - ISTWA BIB LA

Istwa a - Otorite Arawon kòm Mesaje Bondye a Anba Defi - Nonb 16

Aprè depasman an, moman ke Bondye te sove izrayelit yo anba esklavaj nan peyi Lejip, Li te mennen yo nan tè ke Li te pwomèt yo a. Sepandan, izrayelit yo pat mete konfyans yo nan Bondye ase pou yo te kwè ke Li ta kapab mennen yo rive nan tè pwomès la san malè pa rive yo. Mank lafwa izrayelit yo te lakòz dezobeyisans epi sa te lakòz yo pase 40 lane nan dezè a ap fè pelerinaj.

Pandan moman nan dezè a, izrayelit yo te fè fas ak anpil defi. Youn ak yon lòt fwa ankò, Bondye te bay pwovizyon nan moman nesosite yo; epi lè li fè sa, Li te itilize Arawon kòm mesaje li pou anseye pèp la obeyi kòmandman Bondye yo. Malgre fidelite dirab Bondye, genyen kèk izrayelit ki te refize aksepte plan Bondye a avèk lidèchip Arawon kòm Gran Prèt. Youn nan ensidan sa yo te pase nan Nonb chapit 16.

Li Nonb 16:1-3, NVE

Mesye sa yo, melanje ak kèk levit te kwè ke yo te vrèman espesyal e menm pi bon pase nenpòt lòt moun paske yo te chwazi pou pran swen tanp Bondye a (Fè revizyon ak timoun yo sou kilès levit yo te ye). Sepandan, yo te bliye ke pozisyon espesyal yo a kòm sakrifikatè te soti nan Bondye epi se pat yon bagay ke yo te merite.

Nou menm tou, nou tankou levit yo. Nou tout dwe sonje ke gras ak Bondye nou genyen yon pi bon avni ak yon mesaj pou nou pataje ak lòt yo. Nou dwe sonje tou ke nou tout aple pou nou vin mesaje Bondye. Kòm mesaje li, nou dwe respekte moun sa yo ke Bondye mete kòm lidè nou yo. Pa gen moun ki tèlman espesyal pou l' pa bezwen obeyi enstriksyon Bondye oubyen moun ke Li chwazi pou vin lidè nou.

Bondye ban nou yon bèl opòtinite pou nou vin mesaje li. Pou nou vin mesaje Li, nou dwe mande Bondye pou li padone peche ak dezobeyisans nou yo, epi nou dwe pwomèt li ke n'ap koute epi obeyi li. Lè nou fè sa, Bondye ap vini nan kè nou epi ede nou konvèti an moun sa yo k'ap bay mesaj lanmou Bondye a atravè pawòl ak aksyon nou yo.

Nan epòk sa, levit yo pat bezwen pèsòn ki te pou di yo kijan yon mesaje Bondye te dwe ye. Yo te kwè ke yo pat bezwen tande oubyen swiv lidèchip Arawon an. Kè yo te refize aksepte Arawon kòm mesaje Bondye; kòm rezilta, yo te refize tande Bondye.

Li Nonb 16:4-11, NVE

Moyiz te eseye esplike levit yo ke se yon pozisyon Bondye te ba yo. Yo te dwe ede pran swen tanp kote Bondye t'ap viv nan mitan yo a. Yo te chwazi pou prepare plas kote tout izrayelit yo te gen pou adore Bondye. Men mesye sa yo te konside kado sa kòm yon bagay ke yo te merite. Petèt yo te santi ke responsablite yo kòm moun k'ap pran swen tanp lan fè yo pi enpòtan pase lòt levit yo. Se klè ke yo te kwè ke yo te kapab detèmine sa mete apa pou sèvis espesyal sa te siyifi (sen); epi yo te kwè ke yo pat bezwen okenn lòt moun ankò, ni Moyiz ak Arawon pou anseye yo sa ki te kòrèk ak enkòrèk. Malerezman pou tout mesye sa yo, mank de imilite devan Moyiz, Arawon ak Bondye te lakòz destriksyon yo.

Li Nonb 16:28-33, NVE

Kisa nou te aprann nan istwa biblik jodi a?

Menm jan ak gwoup levit ki pat vle swiv Arawon an, nou menm tou anpil fwa nou vle fè bagay yo jan nou pi pito. Mwen sèten ke pafwa ou konn vle fè kèk bagay enteresan epi se lè sa a ke manman w' oubyen papa w' mande pou w' netwaye chanm ou an, pou w' fè devwa w' la, oubyen pou w' fin manje avan w' fè sa w' te vle a. Paran yo konnen ke l'ap pi bon si nou swiv enstriksyon yo ban nou yo. Se sèten ke se nou tout ki ta renmen fè sa ke nou pi pito, Se konsa ke nou dezobeyi epi mete tèt nou nan pwoblèm. Èske sa te rive w' kèk fwa?

Nan istwa nou an jodi a, nou te aprann ke Bondye ban nou paran, pastè, antrenè ak lòt lidè espesyal pou pran swen nou epi ede nou konnen Li pi byen. Kòm izrayelit yo pat mete konfyans yo nan Bondye ni obeyi moun li te mete kòm lidè yo a, yo te oblije pase anpil ane nan dezè a ap fè pelerinaj epi yo te soufri gwo konsekans. Lè nou pa koute ak obeyi konsèy Bondye, nou soufri konsekans yo tou. Men, lè nou swiv konsèy Bondye yo, nou jwi bon bagay ke Bondye ban nou yo.

JOU 1 - ISTWA BIB LA AK VÈSÈ POU APRANN

Di timoun yo – Nou menm nou pap viv nan menm epòk ap Moyiz ak Arawon, men Bondye vle genyen yon relasyon espesyal avèk nou, menm jan li te genyen li ak izrayelit yo. Kòman l'ap posib? Sa ap rive akonpli lè nou di Bondye ke nou regrèt pou bagay ke nou te fè yo malgre ke nou konnen ke yo pa bon, epi nou regrèt paske nou te dezobeyi li. Apre sa, mande li pou li vin viv nan kè nou epi fè nou sanble ak Kris la. Lè nou fè sa, Jezi ap mache avèk nou tout kote epi ban nou pouvwa pou nou fè sa ke Li di pou nou fè yo. Konsa, n'ap kapab tounen mesaje espesyal menm jan avèk Paskal.

Di timoun yo - Bondye te renmen izrayelit yo epi Li te vle sa ki pi bon pou yo. Li renmen nou tou epi vle sa ki pi bon pou nou. Epi Li vle pou nou vin mesaje li epi pou nou ede lòt yo, menm jan Charge fè l' la. Èske w' pare? Ebyen, annavan!

JOU 1 - VÈSÈ POU APRANN - MESAJE NAN KÈ M' NAN - MATYE 28:20

Mesaje Pou Jezi Yo - Lekòl Biblik Vakans - Vèsè pou aprann - Mesaje nan kè m' nan - Analiz Jeneral ak Enfòmasyon Pou Lidè a Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip Li yo. Lè timoun yo sere Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk gid e direksyon Bondye pou avni yo. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj espesyal Bondye a epi yo kapab pataje li avèk mond lan.

Tèm Jou 1 Mesaje Pou Jezi yo pote tit Mesaje ki Anseye nou yo. Vizyon an se ede timoun yo konprann ke Bondye chwazi mesaje pou ke yo vin Antrenè Li, pou ede lòt yo konnen Jezi. Lè mesaje sa yo anseye timoun yo kilès Jezi ye epi kòman Li vle pou yo viv, timoun yo aprann obeyi ansèyman sa yo. Konsa, timoun yo demontre konfyans ak yon lafwa nan Jezikris k'ap kontinye grandi. Vèsè pou aprann nan premye jou a pral ranfòse tèm sa.

Matye 28:20 se yon pati nan yon mesaj ki pi long ki pote non Gran Komisyon. Jezi te pale ak disip li yo yon dènye fwa avan ke li te monte nan syèl bò kote Papa a. Pou ede timoun yo konnen kilès ki te ban nou kòmandman sa, nou ajoute fraz ki di "Jezi di" kòm entwodiksyon vèsè jodi a.

Matye 28:20 - *Jezi di, "Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba"* (Avèk timoun ki pi piti yo, ou kapab li premye fraz la sèlman pandan w'ap ajoute twa premye mouvman ki vini aprè yo).

Li vèsè pou aprann Jou 1 an ansanm avèk timoun yo. Esplike yo ke vèsè sa fè pati Gran Komisyon an. Se yon kòmandman ke Jezi bay pou tout disip li yo, menm yo menm tou. Itilize siyal ak mouvman ki anba yo pou w'ede timoun yo aprann vèsè sa. Vèsè a divize an sis ti pati.

Pati 1 - Jezi di (Itilize langaj siy).



Pati 2 - Moutre yo pou yo obsève (Ouvè men w' yo pou w' reprezante Bib la).

Pati 3 - Tout sa mwen te ban nou lòd fè (Ouvè de bra w' byen laj).

Pati 4 - Chonje sa byen (Leve dwèt pous ou anlè kòm sètitud).

Pati 5 - Mwen la avèk nou toulejou (Anbrase tèt ou).

Pati 6 - Jouk sa kaba (Siyale distans lan).




Jou 1 - ATIZANA

Jou 1 - ATIZANA - BWAT KORESPONDANS MESAJE POU JEZI YO!

Premye jou Mesaje pou Jezi yo prezante pi bon okazyon pou kòmanse wè kòman timoun yo kapab konvèti an mesaje pou Jezi. Aktivite atizana Jou 1 an se yon mwayen ki byen senp pou ede ak vizyon sa. Lè timoun yo fin kreye bwat korespondans Mesaje pou Jezi yo, sa ap ede yo sonje reponsablite ke yo genyen pou yo pataje mesaj la nan mond yo a.

Sa ke w'ap bezwen

- * Yon echantiyon Bwat Korespondans Mesaje Pou Jezi pou chak timoun. Si se konsa w' vle li, w'ap bezwen itilize yon baz ki blan konplètman, youn ki genyen tèks de baz Mesaje Pou Jezi yo, oubyen yon echantiyon ki gen plizyè koulè.
- * Bann adezif oubyen lakòl
- * Sizo
- * Pens papye
- * Plizyè lòt materyèl atizanal



Kòman nou kapab kreye yon Bwat Korespondans

1. Si w' decide itilize echantiyon blan oubyen sa ki genyen vèsè biblik la, kòmanse pandan w'ap mande pou chak timoun kòmanse dekore bwat korespondans yo a. Ankouraje yo ajoute tit lekòl biblik la oubyen pasaj biblik, 2 Korentyen 5:20.


2. Ede timoun yo rekoupe bwat korespondans yo ak ti drapo a.



4. Ede timoun yo konekte de kote yo pandan w'ap itilize adezif oubyen lakòl. Rebò ki genyen demi sèk yo dwe bay sou deyò.



3. Ede timoun yo double bwat korespondans yo a sou liy yo bay yo.



5. Ede timoun yo konekte ti drapo yo a pandan w'ap itilize pens papye a.



JOU 1 - KOLASYON RAPID LA



BYENVINI NAN KOLASYON RAPID LA

Genyen yon kolasyon ki fèt pou chak jou, li menm k'ap pèmèt ou ofri timoun yo yon bon mannyè pou yo eksperimente lekòl biblik vakans lan. Lide sa yo kapab mande yon seri de preparasyon, men, rezilta efò w' yo ap gen anpil enpòtans pou yo. Anpil fwa, prezidan lekòl biblik yo konn ap obsève ke plas kolasyon an pa dwe pran menm kantite tan ak lòt yo. Si sa rive, melanje li ak kèk lòt sit.

Kolasyon Jou 1—Kado Espesyal Pou Jezi

Nou panse ke se yon bon lide pou premye kolasyon Mesaje Pou Jezi yo genyen ladan li yon bagay ke timoun yo kapab itilize kòm yon kado espesyal pou Jezi. Timoun lekòl biblik ou yo ap renmen kalite kolasyon senp sa, li menm ke y'ap kapab kreye pou ki sanble yon kado espesyal pou Jezi.

Sa ke w'ap gen bezwen

- * Bonbon dous ki kare oubyen rektangilè
- * Sik glase
- * Plizyè ti moso karamèl

Kòman nou kapab kreye kolasyon kado pou Jezi a

Chak timoun dwe resevwa yon ti bonbon dous. Sa ap reprezante anvlòp kado espesyal la. Ede timoun yo aplike sik glase a ak ti moso karamèl yo pou fè li sanble yon lèt. W'ap jwenn yon egzanp pi devan.





JOU 1 - JWÈT KADINAL

JOU 1 - DIREKSYON KADINAL - LÈS



Chak maten solèy la leve nan lès. Epi limyè solèy la parèt ansanm avèk li. Epi tou si gen nyaj ki kouvri syèl la, limyè solèy la klere toutotou li pou ede nou wè tout sa ki nan antouraj nou. Se menm jan tou, Jezi chwazi moun ki pou vin mesaje li epi fè limyè li klere. Yo fè limyè Jezi a klere lè yo anseye moun osijè de Li. Jezi mande nou pou nou onore ak respekte mesaje li yo paske Li anseye nou anpil leson enpòtan atravè yo menm. Pandan w'ap gide timoun yo atravè jwèt Charge sa, ou dwe ede yo ranfòse direksyon kadinal sa!

Karyè Twa Pye yo – Aprann ansanm!

Jwèt jodi a se yon karyè klasik twa pye, men li genyen plizyè kalite Paskal.

- Sa ke w'ap bezwen:**
- * Foula, moso twal oubyen plizyè bandwòl atletik pou chak koup timoun yo. Sa pral sèvi pou mare pye timoun yo, konsa, ou dwe sèten ke w' pa itilize yon materyèl ki tèlman sere.
 - * Kwen oubyen kèk objè ki sanble yon fason pou make pwen depasman an pou rive nan direksyon fikse a.

Kòman nou ka jwe:

1. Divize timoun yo pa koup, mare timoun ki gen menm wotè yo.
2. Mande pou chak timoun kanpe bò kote konpayèl yo a epi pase men nan senti youn lòt.
3. Byen mare kwis yo, pi wo pase jenou yo.
4. Itilize kwen yo yon fason pou w' make pwen depasman an pou rive nan direksyon fikse a.
5. Mande pou chak ekip kanpe sou liy depasman an.

Kalite Paskal la - Pou w' ede timoun yo konprann enpòtans yon bon antrenè genyen, fè yo konnen ke pandan premye karyè a yo pap kapab pale. Malgre nenpòt sa ki ta pase pandan kous la, pèsòn pa dwe di ni yon mo.

6. Mande pou timoun yo kouri an silans. Li posib pou kèk koup genyen difikilte pou yo kouri. Epi pwoblèm komunikasyon an ap lakòz plis difikilte toujou.
7. Mande pou timoun yo kanpe sou liy depasman an yon lòt fwa ankò. Fè yo konnen ke pandan dezyèm karyè a yo kapab pale ak konpayèl yo.
8. Mande pou timoun yo kouri yon lòt fwa ankò epi ankouraje yo ede konpayèl yo a.

Yon fwa ke dezyèm karyè a fini, mande timoun yo pou yo rasanble epi pale osijè de toulede karyè yo. Mande yo pou yo pataje pwoblèm ke yo te fè fas nan premye karyè a, epi kòman lè yo te vin ka pale ak konpayèl yo a te ede yo rezoud pwoblèm sa yo pandan dezyèm karyè a. Sa pral ede yo konprann enpòtans yon bon antrenè genyen.

JOU 1 - ANTRÈNMAN DISIP



JOU 1 - ANTRÈNMAN DISIP - FÒMASYON POU MESAJE YO - SWIV JEZI

Lekòl Biblik Vakans Mesaje Pou Jezi yo - Antrènman Disip - Analiz Jeneral ak Enfòmasyon pou Lidè
Nan Matye 28:19, Jezi te di moun k ap swiv li yo konsa, "Ale epi fè disip nan tout nasyon yo".

Sa se te yon apèl pou tout moun ki te la nan jou sa a, men tou se pou tout disip Jezi yo jodi a. Kòm lidè ki anchaje plas antrènman disip pou Mesaje Jezi yo, ou genyen lonè pou w reponn ak apèl Jezi pandan w ap ede timoun lekòl biblik vakans yo grandi kòm disip Jezi, pandan y ap vin tounen mesaje Jezi.

Pandan premye jou a, timoun yo ap kòmanse antrènman yo a pandan y ap deside swiv Jezi. Nan premye etap nan antrènman w lan kòm mesaje Jezi, w ap prezante timoun yo youn nan disip Jezi yo, Simon Pyè. Timoun yo pral aprann rezon ki te chwazi swiv Jezi ak poukisa yo menm tou yo ta dwe chwazi swiv Li. Li Lik 5:1-11 avèk timoun yo. Pasaj biblik sa montre nou kòman Jezi te rele premye disip li yo ak kòman yo te reponn apèl pou yo te swiv Jezi. Nan istwa sa, timoun yo pral aprann ke desizyon pou swiv Jezi a kapab mennen twa bagay: 1. Swiv Jezi bay pi bon rezilta; 2. Swiv Jezi mete linyon ant moun ak moun; 3. Swiv Jezi fè disip li yo jwenn sa ke yo gen bezwen.

Swiv Jezi bay pi bon rezilta

Mande timoun yo - Kisa Jezi te mande Simon Pyè pou l te fè avèk trivye lapèch li yo? (Li te mande l pou li voye li kote dlo a pi fon an) **Mande timoun yo** - Kisa Simon Pyè te di Jezi lè Jezi te fin mande l pou l te fè sa? (Wè Lik 5:5) **Di timoun yo konsa** - Petèt Simon Pyè te panse ke lè li ta lage trivye a kote dlo a pi fon an, sa pa t ap pèmèt li kenbe plis pwason, men lè ke Jezi te mande l pou l te fè sa, Simon Pyè te fè li. **Mande timoun yo** - Kisa ki te pase lè Simon Pyè te obeyi Jezi? (Wè Lik 5:6-7) **Di timoun yo konsa** - Pafwa li posib pou Jezi mande nou fè yon bagay ki sanble pa yon bon lide. Men, menm jan ak Simon Pyè, lè nou obeyi Jezi, L'ap ban nou pi bon rezilta pase sa ke nou t'ap atann de pwòp fòs nou.

Swiv Jezi mete linyon ant moun ak moun

Mande timoun yo - Èske nou rann nou kont ke lè trivye Simon Pyè yo te plen pwason ki te fè l te kòmanse chire li te oblije mande sekou? **Di timoun yo konsa** - Lè yon disip obeyi ak vwa Jezi, Benediksyon li yo fè moun mete tèt yo ansanm. Te genyen tèlman anpil pwason nan filè Simon Pyè yo, li pat kapab rale yo poukont li. Jezi vle beni disip li yo lè yo obeyi li. Epi benediksyon li yo, menm jan ak pwason yo nan filè Simon Pyè yo pral rale plis moun ki pou pataje benediksyon an.

Swiv Jezi fè disip li yo jwenn sa ke yo gen bezwen

Mande timoun yo - Kisa ki te pwofesyon Simon Pyè avan li te konn Jezi? (Li te yon pechè pwason) **Mande timoun yo** - Kisa pechè yo konn peche? (Pwason) **Di timoun yo konsa** - Jezi te di Simon Pyè pou l te swiv li pou l te ka vin youn nan disip li yo. **Mande timoun yo** - Kisa Jezi te di Simon ke li te vle l vin peche? (Moun) **Di timoun yo** - Lè Simon Pyè te kite trivye l yo pou l te vin swiv Jezi, li te kite travay li. Se travay li a ki te konn ba li lajan pou li pran swen fwaye li, rad ak manje li. Lè Jezi te rele Simon Pyè, Li te mande l pou l te abandone travay li a. Epi lè Simon Pyè te fè sa, li te dekouvri ke Jezi te gentan bay tout sa ke li te bezwen pou l viv. pa genyen okenn kantite lajan ki kapab bay sa ke Jezi kapab bannou. Lè nou deside fè tèt nou tounen disip Jezi epi swiv li, L'ap bannou sa ke nou gen bezwen. L'ap bannou lanmou li, Lapè li, Lajwa li ak lavi ki tounèf la!





JOU 1 - FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA

NON -----

JOU 1 - TÈM MESAJE KI ANSEYE NOU YO

JOU 1 - FOKIS SOU LAPRIYÈ
Chè Jezi,
Mwen vle konnen plis bagay osijè de ou menm. Ede m obeyi mesaje ke w chwazi ki pou anseye m yo.

JOU 1 - BAZ BIBLIK

Istwa biblik premye jou a se osijè de Arawon, li menm ki te premye gran prèt la. Bondye te chwazi Arawon pou ede nan ansèyman izrayelit yo osijè de kilès ke Bondye te ye ak fason Li te vle pou yo viv. Otorite Arawon an te soti nan Bondye.

44 "M'ap mete tant Randevou a apa pou sèvis mwen. M'ap fè menm bagay la tou pou lòtèl la. M'ap mete Arawon ak pitit gason l' yo apa pou mwen pou yo ka sèvi m' prèt. 45 M'ap rete nan mitan pèp Izrayèl la, Se mwen menm ki va Bondye yo. 46 Y'a konnen se mwen menm ki Seyè a, Bondye yo a, se mwen menm ki te fè yo soti kite peyi Lejip pou m' te kapab rete nan mitan yo. Se mwen ki Seyè a, Bondye yo a. (Egzòd 29:44-46)


KONPLÈTE TABLO A AK ENFÒMASYON ISTWA BIBLIK LA

Orizantal

1. Se mwen menm ki Seyè a, ____ yo a.
2. Arawon avèk ____ yo te sèvi kòm prèt
5. Bondye te pwomèt l'ap rete nan mitan pèp ____ yo.
7. Konsakre kòm Gran Prèt

Vètikal

3. Y'a konnen ke se mwen menm ki ____ a, Bondye yo a
4. Tant ____ a.
6. Bondye te vle pou izrayelit yo sonje ke se limenm ki te fè yo soti kite peyi ____.



JOU 1 - FÈY AKTIVITE ELÈV LA



ANTRÈNMAN DISIP: FÒMASYON POU MESAJE YO

Konvèti an disip Jezi kòmanse nan desizyon pou **SWIV JEZI**. Lè w deside **SWIV JEZI**, w'ap jwenn twa bagay. Konplete devinèt ki anba a pou w kapab dekouvri twa bagay sa yo.



A	B	C	D	E	F	G	H	I	J	K	L	M	N	O	P	Q	R	S	T	U	V	W	X	Y	Z
13	21	22	4	19	5	3	20	11	17	26	6	9	7	23	1	8	25	2	18	12	16	15	10	24	14

SWIV JEZI A POTE

1 11 21 23 7 25 19 14 11 6 18 13'

25 19 24 11 7 11 9 23 12 7 24 23 19 1 11

1 23 18 19 2 13 26 19 24 23 3 19 7 21 19 14 15 19'



JOU 1 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute mo ki manke yo.

JEZI DI, "ANSEYE -- TOUT SA KE

MWEN TÈ ----- NOU YO.

ÈPI MWENVA ----- LA AVEK NOU,

JOUSKASKE MOND LAN -----." MATYE 28:20, NVE

MESAJE POU JEZI



**MESAJE KI
ANSEYE NOU YO
JEZI DI, "ANSEYE YO TOUT SA
KE MWEN TE MONTRE NOU
YO. EPI MWEN VA TOUJOU
LA AVEK NOU, JOUSKASKE
MOND LAN KABA".**

MATYE 28:20, NVE



Jou 1

MESAJE KI ANSEYE NOU YO

NONB 16

ARAWON - PREMYE GRAN PRET LA





JOU 1 - TI ISTWA BIBLIK YO



ARAWON - PREMYE GRAN PRÈT LA - NONB CHAPIT 16

Preparasyon pou lidè istwa bibliik la

Enfòmasyon sa fèt pou ede lidè Istwa Bibliik la prepare li pou pataje istwa bibliik jou a ansanm avèk timoun ki pi piti yo. Sa mande pou lidè a li enfòmasyon sa epi repase lòt pasaj yo bay yo.

Egzòd 4:10-17 - Premye fwa kote yo te prezante nou Arawon se nan Egzòd 4 :14. La a nou jwenn kote ke Bondye ap rele Moyiz pou l' te retounen nan peyi Lejip. Bondye te itilize Moyiz kòm enstriman li pou l' te libere pèp Izrayèl nan esklavaj. Kòm Moyiz pat kwè ke li te konn pale ase pou l' te fè fas ak farawon an, li te mande Bondye pou l' te voye lòt moun. Malgre ke Bondye te di l' ke li t'ap di l' pawòl ke li te dwe di yo, Moyiz te kontinye kenbe tèt ak Li. Finalman, Bondye te reponn, "Gen Arawon, frè ou la, ki soti nan branch fanmi Levi a. Mwen konnen lang msye pa mare nan bouch li" (Egzòd 4 :14).

Se konsa, Arawon te vin sèvi kòm pòt pawòl Moyiz ke Bondye ta itilize pou di farawon peyi Lejip la pou l' te kite izrayelit yo ale.

Kisa yon levit ye? – Nan vèsè 14, Bondye di ke Arawon se yon levit. Levit yo te soti nan branch fanmi Levi, youn nan douz tribi Izrayèl. Jakòb ki te pote non Izrayèl te genyen douz pitit epi yo chak te fòme yon tribi ki pou eritye yon pati nan Tè Pwomès la. Levit yo pat resevwa yon pòsyon tè (wè Jozye 13 :14). Nan sans sa a, Bondye te chwazi yo pou sèvi li epi gide izrayelit yo espiyèlman, ak plizyè lòt bagay ankò (wè 1 Wa 8 :4, Esdras 2 :70). Tout prèt yo se te levit, men se pa tout levit yo ki te prèt.

Egzòd 12 - Arawon ki te yon levit te vin konvèti an premye Gran Sakrifikatè, oubyen lidè prèt yo. Arawon ak lòt sakrifikatè ki ta swiv li yo ta vin responsab pou ede anseye pèp la pou adore ak obeyi kòmandman Bondye yo. Youn nan premye leson ke Arawon te dwe anseye pèp la se te osijè de pak la. Istwa premye pak la twouve li. Izrayelit yo, pèp Bondye a te esklav nan peyi Lejip. Kòm esklav, yo te anba move tretman lidè izrayelit yo, farawon an. Konsa, yo te mande Bondye pou l' te delivre yo, epi Li te tande yo! Bondye te chwazi Moyiz pou ale devan farawon an epi mande l' kite yo ale. Farawon an pat kite pèp Bondye a ale; kòm rezilta, moun peyi Lejip yo te resevwa plizyè malè (Egzòd 7-10). Konsa, dènye avètisman an te rive: farawon an te dwe kite pèp Bondye a ale oubyen okontrè, tout premye ne nan peyi Lejip yo ta dwe mouri. Pou evite malè a, Bondye te voye Moyiz ak Arawon pou enstwi izrayelit yo nan sa ki gen pou wè ak soupe espesyal la epi pase san animal ke yo te manje a sou lento pòt kay yo.

"Jou lannwit sa a, m'ap pase nan tout peyi Lejip la, m'ap touye tout premye pitit gason ak tout premye pitit bèt yo ki nan peyi a. M'ap regle tout bondye peyi Lejip yo. Se mwen menm ki Seyè a. San nou pase sou pòt yo va make kay kote nou ye a. Lè m'a wè san an, m'a sote kay nou. Konsa, lè m'ap frape peyi Lejip la, chatiman an p'ap tonbe sou nou tou" (Egzòd 12:12-13).

Depi jou sa, travay Gran Prèt la se te anseye izrayelit yo selebre fèt la chak ane epi konsa, sonje kòman Bondye te libere yo anba esklavaj.

Lòt pasaj enpòtan yo pou repase

- Egzòd 28:15-30 – Pwatin nan
- Egzòd 29 - Levit yo te apa kòm sakrifikatè pou sèvis Seyè a
- Levitik 7 – Prepare sakrifikatè yo pou yo sèvi Seyè a
- Nonb 1:48-53 - Levit yo la pou yo pran swen sanntye kontra Seyè a
- Nonb 18:1-7 – Responsablite sakrifikatè ak levit yo

Istwa a – Otorite Arawon kòm Mesaje Bondye a anba defi-Nonb 16 apre depasman an, moman ke Bondye te sove izrayelit yo anba esklavaj nan peyi Lejip, Li te mennen yo nan tè ke Li te pwomèt yo a. Sepandan, izrayelit yo pat mete konfyans yo nan Bondye ase pou yo te kwè ke Li ta kapab mennen yo rive nan tè pwomès la san malè pa rive yo. Mank lafwa izrayelit yo te lakòz dezobeyisans epi sa te lakòz yo pase 40 lane nan dezè a ap fè pelerinaj.

Viv nan dezè se pat yon bagay ki te fasil, men Bondye te pran responsablite li pou bay manje, dlo ak rad; epi Li te pran swen yo. Pandan pèp Izrayèl la te nan dezè a, Bondye te chwazi yon nonm ki te rele Arawon pou sèvi li kòm mesaje espesyal. Bondye te vle pou Arawon te anseye pèp Izrayèl la kòman pou yo konnen ak obeyi Bondye epi viv yon pi bon lavi. Men genyen anpil moun ki pat vle koute Arawon. Yo te prefere chwazi pwòp lidè pa yo epi fè sa yo te pi pito.

Kisa nou te aprann nan istwa jodi a?

Izrayelit yo te pase anpil ane ap fè pelerinaj nan dezè a paske yo pat mete konfyans yo ni obeyi Bondye. Epi malgre ke Bondye te kontinye pran swen yo epi ba yo manje ak rad, anpil nan yo pat vle obeyi ak koute Mesaje a, Arawon.

Di timoun yo – Lè yon moun envite Jezi vin viv nan kè li, moun nan pwomèt pou li obeyi Jezi ak ansèyman li yo. Men, gen kèk moun ki pa obeyi Jezi. Genyen kèk moun ki panse yo konn plis bagay pase Jezi epi yo refize koute mesaj ak mesaje ke Bondye voye pale avèk yo a.

Mande timoun yo – Èske nou panse Jezi renmen nou epi vle sa ki pi bon pou nou? (Bay timoun yo chans pou yo reponn.)

Di timoun yo – Wi! Jezi renmen nou epi li vle sa ki pi bon pou nou! kidonk, lè nou tante pou nou fè yon bagay ke nou konnen ke Jezi pa vle nou fè li, sonje ke Jezi renmen nou epi li sèlman vle sa ki pi bon an pou nou. Si Jezi pa vle nou fè yon bagay, se paske li konnen ke li pap bon pou nou epi li kapab deranje lòt moun.

Di timoun yo – Arawon se te yon antrenè ke Bondye te voye pou anseye pèp Bondye a osijè de lanmou ak plan li yo pou lavni. Jounen jodi a, Bondye voye plizyè antrenè espesyal pou ede nou konprann lanmou Bondye epi pou anseye nou obeyi ak resevwa benefis Li yo.

Mande timoun yo – Èske nou konnen kèk antrenè tankou sa yo? Kilès moun k'ap anseye nou sou lanmou ak plan ke Bondye genyen pou nou pandan semèn sa?

TI MESJAE POU JEZI YO

MESAJE POU JEZI



JOU 1 - TI VÈSÈ POU APRANN YO



JOU 1 - VÈSÈ POU APRANN - MESAJ NAN KÈ M NAN - MATYE 28:20

Ti Mesaje Pou Jezi yo - Vèsè Pou Aprann Analiz Jeneral ak enfòmasyon Pou Lidè Mesaj nan kè m nan Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip li yo. Lè pitit Bondye yo gade Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk direksyon ak lanmou Bondye a. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj Bondye a pou yo kapab vin mesaje Bondye devan mond lan!

Jou 1 - Ti mesaje pou Jezi yo - Vèsè pou aprann - Matye 28:20

Premye tèm jodi a nan Mesaje Pou Jezi yo se Mesaje Ki anseye nou yo. Lide a se ede timoun yo konprann ke Bondye genyen yon mesaj espesyal pou yo epi Li chwazi mesaje yo pou vin Antrenè epi konsa ede yo konnen Jezi. Lè timoun yo aprann atravè mesaj espesyal sa yo sou kilès Jezi ye ak fason Li vle pou yo viv, timoun yo kapab chwazi obeyi ansèyman Bondye yo. Lè sa fèt, timoun yo demontre yon konfyans ak lafwa nan Jezikris k ap kontinye grandi. Vèsè pou aprann nan premye jou a pral sèvi pou ranfòse tèm sa.

Matye 28 :20 se yon pati nan yon mesaj ki pi long ki pote non Gran Komisyon. Jezi te pale ak disip li yo yon dènye fwa avan ke li te monte nan syèl bò kote Papa a. Pou ede timoun yo konnen kilès ki te ban nou kòmandman sa, nou ajoute fraz ki di "Jezi di" kòm entwodiksyon vèsè jodi a.

Matye 28:20 - Jezi di, "Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè."

Li vèsè pou aprann Jou 1 an ansanm avèk timoun yo. Esplike yo ke vèsè sa fè pati Gran Komisyon an. Se yon kòmandman ke Jezi bay pou tout disip li yo, menm yo menm tou. Itilize siyal ak mouvman ki anba yo pou w' ede timoun yo aprann vèsè sa. Pòsyon vèsè sa pou timoun ki pi piti w yo se yon vèsyon ki redwi nan vèsè pou aprann ki nan Mesaje Pou Jezi yo. Vèsè a te divize fè twa pati.

PATI 1 - JEZI DI (ITILIZE LANGAJ SIY).



**PATI 2 - MONTRE YO POU YO OBSÈVE
(OUVÈ MEN W' YO POU W' REPREZANTE BIB LA).**



PATI 3 - TOUT SA MWEN TE BAN NOU LÒD FÈ (OUVÈ DE BRA W' BYEN LA).





JOU 1 - TI FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA YO



NON -----

JOU 1 - TÈM MESAJE KI ANSEYE NOU YO

**JOU 1 - TI MESAJE POU JEZI YO -
FOKIS SOU LAPRIYÈ**

Chè Jezi,
Ede m konnen w pi byen.
Ede m aprann obeyi
MESAJE w yo.

JOU 1 - BAZ BIBLIK

Istwa biblik premye jou a se osijè de Arawon, li menm ki te premye gran prèt la. Bondye te chwazi Arawon pou ede nan ansèyman izrayelit yo osijè de kilès ke Bondye te ye ak fason Li te vle pou yo viv. Otorite Arawon an te soti nan Bondye.

44 M'ap mete tant Randevou a apa pou sèvis mwen. M'ap fè menm bagay la tou pou lòtèl la. M'ap mete Arawon ak pitit gason l' yo apa pou mwen pou yo ka sèvi m' prèt. 45 M'ap rete nan mitan pèp Izrayèl la, se mwen menm ki va Bondye yo. 46 Y'a konnen se mwen menm ki Seyè a, Bondye yo a, se mwen menm ki te fè yo soti kite peyi Lejip pou m' te kapab rete nan mitan yo. Se mwen ki Seyè a, Bondye yo a. (Egzòd 29:44-46).

JWENN MO SA YO ANDEDAN SOUP LÈT YO.

LIS MO YO

BONDYE
SEYÈ
PRÈT
ARAWON

M	È	N	P	E	K	S	N
I	D	S	W	C	B	È	L
C	B	E	D	S	O	H	W
E	K	Y	E	L	N	P	F
P	R	È	T	E	D	I	V
M	L	K	M	I	Y	R	K
P	G	Y	A	N	E	S	D
A	R	A	W	O	N	I	K



Jou 1 - TI FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA YO




ANTRÈNMAN DISIP: FÒMASYON POU MESAJE YO

Ou kapab konvèti an yon disip Jezi. Simon Pyè vle **SWIV JEZI**. Ede Simon Pyè jwenn chemen li a atravè labirent lan pou li kapab **SWIV JEZI**.



FINI
LA



KÒMANSE
LA



Jou 1 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute mo ki manke yo.

JEZI DI, "ANSEYE _ _ TOUT SA KE
MWEN TÈ _ _ _ _ _ NOU YO."

MATYE 28:20, NVE

Jou 2

**MESAJE K AP
GIDE NOU YO**

JIJ 4 AK 5

DEBORA - PWOJET AK JIJ





JOU 2 - ANALIZ JENERAL AK SESYON ENTWODIKSYON

Byenvini: Lè w'ap akeyi timoun yo nan dezyèm jou lekòl biblik vakans mesaje Pou Jezi yo, w'ap genyen privilèj pou w' kreye yon anbyans pou yon semèn sipriz. Youn nan bon fason pou timoun yo konprann ke lekòl biblik vakans lan ap kòmanse, se nan repwodiksyon chan prensipal Mesaje Pou Jezi yo, oubyen kèk nan lòt chan ki te konpoze pou lekòl biblik vakans yo.

Salitasyon: Pran yon ti tan pou w' di timoun yo byenvini, pandan w'ap di kijan w' kontan dèske yo vini. Prezante tèt ou, prezante lidè chak departman yo, chak volontè ak manm pèsònèl yo.

Lapriyè entwodiksyon: Envite Kris nan lekòl biblik ou a atravè lapriyè pandan w'ap kòmanse chak sesyon. Bat pou chak swa se yon moun diferan ki fè lapriyè sa.

Tèm ak fondman biblik Mesaje pou Jezi yo: Prezante tèm prensipal lekòl biblik la. Di timoun yo ke semèn sa yo pral aprann osijè de plizyè mesaje diferan ke Jezi itilize yon fason pou ede yo aprann plis de Li, epi kòman yo menm tou yo kapab vin tounen mesaje pou Jezi. Sa se pral yon moman espesyal tou pou prezante yo pasaj bibliki ki pral itilize kòm fondman mesaje Pou Jezi yo, 2 Korentyen 5:20a, "Konsa, nou se anbasadè pou Kris".

Tèm jounalye ak baz bibliki: Pataje tèm Jou 2 avèk timoun yo ki di: Mesaje K Ap Gide Nou Yo, menm jan ak baz bibliki jou 2 ki se: Debora - Pwofet ak Jij.

Adorasyon atravè kantik: Apre w' fin prezante tèm jounalye a avèk baz bibliki la, sa se yon moman espesyal pou w' fè timoun yo louwe ak adore. Tou depann de kantite tan ke w' genyen, si w' chante de kantik mesaje pou Jezi yo ansanm ak timoun yo se ap yon bon fason pou w' ede yo santi yo kontan nan kòmansman lekòl bibliki la.

Sketch pou entwodiksyon an:

Pran yon ti tan pou w' prezante sketch entwodiksyon an pandan w'ap fè lekti sa: Mesaje Jezi yo genyen yon mesaj byen enpòtan pou nou jodi a. Yo vle rakonte nou kilès Jezi ye ak pou ki rezon ke Li vle pou nou chak vin tounen mesaje pou Li tou. Nan chak sesyon lekòl bibliki la, n'ap konnen youn nan mesaje Jezi yo epi nou pral tandè mesaje ke yo chak te resevwa lòd pou bay. Mesaje Jezi yo travay anba kontwòl Katyemèt, li menm ki la pou distribye sèvis bay mesaje pou Jezi yo. Lè genyen yon mesaj enpòtan ki dwe anonse, sèvis mesaje pou Jezi yo pa genyen konparezon. Jodi a nou pral rekonèt Katyemèt la ak yon mesaje pou Jezi ki rele Ti chocho. Ann swiv Katyemèt la ak Paskal avèk anpil atansyon pou nou kapab aprann plis osijè de mesaj enpòtan ke yo genyen pou bay jounen jodi a.

Pwojè Ofrann Misyònè: Prezante pwojè Ofrann misyonè Timoun yo ki gen pou wè ak ane sa. Ou kapab pwofite moman sa pou w' ranmase ofrann ke timoun yo te pote yo.

Konklizyon sesyon entwodiksyon an: Avan w' voye timoun yo al pran plas yo nan departman lekòl bibliki la, fè yo chante youn nan kantik Mesaje pou Jezi yo yon lòt fwa ankò, ofri yon lapriyè envokasyon, oubyen fè tou de bagay yo.

JOU 2 - SKETCH ENTWODIKSYON



JOU 2 - SKETCH ENTWODIKSYON - TI CHOCHO - MESAJE POU JEZI!

Sketch entwodiksyon pou Mesaje Jezi yo te kreye nan lide pou prezante tèm ak istwa bibliik jounalye yo bay timoun yo. Yo pral sèvi tou pou fè timoun yo patisipe nan chak evènman. Paj obsèvasyon jeneral ak sesyon entwodiksyon an, ni nan gid direktè tankou nan gid lidè a, genyen yon entwodiksyon pou chak sketch. Li entwodiksyon sa anvan chak sketch.

Prepare Sèn Nan

Chak sketch--entwodiksyon ak konklizyon—pran plas nan Biwo Kòmandman Santral Sèvis pou Remisyon mesaje Pou Jezi yo. Se Katyemèt k'ap dirije kalite sèvis sa epi l'ap sèvi pou bay mesaj enpòtan ki soti nan Jezi yo. N'ap toujou jwenn Katyemèt la k'ap travay di dèyè biwo Kòmandman Santral la. Se la n'ap resevwa tout mesaj enpòtan yo.

Sketch Entwodiksyon

Nan kòmansman Jou 1, Katyemèt la byen okipe nan travay li nan Kòmman Santral la lè li tande son yon mesaj ki antre pou li anonse (chwazi yon son ki pou sèvi pou reprezante alam Sèvis mesaj ki antre yo; li kapab son telefòn ou oubyen nenpòt kalite son ki kapab kapte atansyon timoun yo). Alam nan ap fè Katyemèt la konnen ke li resevwa yon mesaj enpòtan. Katyemèt la reponn alam nan.

Katyemèt – (Li ta bon pou Katyemèt la ta genyen kas, men w'ap kapab itilize nenpòt kalite telefòn. Sèn nan kòmanse yon fwa Katyemèt reponn apèl la lè li fin tande son alam nan). W'ap kominike avèk Sèvis Remisyon Mesaje pou Jezi yo. Mesaj ou a se pi gwo priyorite nou. Se Katyemèt la k'ap pale avèk ou la, kòman mwen kapab ede w'? (Katyemèt la dwe koute moun k'ap pale nan lòt liy nan avèk anpil atansyon). Wi, mwen konprann. (Katyemèt la dwe ekri mesaj la nan yon kaye oubyen, nan yon òdinatè). Sa se tout? Trè byen. Mwen pral voye mesaj sa kounye a. Mwen genyen moun ki ka fè travay sa byen (Katyemèt la mete fen ak apèl la apre sa li pale avèk Ti chocho. Ou kapab fè Katyemèt la itilize menm telefòn nan oubyen li kapab itilize lòt mwayen ki sèvi pou sistèm kominikasyon entèn). Atansyon, Ti chocho. Tanpri, peye prezans ou nan Kòmman Santral la.

Ti Chocho – (Ti Chocho antre nan sèn nan. Li pete yon gwo kous kouri alantou sèn nan. Li kontinye fè sa yon fason pou Katyemèt la obsève li)

Katyemèt – Ti Chocho, bese revolisyon yo, (Ti Chocho ralanti sou vitès li a epi li ale kanpe devan biwo kòmman santral la). W ap fatige depi avan mwen ba ou mesaj ke m dwe ba w pou w al bay la.

Ti Chocho – Padon. Se paske mwen kontan anpil lè m tande yo rele mwen. Èske w genyen yon mesaj enpòtan pou w bay?

Katyemèt – Se konsa Ti Chocho. Epi se yon mesaj ki difisil pou bay.

Ti Chocho – Kisa sa vle di ke se yon mesaj ki difisil pou bay?

Katyemèt – Li difisil pou bay paske sa mande pou w ale yon kote ke w pat janm konn ale epi fè yon bagay ke w pat janm konn fè avan.

Ti Chocho – Mwen enterese epi yon tikras pè. Di mwen plis bagay.

Katyemèt – Ta sanble ke genyen yon gwoup rat ki pèdi nan tèritwa chat yo.

Ti Chocho – Ou sot di tèritwa chat yo? (Vwa Ti Chocho demontre dezespwa ak lapèrèz.)

Katyemèt – Wi, se sa menm mwen sot di.

Ti Chocho – Men...Men...Kote sa plen ak chat wi. Epi dènye fwa mwen te obsève yon bagay konsa, chat yo avèk rat yo pa zanmi non. Rat sa yo dwe nan gwo danje.

Katyemèt – Egzakteman. Se sa ki lakoz ke sa se yon mesaj ki difisil pou bay. Epi se rezon sa ki fè mwen rele w Ti Chocho..



JOU 2 - SKETCH ENTWODIKSYON

Ti Chocho – Mwen menm? Poukisa?

Katyemèt – Mwen rele w paske mwen konnen ke w se yon mesaje ki genyen kouraj nesèsè pou ale kote w pat janm konn ale avan epi, si sa nesèsè, fè yon bagay ke w pat janm konn fè avan.

Ti Chocho – Èske w sèten de sa, Katyemèt? Petèt ou kapab konfonn mwen ak lòt mesaje.

Katyemèt – Non. Ou se mesaje ki espesyal pou bay mesaj sa. Èske w te konn tande pale de Debora kèk fwa nan Bib la?

Ti Chocho – Debora? Non. Mwen kwè ke mwen poko janm tande pale de li. Kilès li te ye?

Katyemèt – Debora te viv nan tan lontan. Li te yon izrayelit. Izrayelit yo se pèp ke Bondye te chwazi. Men pafwa, menm jan avèk rat sa yo nan tèritwa chat yo, yo te konn pèdi.

Ti Chocho – Yomenm tou yo te konn pèdi nan tèritwa chat yo?

Katyemèt – Non. Yo te konn pèdi lè yo te bliye sa Bondye te anseye yo a. Malerezman sa se yon bagay ki pase souvan. Lè sa te konn pase konsa, Bondye te konn toujou rele yon moun ke li fè konfyans pou ede yo retounen vin jwenn Li. Epi nan youn nan okazyon sa yo, Li te chwazi Debora pou gide yo.

Ti Chocho – Ki kalite pwoblèm Izrayelit yo te rankontre?

Katyemèt – Yo te rankontre ak yon wa mechan ki te rele Jaben. Lè izrayelit yo te vire do bay Bondye, yo te tonbe anba men Jaben pandan 20 ane. Epi Jaben se te yon wa ki te mechan anpil.

Ti Chocho – Kisa izrayelit yo te fè lè sa?

Katyemèt – Finalman yo te rann yo kont ke yo te pèdi epi yo te mande Bondye sekou.

Ti Chocho – Ebyen èske se aokz de sa ke Bondye te rele Debora pou ede yo?

Katyemèt – Wi.

Ti Chocho – Debora te dwe yon lidè ki te gen anpil eksperyans ak fòmasyon.

Katyemèt – Non. Debora pat genyen fòmasyon pou l te vin lidè. Men li te genyen yon bagay ki te menm plis enpòtan. Li te renmen Bondye epi mete konfyans li nan Li. Li te konnen ke si li koute ak obeyi lòd Bondye yo, li t'ap kapab mete pèp Izrayèl la an sekirite.

Ti Chocho – Epi se sa ke w bezwen mwen fè pou rat sa yo ki nan tèritwa chat yo?

Katyemèt – Se sa li ye menm, Ti chocho. Mwen kwè ke w se mesaje ki pafè pou travay sa. Mwen vle pou w pran fòs epi vyan pou w ale nan tèritwa chat yo. Jwenn rat sa yo epi fè yo jwenn sekirite yo. Èske w kapab fè sa?

Ti Chocho – Mwen kwè ke mwen kapab fè li (Ti Chocho manmote, men konfyans li kòmanse grandi). Mwen poko janm ale nan tèritwa chat, ni gide yon gwoup rat, men kòm ou kwè nan mwen, mwen kwè ke m ap kapab fè li.

Katyemèt – (Gade timoun k ap koute yo). Èske nou kwè ke Ti Chocho ap kapab reyalize misyon sa? (Ankouraje timoun yo reponn pozitivman). Yo menm tou, yo kwè nan ou, Ti Chocho.

Ti Chocho – Mèsi pou konfyans ou mete nan mwen, Katyemèt (Ti Chocho gade timoun yo). Epi mwen di nou tout mèsi, timoun yo! m ale! (Ti Chocho kite sèn nan ak yon gwo kous kouri))

Lidè – Lè nou retounen yon lòt moman, nou pral pale ak Katyemèt la ak Ti Chocho pou nou konnen si li te fè siksè.

JOU 2 - SESYON KONKLIZYON/SKETCH KONKLIZYON



SESYON KONKLIZYON

Byenvini: Lè timoun yo retounen pou sesyon konklizyon an, mande lidè mizik ou a pou l' fè timoun yo chante youn nan chan Mesaje pou Jezi yo.

Salitasyon: Di timoun yo byenvini yon lòt fwa ankò. Pran yon ti moman pou w' repase istwa bibliik Jou 2 a ansanm avèk timoun yo: Debora-Pwofèt ak Jij. Poze timoun yo kèk kesyon ki enpòtan sou leson an. Ou kapab mande youn nan timoun yo resite vèsè memwa Jou 2 a, Ebre 13:7, oubyen tèm Jou 2 a: Mesaje ki gide nou yo.

Sketch Konklizyon An: Prezante sketch konklizyon an (aprè sa) li sa: pandan tout semèn sa, n ap swiv evènman Sèvis Remisyon Mesaj pou Jezi yo. Se la n'ap jwenn katyemèt la ak mesaje li yo, yo menm k'ap akonpli apèl yo kòm mesaje pou Jezi. Dènye fwa ke nou te wè Ti Chocho, li te sou wout pou l ale chèche yon kolonn rat ki te pèdi nan tèritwa chat yo. Ann prete atansyon nou ak Katyemèt la pou nou konnen si li te fè siksè nan mesaj li a.

Pwojè Ofrann Misyone: Ankouraje timoun yo pale ak zanmi ak fanmi yo osijè de sa yo te aprann sou pwojè Ofrann Misyone Timoun k'ap atenn lòt Timoun yo.

Fen Sesyon Konklizyon An: Pi bon fason pou nou mete fen ak yon sware lekòl bibliik se pandan n'ap chante yon kantik. Aprè kantik la, pran yon ti tan ankò pou w' pataje tèm nan ak leson kle ki te anseye yo ansanm ak timoun yo pandan jounen an. Fè pase nenpòt anons enpòtan ni pou timoun yo tankou lidè yo. Mete fen pa mwayen lapriyè.

JOU 2 - SKETCH KONKLIZYON - TI CHOCHO - MESAJE POU JEZI!

Sketch konklizyon mesaje pou Jezi yo fèt nan lide pou ede timoun yo repase tèm nan, istwa bibliik ak lòt eleman yo ak leson enpòtan chak jou yo. Sesyon konklizyon pou lekòl bibliik chak jou a twouve li ni nan gid direktè a menm jan ak nan gid Lidè a ki genyen yon entwodiksyon ki dwe li avan chak sketch konklizyon.

Prepare Sèn Nan

Chak sketch chak jou yo dwe fèt nan Biwo Kòmman Santral Sèvis Remisyon Mesaje Pou Jezi yo. Sèvis remisyon sa yo sou responsablite Katyemèt la epi li la pou bay mesaj ki enpòtan pou Jezi yo. Nan Kòmmanman sketch konklizyon jou 2, Katyemèt la byen okipe nan travay Kòmman Santral la, lè Ti Chocho retounen pou remèt mesaj Jezi a.

Sketch Konklizyon An

Ti Chocho - (Ti Chocho antre nan sèn nan ak tout vitès. Katyemèt la pale byen fò pou atire atansyon li).

Katyemèt - Mwen wè ke w retounen vin remèt mesaj la, Ti Chocho.

Ti Chocho - (Redwi sou vitès li epi mache rive devan Biwo Kòmman Santral la; aprè sa li reponn avèk yon vwa emosyon) Wi, se konsa menm!

Katyemèt - Sanble ke tout bagay byen pase.

Ti Chocho - Wi! Se te yon eksperyans enpresyonan.



DAY 2 - SKETCH KONKLIZYON

Katyemèt - Yon eksperyans enpresyonan? Ou te ale nan tèritwa chat yo, se vre?

Ti Chocho - Se konsa menm. Se yon kote tèt chaje wi!

Katyemèt - (Kontinye pale ak yon ton kiryozi) Kote a plen ak chat, se vre?

Ti Chocho - Wi, men genyen yon bagay enpresyonan ki te rive.

Katyemèt - Kisa ki te rive?

Ti Chocho - Lè mwen rive nan tèritwa chat yo mwen rankontre ak rat ki te pèdi yo epi yo ta pral fè fas ak yon sityasyon difisil, yo te rann yo kont ke yo te bezwen èd Jezi.

Katyemèt - Èske w te pè?

Ti Chocho - Mwen te sezi anpil! Men mwen te byen deside pou m bay mesaj la epi gide rat yo ale nan yon kote ki an sekirite.

Katyemèt - Epi kisa ki te rive?

Ti Chocho - Lè mwen te pwoche bò kot rat yo, mwen te rann mwen kont ke yo t ap priye. Lè yo te rann yo kont ke yo te pèdi epi yo te an fas ak yon sityasyon difisil, yo te santi yo te bezwen èd Jezi.

Katyemèt - Èske Jezi te reponn lapriyè yo?

Ti Chocho - Wi, li te fè li. Jezi te bay rat sa yo avèk mwen fòs pou nou te fè fas ak chat yo. Lè nou te fè sa, genyen yon bagay enpresyonan ki te pase. Tout chat yo te tonbe dòmi.

Katyemèt - Dòmi?

Ti Chocho - Ta sanble ke genyen yon kamyon lèt ki te rive nan vil la inèd tan avan ke rat yo te rive. Tout chat yo te genyen vant yo plen ak lèt tyèd. Lèt la, melanje ak klima cho ak lè solèy la te lakòz dòmi nan je, se konsa yo te tonbe dòmi byen pwofon.

Katyemèt - Epi kisa nou te fè?

Ti Chocho - An premye, nou te di Jezi mèsi.

Katyemèt - E aprè?

Ti Chocho - Mwen te mennen rat yo yon kote ki an sekirite, byen lwen tèritwa chat yo.

Katyemèt - Mwen tèlman kontan dèske sa te byen pase. Mwen kontan paske w te mete konfyans ou nan Jezi ak ministè w pou lavi w. Jezi te itilize w kòm youn nan mesaje li yo pou gide rat sa yo rive yon kote ki an sekirite (li kontinye pale ak Ti Chocho, men li gade timoun yo). Kisa w panse, Ti Chocho? Petèt Bondye vle itilize timoun sa yo pou gide lòt moun atravè yon sityasyon difisil, pa vre?

Ti Chocho - Mwen kwè ke w genyen rezon, Katyemèt (Ti Chocho ak Katyemèt la te gade youn lòt, pandan yo t'ap asiste).

Lidè - Kisa nou remake, timoun yo? Èske nou kwè ke Jezi kapab itilize kèk pami nou pou ede yon moun fè fas ak yon sityasyon difisil? (Ankouraje timoun yo reponn pozitivman.)

JOU 2 - ISTWA BIBLIK



DEBORA - JIJ AK PWOËT - JIJ, CHAPIT 4-5 - YON PREMÈ POU BONDYE!

Preparasyon Pou Lidè Istwa Biblik La

Enfòmasyon sa fèt pou ede lidè istwa biblik la prepare li pou pataje istwa jou a ansanm avèk timoun yo. Sa mande pou lidè a li enfòmasyon sa epi repase pasaj yo sigjere yo.

Jij 4:1-3 - Nan Ansyen Testaman, byen souvan nou li osijè de plizyè okazyon kote izrayelit yo te bliye direksyon ak esperans Bondye, epi yo te dezobeyi li. Bib la di ke yo te fè sa ki mal nan je Seyè a. Se sitiyasyon sa ki te nan kòmansman chapit 4 liv Jij yo. Konsekans lan se ke Izrayèl te tonbe anba men youn nan lènmi li yo, wa mechan kanaran, Jaben. Wa Jaben te gouvènè izrayelit yo pandan 20 ane, jouskaske finalman izrayelit yo te mande Bondye sekou. Kòm repons lapriyè yo, Bondye te leve yon jij ki te rele Debora.

Kilès Jij Yo Te Ye? - Avan ke Izrayèl te genyen pwòp wa yo, Bondye te rele kèk moun sou non jij pou gide pèp la nan moman difikilte yo. Jedeyon avèk Samson se lòt jij ki byen popilè ki te ede pèp izrayèl la jwenn libète anba opresyon.

Debora, katriyèm wa peyi Izrayèl la, se te premye fanm ki te mansyone nan Bib la avèk responsablite sa. Debora ansanm avèk yon lòt fanm ki te rele Jayèl te ede pèp Izrayèl la pote laviktwa. Istwa Debora demontre kòman Bondye kapab fè objektif li yo reyalize atravè nenpòt moun ki prè pou sèvi li. Ministè Debora, avèk pouvwa Bondye, te ede li vin yon nimewo en.

Istwa-Debora-Yon Premye Pou Bondye - Jij 4:6-24

Debora te yon jij nan peyi Izrayèl. Pèp la te vini devan Debora pou rezoud pwoblèm diskisyon yo. Pandan tan sa, te genyen yon wa etranje ki rele Jaben ki te vin domine pèp Izrayèl la. Jaben te soti yon kote ki rele Kanaran, epi li te maltrete pèp Izrayèl la anpil. Pèp Izrayèl la te pase 20 ane anba dominasyon wa mechan sa ki se Jaben. Izrayelit yo te rann yo kont ke yo te bezwen èd Bondye, konsa, yo te rele Bondye nan lapriyè. Bondye te reponn yo lè li te voye Debora pou gide Izrayelit yo epi libere yo anba kontwòl Jaben.

Li Jij 4:6-7, NVE

Debora te di asistan li a Barak konsa, ke Bondye te vle pou l ede izrayelit yo. Men, Barak di ke li pa ta vle ale san Debora, epi li te mande Debora pou l te akonpanye li. Bib la pa di nou rezon ki te fè l mande l sa, men lè nou baze nou sou sa Debora te di a, se klè ke sa pat fè Bondye plezi.

Li Jij 4:9-10, NVE

Sisara se te chèf lame wa Jaben an. Lame Sisara te genyen 900 charyo, ki te egal ak yon cha degè nan moman sa. Cha yo te kapab kraze nenpòt liy defans lènmi an, epi akòz de vitès li, li te difisil pou yo te frennen li. Yon sòlda nan yon cha te genyen twa fwa fòs yon nonm ki a cheval, epi plis pase yon sòlda ki a pye. Sa te lakòz ke lame Sisara te gen anpil pwisans.

Li Jij 4:14-16

Malgre lame Jaben an te detwi, Sisara te rive chape poul li. Men Sisara pat kapab chape anba pouvwa Bondye. Sisara te kouri antre nan tant yon fanm ki te rele Jayèl. Epi se la menm, pwofesi Debora te vin tounen reyalyte (Li Jij 4:9, NVE).

Jayèl te envite Sisara vin kache nan tant li a epi li te ba li yon ti lèt pou li bwè. Sisara ki te panse li an sekirite, li te kouche dòmi epi jwenn destriksyon li. Sa te akonpli pwofesi Debora epi li te bay pèp Izrayèl la viktwa ak libète.



JOU 2 - ISTWA BIBLIK

"Jou sa a, Bondye te fè Jaben, wa peyi Kanaran an, bese tèt devan pèp Izrayèl la. Moun pèp Izrayèl yo pran maltrete Jaben, wa peyi Kanaran an, jouk yo touye l." (Jij 4:23-24)

Kisa Nou Te Aprann Nan Istwa Biblik Jodi A?

Mande Timoun Yo - Èske nou te pèdi yon fwa? (Kite timoun yo pataje eksperyans yo sou kijan yo te pèdi).

Di Timoun Yo Konsa - Lè nou te pèdi a oubyen lè nou te twouve nou kote nou pat janm konn al vizite avan an, èske nou te bezwen yon moun ki pou ede nou jwenn chemen pou ale kote nou vle rive a, pa vre? Se yon bagay konsa ki te rive Izrayelit yo nan istwa jodi a. Izrayelit yo te pèdi menm jan avèk kèk nan nou te pèdi nan istwa nou sot pataje yo, men yo te pèdi paske yo te bliye konbyen Bondye te renmen yo ak kòman li te pwoteje yo nan peyi Lejip ak dezè a. Yo te bliye koute ak obeyi. Nan yon ti tan ki tou kout, yo pat renmen ni obeyi Bondye, epi yo te fè bagay ki ofanse Bondye ak lòt moun. Kòm rezilta, yo te tonbe anba dominasyon yon wa mechan ki te rele Jaben.

Mande Timoun Yo - Kisa izrayelit yo te fè lè yo te rann yo kont ke yo te pèdi epi bezwen Bondye? (Repons: Yo te rele Bondye nan lapriyè).

Mande Timoun Yo - Kimoun Bondye te itilize pou mete yo an libète? (Repons: Debora).

Di Timoun Yo - Avan ke pèp Izrayèl la te genyen pwòp wa yo, Bondye te itilize kèk moun sou non jij pou ede ak gide yo. Debora se te yon jij.

Mande Timoun Yo - Jounen jodi a nou genyen jij. èske yon moun kapab di mwen kisa jij yo fè pou nou jodi a? (Kite timoun yo reponn).

Di Timoun Yo - Debora, kòm jij Ansyen Testaman, li te fè anpil nan bagay sa yo pou pèp Izrayèl la. Lè yo te genyen pwoblèm, li te ede yo jwenn bon solisyon. Men yon jij jan Debora te ye a te resevwa apèl Bondye pou gide izrayelit yo kont lènmi mechan ki t'ap pèsekite yo.

Debora te kenbe konfyans li fèm nan Bondye, epi li te konnen ke Bondye te renmen yo epi ta gen pou l libere yo anba dominasyon wa mechan sa ki se Jaben. Okontrè, lè kèk moun tankou Barak te sanble doute de mesaj Debora, li te deklare ak tout fòs li ke Seyè a ta bay izrayelit yo laviktwa sou wa Jaben ak chèf lame li a, Sisara.

Mande Timoun Yo - Èske genyen yon moun la ki konnen kisa yon premye ye? (Kite timoun yo reponn). Yon premye se yon moun ki pare pou ale kote pèsòn pat ale avan, oubyen ki pare pou fè fas ak danje a lè pèsòn pap fè li. Debora te yon premye.

Di Timoun Yo-Debora te viv nan yon epòk kote fanm yo pat konn itilize kòm lidè, men kòm li te mete konfyans li nan Bondye, Li te itilize li pou gide izrayelit yo vè yon gwo viktwa. Avèk sekou Bondye, li te premye epi ki te kreye chemen vè laviktwa nan fè fas ak lènmi an san lapèrèz. Epi lè li te rive pote laviktwa, li te bay Bondye tout glwa li.

JOU 2 - VÈSÈ POU APRANN



JOU 2 - VÈSÈ POU APRANN - MESAJ NAN KÈ M NAN - EBRE 13:7

Lekòl Biblik Vakans Mesaje Pou Jezi - Istwa Biblik - Mesaj nan kè m nan - Analiz Jeneral ak Enfòmasyon Pou Lidè

Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip li yo. Lè pitit Bondye yo gade Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk direksyon ak lanmou Bondye a. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj Bondye a pou yo kapab vin mesaje Bondye devan mond lan!

Dezyèm tèm Lekòl Biblik Vakans lan se Mesaje Ki Gide nou yo. Lide a se ede timoun yo konprann ke Bondye te chwazi mesaje ki pou ede yo konnen Jezi. Lè Bondye rele yon moun pou vin mesaje Li, Li rele l pou l viv yon fason pou li ede lòt yo aprann osijè de Jezi. Atravè aksyon lidè a, yo menm ki dwe egzanp aksyon Jezi, timoun yo kapab wè kòman Jezi vle pou yo viv.

Ezbre 13:7 (NVE) - *“Pa bliye moun ki te konn dirije nou yo, moun ki te fè nou konnen pawòl Bondye a. Egzaminen jan yo te viv, jan yo te mouri. Pran egzanp sou konfyans yo”.*

Li vèsè pou aprann nan dezyèm jou a ansanm avèk timoun yo. Esplike yo ke vèsè sa soti nan fen chapit lèt Ebre yo. Ebre se yon lèt ki te ekri pou yon gwoup kretyen ki t'ap viv yon moman difisil. Lèt la te genyen kòm objektif, ankouraje ak prezante yo leson ki enpòtan osijè de fason ke yo dwe viv. Youn nan leson enpòtan sa yo se te pou yo kontinye viv tankou Jezi, nan obeyi Bondye epi sèvi lòt yo. Otè a te ankouraje pou yo pat sèlman sonje lidè sa yo, men tou, imite konpòtman yo, pawòl ak aksyon yo. Itilize mouvman avèk aksyon ki anba yo pou w ede timoun yo aprann vèsè sa.

**PATI 1 - PA BLIYE MOUN KI TE KONN DIRIJE NOU YO
(POZE TANKOU SI W T'AP PANSE, SONJE YON BAGAY).**

**PATI 2 - MOUN KI TE FÈ NOU KONNEN PAWÒL BONDYE A
(FÈ TANKOU W AP KENBE YON BIB KI OUVÈ NAN MEN W).**

**PATI 3 - EGZAMINEN JAN YO TE VIV
(LONJE MEN GOCH OU).**

**PATI 4 - JAN YO T AP VIV
(LONJE MEN DWAT OU).**

**PATI 5 - PRAN EGZANP SOU KONFYANS YO
(METE YON JENOU W ATÈ EPI LONJE DWÈT SOU LIDÈ LEKÒL BIBLIK OU YO).**



JOU 2 - ATIZANA

JOU 2 - ATIZANA MESAJE - SWIV PA JEZI YO!

Atizana pou jounen jodi a bay yon opòtinite pou ranfòse tèm dezyèm jou a, Mesaje ki gide nou yo. Tèm jodi a baze sou ede timoun yo konprann enpòtans swiv lidè ke Bondye chwazi kòm Mesaje li yo. Pi bon egzanp yon lidè ke Bondye te chwazi kòm Mesaje li se Jezi. Atizana jounen jodi a ap pèmèt ke timoun yo demontre avèk fyète kòman yo pral chwazi swiv ministè Jezi nan lavi yo.

Sa Ke W Ap Bezwen

Atizana pou swiv pa Jezi yo te fèt kòm bagay ki kapab modifye. Se sa ki fè, chak ministè lokal genyen plizyè opsyon sou fason li kapab mande pou timoun yo konplete atizana a.

1



Yon mak an blan e nwa oubyen ki gen tout koulè.

2



Yon tras
JEZI SE LIDÈ MWEN.

3

Sizo, adefif oubyen lakòl, ak nenpòt lòt atik pou dekore ki konsidere bon pou timoun ki nan ministè w yo.

Kòman Nou Kapab Kreye Tras Pou Swiv Pa Jezi Yo!

PA

1 Chak timoun ap bezwen yon mak, yon tras Jezi se lidè mwen, ak atik pou dekorasyon adisyonèl.

PA

2 Di timoun yo - Si Jezi se lidè lavi w, ebyen w ap bezwen swiv pa Li yo. Sa vle di ke w ap bezwen swanye lavi w menm jan ak pa Jezi a. **Mande timoun yo** - Nan ki fason nou kapab swiv pa Jezi yo? Ankouraje timoun yo pataje repons yo avèk gwoup la. Ede timoun yo bay egzanp ki soti nan Bib la.

PA

3 Mande timoun yo pou yo ekri repons pa #2 nan tras Jezi a.

PA

4 Ede timoun yo kole tras Jezi yo nan espas ki parèt nan mak yo (avèk lakòl oubyen adefif).

PA

5 Mande timoun yo pou yo ajoute koulè ak vi nan zèv atizana yo a, pandan y ap ajoute nenpòt eleman ke yo vle pou yo dekore.



JOU 2 - KOLASYON RAPID LA



BYENVINI NAN KOLASYON AN

Genyen yon anons ki kreye pou chak jou, li menm k'ap pèmèt ou ofri timoun yo yon bon manyè pou yo eksperimente lekòl biblik vakans lan. Lide sa yo kapab mande yon seri de preparasyon, men, rezilta efò w' yo ap gen anpil enpòtans pou yo. Anpil fwa, prezidan lekòl biblik yo konn ap obsève ke plas kolasyon an pa dwe pran menm kantite tan ak lòt yo. Si sa rive, melanje li ak kèk lòt sit.

Jou 2 Kolasyon – Goute Melanje

Lide goute pou jodi a se goute melanje. Ou ka fè yon melanj goute nan plizyè fason diferan, tou depann de engredyan diferan ke ou chwazi pou ou genyen ladan yo. Sepandan, nan kenbe ak sijè Mesaje nou an, isit la gen kèk sijasyon sou engredyan yon:

- * Vè jele
- * Fretzèl
- * Fwi won
- * Bonbon won
- * Bè, frèz, anana, melon, elatriye

Kijan Pou Kreye Goute Melanje a

Ou ka pre-melanje li oswa kite timoun yo kreye pwòp melanj yo. Konsidere enpresyon etikèt epi atache etikèt yo nan ti sak oswa tas ke timoun yo itilize pou kenbe ti goute melanje yo.





JOU 2 - JWÈT KADINAL

JOU 2 DIREKSYON KADINAL - SID

Jou 2 – Sid – Nan Jòb 9: 9, Jòb fè referans ak Bondye kòm Kreyatè zetwal nan syèl la. Li nonmen yon gran kantite nan zetwal yo ke li te kapab wè ak pwòp je l', men li tou mansyone zetwal ki nan zòn sid yo. John Wesley te kwè ke sa yo se zetwal ke Jòb li menm pa t 'kapab wè; men li te konnen yo egziste, lè sa a se Bondye ki te kreye yo.



Nou jwenn anpil verite sou Jezi nan istwa biblik yo. Sa yo se verite ke, menm si ou ka pa te wè yo ak pwòp je li, ou ka gen konfyans menm jan Jòb te kwè ke mesaj Bib la sou Jezi se vre.

Tèm dezyèm jou a se Mesaje ki gide nou yo. Pataje avèk timoun yo osijè de kòman Bib la plen avèk leson enpòtan sou moun tankou Moyiz, Arawon ak Debora, yo menm ki te mesaj espesyal Bondye. De tout fason, Bib la se yon mesaj ki byen espesyal ki soti nan Bondye. Lè nou li Bib la, nou aprann de lanmou Bondye ak plan li pou lavi nou. Di yo ke genyen plizyè milyon moun ki aprann de lanmou Bondye ak plan li yo pou mond lan atravè lekti nan Bib la. Ou dwe prepare w pou w pataje avèk timoun yo osijè de kòman Bib la te ede w konprann Bondye ak plan li yo pou lavi ou.

SWIV LIDÈ A-TI CHOCHO DI

Jwèt jodi a se yon varyete klasik ki koni sou non Simon Di. Objektif la se demontre enpòtans ki genyen nan swiv lidè a.

Sa ke w ap bezwen: Sa w ap bezwen an depann de kantite moun ki nan gwoup la ak laj timoun yo. Sa ki plis enpòtan se lidè a ki dwe kreyatif!

Kòman nou kapab jwe:

1. Chwazi yon moun ki pou reprezante Ti chocho (Simon). Lidè a dwe Ti chocho nan kòmansman jwèt la, men apre kèk wonn, fè yon lòt moun jwe wòl li a.
2. Ti chocho bay yon kantite lòd. Lòd yo kapab tèlman senp tankou, "Ti chocho di pou nou souri" oubyen enteresan tankou, "Ti chocho di pou nou fè bwi poul". Konsidere laj ak nivo devlopman timoun yo lè w a' decide ki lòd ou pral bay.
3. Timoun yo dwe konplete chak lòd ki kòmanse ak fraz, "Ti chocho di..." Timoun ki pa konplete lòd la nan fason sa mande a ap elimine nan jwèt la.
4. Timoun yo pa dwe konplete fraz ki pa kòmanse avèk fraz, "Ti chocho di",. Si Ti chocho bay yon lòd ki pa kòmanse nan fason sa epi genyen yon timoun ki konplete lòd la, timoun sa dwe soti nan wonn nan.
5. Kontinye pandan w ap repete pa #3 ak 4 la jouskaske rete yon sèl timoun san elimine. Y ap kapab jwe kantite fwa yo kapab toutotan ke tan pèmèt yo.

JOU 2 - ANTRÈNMAN DISIP



LEKÒL BIBLIK VAKANS MESAJE POU JEZI YO -

ANTRÈNMAN DISIP - ANALIZ JENERAL AK ENFÒMASYON POU LIDÈ ANTRÈNMAN POU MESAJE YO

Nan Matye 28 :19, Jezi te di disip Li yo konsa, "Se pou nou ale epi fè disip nan tout nasyon yo". Sa a se yon apèl k'ap kontinye jouk jounen jodi a. Etan ke lidè depatman antrènman nan fòmasyon Pou Mesaje yo, w'ap gen privilèj pou w' reponn ak apèl Jezi a pandan w'ap ede timoun lekòl bibliki yo grandi kòm disip Jezi, pandan y'ap konvèti an mesaje Jezi. Pandan dezyèm jou a, timoun yo pral aprann rezon ki fè li enpòtan pou yo imite Jezi.

Premye chapit liv Mak la genyen plizyè egzanp Jezi k ap montre kijan disip li yo dwe imite li. Apre sa, w ap jwenn twa egzanp ke timoun yo kapab itilize pou imite Jezi.



IMITE JEZI: EDE MOUN KI MALAD YO

Li Mak 1:29-34 - **Di timoun yo** - Jezi te demontre lanmou ke Li te genyen pou lòt yo lè li te pran swen moun ki te malad yo. **Mande timoun yo** - Èske genyen kèk nan mitan nou la ki rekonèt kèk moun ki malad? (Kite timoun yo reponn). **Di timoun yo** - Jezi te genyen pouvwa pou li geri malad yo. Sa vle di ke Jezi te kapab retire maladi yo epi fè yo vin miyò. Petèt nou menm nou pa kapab geri malad yo menm kote a menm jan avèk Jezi, men nou kapab ede moun malad yo santi yo miyò. **Mande timoun yo** - Kisa nou kapab fè pou nou ede moun ki malad yo santi yo miyò? (Kite timoun yo jwenn chans pou yo reponn).

IMITE JEZI: NAN LAPRIYÈ

Li Mak 1:35 - **Di timoun yo** - Youn nan bagay ki te plis enpòtan ke Jezi te anseye disip li yo se te osijè de enpòtans lapriyè genyen. Byen souvan Jezi te chèche kote ki apa pou l te pase tan nan lapriyè. **Mande timoun yo** - Èske kèk moun la kapab di kèk moman ki pi bon pou priye? Nenpòt moman bon pou lapriyè. Nou kapab priye lè nou pè. Nou kapab priye lè kè nou kontan. Nou kapab priye pou yon moun ki malad. Nou kapab priye lè yo bezwen èd epi nou kapab priye pou yon moun ki bezwen sekou.

IMITE JEZI: PATAJE BON NOUVÈL JEZI A

Li Mak 1:38 - **Mande timoun yo** - Èske yon moun la kapab di mwen kisa pataje Bon Nouvèl Jezi a vle di? (Pèmèt timoun yo gen chans pou yo reponn). **Di timoun yo** - Pataje Bon Nouvèl Jezi a vle di pale ak lòt yo osijè de Jezi. Li vle di tou, rakonte yo tou ke se Jezi ki te kreye yo epi li renmen yo. Sa genyen ladan li tou kòmman Jezi t al mouri sou kwa pou peche nou yo ak kòmman nou kapab envite Jezi vin viv andedan kè nou. Pataje Bon Nouvèl Jezi a genyen ladan li, rakonte lòt yo fason ke Jezi te anseye disip li yo imite li.

Ede moun malad yo, pase moman nan lapriyè epi pataje Bon Nouvèl Jezi yo se kèk nan anpil egzanp ke nou kapab jwenn nan Bib la osijè de kòmman imite Jezi. **Mande timoun yo** - Èske yon moun kapab panse osijè de kèk lòt fason ke nou kapab imite Jezi? (Pèmèt ke timoun yo pran yon ti tan pou yo pataje repons yo).



JOU 2 - FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA

NON -----

JOU 2 - TÈM MESAJE KI GIDE NOU YO

JOU 2 - FOKIS SOU LAPRIYÈ

Chè Jezi,
mwen vle swiv ou avèk tout kè
mwen. Ede m koute **MESAJE** ke w
chwazi ki pou gide m yo.

JOU 2 - BAZ BIBLIK

Istwa dezyèm jou a se osijè de Debora, pwofèt la. Bondye te chwazi Debora pou l te vin youn nan jij sou pèp Izrayèl yo. Jij yo t ap sèvi anba otorite Bondye pou gide pèp Li a nan moman difisil yo. Pasaj bibliik sa twouve li nan Jij 5. Chapit sa genyen pou tit "Kantik Debora".

2 Lwanj pou Seyè a, lè moun pèp Izrayèl yo soti pou yo goumen, lè pèp la pote tèt li ak kè kontan pou fè lagè!
3 Nou menm wa yo, koute sa m'ap di! Nou menm gwo chèf yo, louvri zòrèy nou! Mwen pral chante pou Seyè a!
Mwen pral fè lwanj Senyè a, Bondye pèp Izrayèl la!
4 Seyè! Lè ou te kite mòn Seyi yo, lè ou te soti nan zòn peyi Edon an, latè te pran tranble, lapli tonbe anpil sot nan syèl la. Wi, nwaj yo pran lage dlo.
5 Mòn yo pran tranble devan mèt mòn Sinayi a, devan Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la!
6 Sou tan Chanmga, pitit gason Anat la, ak sou tan Jayèl, bann machann yo te sispann pwonmennen nan tout peyi a ak bèt yo. Vwayajè yo te blije pase nan lòt chemen.
7 Lavil peyi Izrayèl yo pa t' gen moun ladan yo ankò pou pran defans yo. Yo te rete san moun pou defann yo, jouk jou mwen menm, Debora, mwen parèt tankou yon manman pou pèp Izrayèl la!

DEBOUCHE

RÈLYAIZ 11 13 --- --- --- --- 9

EATHNC --- --- 10 --- 7 ---

SÈLY AL --- 5 --- --- ---

ÒNM OY --- --- 3 --- --- 2

MEEHCN --- --- --- --- --- 6

YLÈJA 12 --- --- 14 ---

BEDOAR 4 --- 1 --- --- 8

KONSÈY

KOTE IZRAYELIT YO T AP VIV LA.
----- YON KANTIK.
LAPLI TONBE ANPIL SOT NAN -----
--- PRAN TRANBLE.
VWAYAJÈ YO ABANDONE -----
NAN JOU -----
PWFOT LA.

DEKOUVRI MO KLE YO NAN PASAJ BIBLIK LA. ÌTILIZE MO YO POU W REZOUZ FRAZ KACHE A.

FRAZ KACHE:

1 2 3 4 5 6 7 6 8 6 9 6 4 6 1 2 8 10

P U

2 4 11 8 11 12 6 11 13 8 10 5 14 9

JOU - FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA



ANTRENMAN DISIP: FÒMASYON POU MESAJE YO

Pandan dezyèm jou a, timoun yo ap kontinye antrènman yo a pandan y ap aprann ke kòm disip Jezi, yo dwe **IMITE JEZI**. Lè Jezi te bay lòd pou ale epi fè disip yo, Li te endike disip li yo pou yo te fè sa ke li menm li te fè pou yo depi menm jou li te rele yo vin swiv li a. Jezi te yon modèl ki bon nèt nan zafè ki gen pou wè ak siyifikasyon yon disip. Mesaj li pou premye disip li yo avèk disip li genyen jodi a yo se **IMITE** pawòl li yo avèk aksyon li yo, menm jan pou ede lòt yo fè menm bagay la. Panse ak twa bagay ke w kapab fè pou ede w **IMITE JEZI**.

MWEN KAPAB APRANN IMITE JEZI LÈ MWEN... 1. _____

2. _____

3. _____



JOU 2 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute mo ki manke yo.

" _____ MOUN KI TE KONN DIRIJE
NOU YO, MOUN KI TE FÈ NOU KONNEN
PAWÒL BONDYE A. _____ JAN YO TE
VIV, EPI _____ SOU KONFYANS YO".

EBRE 13:7

MESAJE KI GIDE NOU YO

"PA BLIYE MOUN KI TE KONN
DIRIJE NOU YO, MOUN KI TE FÈ
NOU KONNEN PAWÒL BONDYE A.
ÈGZAMINEN JAN YO TE VIV, JAN
YO TE MOURI. PRAN EGZANP
SOU KONFYANS YO".

ÈBRE 13:7, NVE



Jou 2

MESAJE KI GIDE NOU YO

JIJ 4 & 5

DEBORA - PWOJET LA AK JIJ





JOU 2 - TI ISTWA BIBLIK YO



DEBORA - JIJ AK PWOFEÛ - JIJ CHAPIT 4-5 - YON PREMYE POU BONDYE!

Preparasyon Pou Lidè Istwa Biblik La

Enfòmasyon sa fèt pou ede lidè istwa biblik la prepare li pou pataje istwa jou a ansanm avèk timoun yo. Sa mande pou lidè a li enfòmasyon sa epi repase pasaj yo sigjere yo.

Jij 4:1-3 – Nan Ansyen Testaman, byen souvan nou li osijè de plizyè okazyon kote izrayelit yo te bliye direksyon ak esperans Bondye, epi yo te dezobeyi li. Bib la di ke yo te fè sa ki mal nan je Seyè a. Se sitiyasyon sa ki te nan kòmansman chapit 4 liv Jij yo. Konsekans lan se ke Izrayèl te tonbe anba men youn nan lènmi li yo, wa mechan kanaran, Jaben. Wa Jaben te gouvène izrayelit yo pandan 20 ane, jouskaske finalman izrayelit yo te mande Bondye sekou. Kòm repons lapriyè yo, Bondye te leve yon jij ki te rele Debora.

Kilès Jij Yo Te Ye? – Avan ke Izrayèl te genyen pwòp wa yo, Bondye te rele kèk moun sou non jij pou gide pèp la nan moman difikilte yo. Jedeyon avèk Samson se lòt jij ki byen popilè ki te ede pèp izrayèl la jwenn libète anba opresyon.

Debora, katriyèm wa peyi Izrayèl la, se te premye fanm ki te mansyone nan Bib la avèk responsablite sa. Debora ansanm avèk yon lòt fanm ki te rele Jayèl te ede pèp Izrayèl la pote laviktwa. Istwa Debora montre kòm Bondye kapab fè objektif li yo reyalize atravè nenpòt moun ki prè pou sèvi li. Ministè Debora, avèk pouvwa Bondye, te ede li vin yon nimewo en.

Istwa - Debora - Yon Premye Pou Bondye - Jij 4:6-24

Debora te yon jij nan peyi Izrayèl. Pèp la te vini devan Debora pou rezoud pwoblèm diskisyon yo. Pandan tan sa, te genyen yon wa etranje ki rele Jaben ki te vin domine pèp Izrayèl la. Jaben te soti yon kote ki rele Kanaran, epi li te maltrete pèp Izrayèl la anpil. Pèp Izrayèl la te pase 20 ane anba dominasyon wa mechan sa ki se Jaben. Izrayelit yo te rann yo kont ke yo te bezwen èd Bondye, konsa, yo te rele Bondye nan lapriyè. Bondye te reponn yo lè li te voye Debora pou gide Izrayelit yo epi libere yo anba kontwòl Jaben.

Debora te di yon nonm ki te rele Barac que Bondye te vle pou li gide pèp Izrayèl la nan lagè kont Jaben ak wa lame li a, Sisara. Debora te di Barak ke Bondye ta va ba li laviktwa, Barak pat vle ale san Debora. Li te mande Debora pou l te akonpanye li.

Debora te di Barak ke li dakò pou l ta ale avèk li, men lè batay la fini, li pap resevwa glwa laviktwa.

Sisara, limenm ki te chèf lame ki te pèdi batay la te kouri pou l'al kache. Yon fanm ki te rele Jayèl te envite Sisara vin kache nan tant li a, Sisara te panse li te an sekirite, men Jayèl te konnen kimoun li te ye. Li te konnen ke Sisara te la pou sèvi wa mechan an ki se Jaben. Jayèl te ba li yon ti lèt pou li bwè. Li te panse ke li pat an danje kote li te ye a, Sisara te mouri epi detwi. Jayèl te ede Izrayèl genyen batay la.

Jayèl se fanm ke Debora te di ki ta gen pou l resevwa glwa pou laviktwa a.



JOU 2 - TI ISTWA BIBLIK YO



Kisa Nou Te Aprann Nan Istwa Biblik Jodi A?

Mande timoun yo – Èske nou te pèdi yon fwa? (Kite timoun yo pataje eksperyans yo sou kijan yo te pèdi.)

Di timoun yo konsa – Lè nou te pèdi a oubyen lè nou te twouve nou kote nou pat janm konn al vizite avan an, èske nou te bezwen yon moun ki pou ede nou jwenn chemen pou ale kote nou vle rive a, pa vre? Se yon bagay konsa ki te rive Izrayelit yo nan istwa jodi a. Izrayelit yo te pèdi menm jan avèk kèk nan nou te pèdi nan istwa nou sot pataje yo, men yo te pèdi paske yo te bliye konbyen Bondye te renmen yo ak kòman li te toujou ba yo sa ke yo gen bezwen. Lè yo te bliye Bondye, li te fasil pou moun ki mechan yo te fè yo fè bagay ki mal. Se poutèt sa wa mechan an Jaben te domine yo konsa.

Mande timoun yo – Kimoun Bondye te itilize pou mete yo an libète? (Repons: Debora).

Debora te genyen konfyans li fèm nan Bondye, epi li te konnen ke Bondye te renmen yo epi ta ba yo laviktwa epi ede pèp li a soti anba wa mechan sa ki se Jaben. Debora te konnen ke Bondye ta genyen pou bay Izrayèl Laviktwa.





JOU 2 - TI VÈSÈ POU APRANN YO



JOU 2 - VÈSÈ POU APRANN - EBRE 13:7

Ti Mesaje Pou Jezi yo - Vèsè pou aprann - Analiz Jeneral ak Enfòmasyon Pou Lidè sou Mesaj nan Kè m nan Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip li yo. Lè pitit Bondye yo gade Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk direksyon ak lanmou Bondye a. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj Bondye a pou yo kapab vin mesaje Bondye devan mond lan!

Dezyèm tèm Lekòl Biblik Vakans lan se Mesaje Ki Gide nou yo. Lide a se ede timoun yo konprann ke Bondye te chwazi mesaje ki pou ede yo konnen Jezi. Lè Bondye rele yon moun pou vin mesaje Li, Li rele l pou l viv yon fason pou li ede lòt yo aprann osijè de Jezi. Atravè aksyon lidè a, yo menm ki dwe egzanp aksyon Jezi, timoun yo kapab wè kòman Jezi vle pou yo viv

Ebre 13:7 (NVE) – *“Pa bliye moun ki te konn dirije nou yo, moun ki te fè nou konnen pawòl Bondye a. Egzaminen jan yo te viv, jan yo te mouri. Pran egzanp sou konfyans yo”.*

Li vèsè pou aprann nan dezyèm jou a ansanm avèk timoun yo. Esplike yo ke vèsè sa soti nan fen chapit lèt Ebre yo. Ebre se yon lèt ki te ekri pou yon gwoup kreyen ki t'ap viv yon moman difisil. Lèt la te genyen kòm objektif, ankouraje ak prezante yo leson ki enpòtan osijè de fason ke yo dwe viv. Youn nan leson enpòtan sa yo se te pou yo kontinye viv tankou Jezi, nan obeyi Bondye epi sèvi lòt yo. Otè a te ankouraje pou yo pat sèlman sonje lidè sa yo, men tou, imite konpòtman yo, pawòl ak aksyon yo. Itilize mouvman avèk aksyon ki anba yo pou w ede timoun yo aprann vèsè sa.

**PREMYE PATI - PA BLIYE MOUN KI TE KONN DIRIJE NOU YO
(POZE TANKOU SI W T'AP PANSE, SONJE YON BAGAY).**

**TWAZYÈM PATI - PRAN EGZANP SOU KONFYANS YO
(METE YON JENOÙ W ATÈ EPI LONJE DWÈT OU SOU LIDÈ LEKÒL BIBLIK YO).**



NON -----

JOU 2 - TÈM: MESAJE KI GIDE NOU YO

**JOU 2 - TI MESAJE POU JEZI YO
FOKIS SOU LAPRIYÈ**

Chè Jezi,
Mwen vle swiv ou avèk tout kè mwen.
Ede m koute MESAJE ke w chwazi ki
pou gide m yo.

JOU 2 - BAZ BIBLIK

Istwa dezyèm jou a se osijè de Debora, pwofèt la. Bondye te chwazi Debora pou l te vin youn nan jij sou pèp Izrayèl yo. Jij yo t ap sèvi anba otorite Bondye pou gide pèp Li a nan moman difisil yo. Pasaj bibliik sa twouve li nan Jij 5. Chapit sa genyen pou tit "Kantik Debora".

DEBORA - PWOFFET È JIJ





JOU 2 - TI FÈY AKTIVITE ELÈV LA YO



ANTRENMAN DISIP: FÒMASYON POU MESAJE YO

Pandan dezyèm jou a, timoun yo ap aprann ke swiv Jezi siyifi ke yo dwe **IMITE JEZI** tou. Aprè sa, w ap jwenn kèk bagay ke w kapab fè pou w aprann **IMITE JEZI**. Sepandan, genyen kèk mo ki manke lèt. Chwazi lèt ki kòrèk la pou w konplete chak mo.

PRIY__ **LI** __**IB MWEN AN**
__**JI BYEN**

LÈT
A E B



JOU 2 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute Mo Ki Manke Yo.

" --- MOUN KI TE KONN DIRIJE
NOU YO, MOUN KI TE FÈ NOU KONNEN
PAWÒL BONDYE A. --- JAN YO TE
VIV, EPI --- SOU KONFYANS YO".

ÈBRE 13:7

JOU 3

MESAJE
SALIA

MATYE 3
JAN BATIS





JOU 3 - ANALIZ JENERAL AK SESYON ENTWODIKSYON

Byenvini: Lè w'ap akeyi timoun yo nan dezyèm jou lekòl biblik vakans mesaje Pou Jezi yo, w'ap genyen privilèj pou w' kreye yon anbyans pou yon semèn sipriz. Youn nan bon fason pou timoun yo konprann ke lekòl biblik vakans lan ap kòmanse, se nan repwodiksyon chan prensipal Mesaje Pou Jezi yo, oubyen kèk nan lòt chan ki te konpoze pou lekòl biblik vakans yo.

Salitasyon: Pran yon ti tan pou w' di timoun yo byenvini, pandan w'ap di kijan w' kontan dèske yo vini. Prezante tèt ou, prezante lidè chak departman yo, chak volontè ak manm pèsonèl yo.

Lapriyè Entwodiksyon: Envite Kris nan lekòl biblik ou a atravè lapriyè pandan w'ap kòmanse chak sesyon. Bat pou chak swa se yon moun diferan ki fè lapriyè sa.

Tèm ak Fondman Biblik Mesaje Pou Jezi Yo: Prezante tèm prensipal lekòl biblik la. Di timoun yo ke semèn sa yo pral aprann osijè de plizyè mesaje diferan ke Jezi itilize yon fason pou ede yo aprann plis de Li, epi kòman yo menm tou yo kapab vin tounen mesaje pou Jezi. Sa se pral yon moman espesyal tou pou prezante yo pasaj bibliki ki pral itilize kòm fondman mesaje Pou Jezi yo, 2 Korentyen 5:20a, "Konsa, nou se anbasadè pou Kris."

Tèm Jounalye ak Baz Biblik: Pataje tèm Jou 3 avèk timoun yo ki di: Mesaje Sali a, menm jan ak baz bibliki jou 3 ki se: Jan Batis.

Adorasyon Atravè Kantik: Apre w' fin prezante tèm jounalye a avèk baz bibliki la, sa se yon moman espesyal pou w' fè timoun yo louwe ak adore. Tou depann de kantite tan ke w' genyen, si w' chante de kantik mesaje pou Jezi yo ansanm ak timoun yo se ap yon bon fason pou w' ede yo santi yo kontan nan kòmansman lekòl bibliki la.

Sketch Pou Entwodiksyon An: Pran yon ti tan pou w' prezante sketch entwodiksyon an pandan w'ap fè lekli sa: Mesaje Jezi yo genyen yon mesaj byen enpòtan pou nou jodi a. Yo vle rakonte nou kilès Jezi ye ak pou ki rezon ke Li vle pou nou chak vin tounen mesaje pou Li tou. Nan chak sesyon lekòl bibliki la, n'ap konnen youn nan mesaje Jezi yo epi nou pral tandè mesaj ke yo chak te resevwa lòd pou bay. Mesaje Jezi yo travay anba kontwòl Katyemèt, li menm ki la pou distribiye sèvis bay mesaje pou Jezi yo. Lè genyen yon mesaj enpòtan ki dwe anonse, sèvis mesaje pou Jezi yo pa genyen konparezon. Jodi a nou pral rekonèt Katyemèt la ak yon mesaje pou Jezi ki rele Anonsè. Anonsè pa yon mesaje komen epi ki rapid, epi mesaj Jezi li genyen pou remèt la pa komen nonplis. Ann swiv Katyemèt la ak Jounalis avèk anpil atansyon pou nou kapab aprann plis!

Pwojè Ofrann Misyonè: Prezante pwojè Ofrann misyonè Timoun yo ki gen pou wè ak ane sa. Ou kapab pwofite moman sa pou w' ranmase ofrann ke timoun yo te pote yo.

Konklizyon Sesyon Entwodiksyon An: Avan w' voye timoun yo al pran plas yo nan departman lekòl bibliki la, fè yo chante youn nan kantik Mesaje pou Jezi yo yon lòt fwa ankò, ofri yon lapriyè envokasyon, oubyen fè tou de bagay yo.

JOU 3 - SKETCH ENTWODIKSYON



JOU 3 - SKETCH ENTWODIKSYON - ANONSÈ - MESAJE POU JEZI!

Sketch entwodiksyon pou Mesaje Jezi yo te kreye nan lide pou prezante tèm ak istwa bibliik jounalye yo bay timoun yo. Yo pral sèvi tou pou fè timoun yo patisipe nan chak evènman. Paj obsèvasyon jeneral ak sesyon entwodiksyon an, ni nan gid direktè tankou nan gid lidè a, genyen yon entwodiksyon pou chak sketch. Li entwodiksyon sa anvan chak sketch.

Prepare Sèn Nan

Chak sketch--entwodiksyon ak konklizyon—pran plas nan Biwo Kòmandman Santral Sèvis pou Remisyon mesaj Pou Jezi yo. Se Katyemèt k'ap dirije kalite sèvis sa epi l'ap sèvi pou bay mesaj enpòtan ki soti nan Jezi yo. N'ap toujou jwenn Katyemèt la k'ap travay di dèyè biwo Kòmandman Santral la. Se la n'ap resevwa tout mesaj enpòtan yo.

Sketch Entwodiksyon

Nan kòmansman Jou 2, Katyemèt la byen okipe nan travay li nan Kòmman Santral la lè li tande son yon mesaj ki antre pou li anonse (chwazi yon son ki pou sèvi pou reprezante alam Sèvis mesaj ki antre yo; li kapab son telefòn ou oubyen nenpòt kalite son ki kapab kapte atansyon timoun yo). Alam nan ap fè Katyemèt la konnen ke li resevwa yon mesaj enpòtan. Katyemèt la reponn alam nan.

Katyemèt – (Li ta bon pou Katyemèt la ta genyen kas, men w'ap kapab itilize nenpòt kalite telefòn. Sèn nan kòmansman yon fwa Katyemèt reponn apèl la lè li fin tande son alam nan). W'ap kominike avèk Sèvis Remisyon Mesaje pou Jezi yo. Mesaj ou a se pi gwo priyorite nou. Se Katyemèt la k'ap pale avèk ou la, kòman mwen kapab ede w'? (Katyemèt la dwe koute moun k'ap pale nan lòt liy nan avèk anpil atansyon). Wi, mwen konprann. (Katyemèt la dwe ekri mesaj la nan yon kaye oubyen, nan yon òdinatè). Sa se tout? Trè byen. Mwen pral voye mesaj sa kounye a. Mwen genyen moun ki ka fè travay sa byen (Katyemèt la mete fen ak apèl la apre sa li pale avèk Anonsè. Ou kapab fè Katyemèt la itilize menm telefòn nan oubyen li kapab itilize lòt mwayen ki sèvi pou sistèm kominikasyon entèn). Atansyon, Anonsè, Tanpri, peye prezans ou nan Kòmman Santral la.

Anonsè – (Anonsè antre nan sèn nan. Istwa bibliik jodi a baze sou Jan Batis, limenm ki te rekonèt pou resanblans san parèy li a. Bat pou Anonsè abiye yon fason ki atire atansyon, se kapab ak yon koulè rad ki klere oubyen yon fason abiye ki ra. Anplis de sa, kòm Jan Batis te rekonèt sou non vwa k ap rele nan dezè a, fè Anonsè pale avèk yon ton ki byen wo ki pou atire atansyon atravè sketch). Anonsè bay rapò travay li a?

Katyemèt – Wi, Anonsè. Oumenm ki konnen kijan pou w fè yo wè w.

Anonsè – Èske w genyen yon mesaj pou mwen bay?

Katyemèt – Se sa li ye menm. Mwen fenk sot resevwa kèk mesaj ki vrèman emosyonan.

Anonsè – Se yo ki nouvlè prefere mwen yo. De kisa li pale menm?

Katyemèt – Demen genyen yon vizit ki enpòtan anpil k ap rive nan vil nou an: Carlitos Pajarito. Èske w konn tande pale de li?

Anonsè – Absoliman. Tout mesaje nan yon radyo mil kilomèt tande pale de Carlitos. Li te premye mesaje nan klas ou a ki vole atravè oseyan.

Katyemèt – Kòrèkteman. Epi li pral vizite vil nou an demen pou li pale osijè de pwogrè li yo.

Anonsè – Demen!? Kòman fè mwen pat konn sa?

Katyemèt – Ekip laprès li a ki anchaje pou fè mwayen kominikasyon lokal yo konnen lè Mesye Pajarito panse fè yon vizit, te komèt yon erè. Li te ekri yon Imèl sa fè depi twa mwa avèk tout detay vizit la, men, li te bliye voye li.



JOU 3 - SKETCH ÈNTWODIKSYON

Anonsè - A, mwen konprann. Ebyen nou dwe bay nouvèl sa nan tout vil la...byen rapid la!

Katyemèt - Se poutèt sa ke mwen te rele w, Anonsè. Ou genyen konbinezon espesyal vitès sa epi...bon...ann di ke volim ki nesèsè pou pataje yon mesaj kòm sa.

Anonsè - Alò, mèsì anpil paske w fè remak la Katyemèt. Mwen t ap prepare yon nouvo rens (Anonsè dwe pote yon boutèy rens pou montre piblik la) ke nou kwè ke mwen ta bay cheve mwen volim enteresan ke tout mesaje anvi. Mwen pat sèten ke l te bon, epoutan, li bon.

Katyemèt - A, wi, se de sa menm ke mwen te fè referans (pandan pawòl sa yo, Katyemèt la dwe gade moun k ap koute an souriyan pou ke timoun yo konprann ke li konnen ke Anonsè pat rann li kont de ke Katyemèt te fè referans ak vwa li, non ak cheve li).

Anonsè - Sa fè m sonje yon istwa mwen te li nan Bib mwen an.

Katyemèt - Ou te li Bib ou a?

Anonsè - Wi, mwen li Bib mwen chak jou.

Katyemèt - Ala bon sa bon pou moun tande sa. Ki istwa sitiyasyon nou an fè w sonje?

Anonsè - Li fè m sonje Istwa Jan Batis la.

Katyemèt - Wi, Jan Batis. Men, kisa sitiyasyon nou an fè w panse?

Anonsè - Li fè m sonje lè Jan Batis te vle rakonte moun ke Jezi ta pral vini. Jan Batis te konnen ke Jezi te moun ki te plis enpòtan ki ta vizite nenpòt vil, epi li te konnen ke pèsòn pa ta dwe pèdi vizit li a.

Katyemèt - Se sa menm Anonsè. Jezi te gen pou l rive avèk yon mesaj espesyal ki pale sou lavi ki pap janm fini an, epi Jan te konnen kijan Jezi te espesyal.

Anonsè - Kòrèk. Mesaj ke w vle pou m bay la pa tèlman enpòtan menm jan ak vizit Jezi a, men Mesye Pajarito se yon moun ke anpil mesaje ta renmen konnen.

Katyemèt - Mwen remake ke w deja konnen sa w dwe fè.

Anonsè - Se sa li ye menm. Mwen prale byen vit jan mwen kapab, epi si sa nesèsè, m ap leve vwa mwen byen wo pou ke pèsòn pa pèdi vizit Mesye Pajarito a.

Katyemèt - Vwa ou pi wo? (Yon lòt fwa ankò, Katyemèt gade foul la epi li souri). Mwen sèten ke pa gen moun k ap rete san tande ou.

Anonsè - Bon, m ale (pandan ke Anonsè vire pou l kite sèn nan, li dwe rele di pawòl sa yo): ATANSYON TOUT MOUN! MWEN GENYEN GWO NOUVÈL!

Lidè - Mwen kwè ke tout moun ap koute nouvèl Anonsè a. Men èske nou te konnen ke nou menm tou n ap tann yon vizit espesyal pou jounen jodi a? E poutan, moun sa m'ap pale de Li a pare pou li rete ansanm avèk nou chak jou wi si nou aksepte li. Mwen fè referans ak Jezi, epi jodi a n'ap genyen opòtinite pou nou resevwa li kòm Sovè nou.

JOU 3 - SESYON KONKLIZYON/SKETCH KONKLIZYON

SESYON KONKLIZYON

Byenvini: Lè timoun yo retounen pou sesyon konklizyon an, mande lidè mizik ou a pou l' fè timoun yo chante youn nan chan Mesaje pou Jezi yo.

Salitasyon: Di timoun yo byenvini yon lòt fwa ankò. Pran yon ti moman pou w' repase istwa bibliik Jou 3 ansanm avèk timoun yo: Jan Batis. Poze timoun yo kèk kesyon ki enpòtan sou leson an. Ou kapab mande youn nan timoun yo resite vèsè memwa Jou 3 a, Malachi 3:1, oubyen tèm Jou 3: Mesaje Sali a.

Sketch Konklizyon an: Prezante sketch konklizyon an (aprè sa) li sa: pandan tout semèn sa, n ap swiv evènman Sèvis Remisyon Mesaj pou Jezi yo. Se la n'ap jwenn katyemèt la ak mesaje li yo, yo menm k'ap akonpli apèl yo kòm mesaje pou Jezi. Dènye fwa ke nou te wè Anonsè, li te sou wout pou l ale bay yon nouvel sou Pajarito. Mnem jan avèk Jan Batis, li menm nan istwa sa pat vle pou okenn moun te rete san tande mesaj sou Jezi a, Anonsè pat vle pou moun yo te pèdi vizit Mesye Pajarito a. Ann prete atansyon nou ak Katyemèt avèk Anonsè pou nou konnen si li te fè siksè nan mesaj li a.

Pwojè Ofrann Misyonè: Ankouraje timoun yo pale ak zanmi ak fanmi yo osijè de sa yo te aprann sou pwojè Ofrann Misyonè Timoun k'ap atenn lòt Timoun yo.

Fen Sesyon konklizyon an: Pi bon fason pou nou mete fen ak yon sware lekòl bibliik se pandan n'ap chante yon kantik. Aprè kantik la, pran yon ti tan ankò pou w' pataje tèm nan ak leson kle ki te anseye yo ansanm ak timoun yo pandan jounen an. Fè pase nenpòt anons enpòtan ni pou timoun yo tankou lidè yo. Mete fen pa mwayen lapriyè.

JOU 3 - SKETCH KONKLIZYON - ANONSÈ - MESAJE POU JEZI!

Sketch konklizyon mesaje pou Jezi yo fèt nan lide pou ede timoun yo repase tèm nan, istwa bibliik ak lòt eleman yo ak leson enpòtan chak jou yo. Sesyon konklizyon pou lekòl bibliik chak jou a twouve li ni nan gid direktè a menm jan ak nan gid Lidè a ki genyen yon entwodiksyon ki dwe li avan chak sketch konklizyon.

Prepare Sèn nan

Chak sketch chak jou yo dwe fèt nan Biwo Kòmman Santral Sèvis Remisyon Mesaje Pou Jezi yo. Sèvis remisyon sa yo sou responsablite Katyemèt la epi li la pou bay mesaj ki enpòtan pou Jezi yo. Nan Kòmansman sketch konklizyon jou 2, Katyemèt la byen okipe nan travay Kòmman Santral la, lè Anonsè retounen pou remèt mesaj Jezi a.

Sketch Konklizyon

Anonsè – (Lè Anonsè retounen son sèn nan, li te montre ke li kontan anpil dèske li sot pibliye nouvel osijè de vizit Mesye Pajarito a. Anonsè pale byen fò pandan l ap apwoche bò kote Katyemèt) MISION AKONPLI! Mwen mache tout kote yo epi tout moun tande vwa mwen, yo tout konnen ke Carlitos Pajarito ap vin vizite nou.

Katyemèt – Bon, si tout moun sa yo ki te tande vwa w' yo resevwa nouvel sa, mwen sèten ke pa genyen yon sèl k a pèdi mesaj enpòtan sa.



JOU 3 - SKETCH KONKLIZYON

Anonsè - Se pa yon bagay ki fasil pou moun resevwa vizit yon moun tankou Mesye Pajarito nan vil nou an, epi mwen pa vle pou pèp la pèdi opòtinite wè li epi koute sa l fè kòm pwogrè.

Katyemèt - Sa sanble anpil de sa Jan Batis te eseye fè a. Li te konnen ke yon moun enpòtan te gen pou rive epi li pat vle pou pèsòn te pèdi opòtinite konnen Jezi oubyen koute mesaj li a.

Anonsè - Pandan mwen t ap bay mesaj osijè de Mesye Pajarito a, mwen te panse ak Jan Batis.

Katyemèt - Kisa w te panse menm?

Anonsè - Mwen te panse jan li te dwe santi li espesyal. Bondye te chwazi li pou bay youn nan mesaj ki te plis enpòtan nan listwa. Li te kapab rakonte tout moun ke Sovè mond lan te prèske rive. Èske nou kapab imajine nou jwenn yon opòtinite bay yon mesaj tankou sa?

Katyemèt - Men, wi.

Anonsè - Èske w kapab imajine sa?

Katyemèt - Wi. Epi oumenm tou ou kapab fè menm bagay la, menm jan ak tout timoun sa yo avèk lidè yo. Se menm mesaj Jan Batis te bay la ke noumenm tou nou aple pou bay. Lavi ki pap janm fini an ke Jezi te ofri moun sa yo ki te koute mesaj Jan Batis la, se toujou menm mesaj sali a ke Li ofri nou jounen jodi a.

Anonsè - Mwen pat panse l konsa. Ala yon gran lonè ke nou genyen, epi ala yon gran mesaj nou genyen pou nou pataje avèk mond nou an!

Katyemèt - Trè byen, Anonsè (Katyemèt vire pou l pale ak timoun yo). Lonè pou nou bay mesaj Jezi a se yon bagay ki vrèman espesyal. Bondye renmen tout timoun ki la epi li bay nou tout kado sa ki se lavi ki pap janm fini an.

Anonsè - Mwen dwe ale, Katyemèt. Mwen dwe ale kounye a menm! Mwen dwe ale pou m al bay mesaj ki plis enpòtan pase tout lòt yo. Mwen dwe ale di tout moun sa ke Jezi fè pou yo! (Anonsè fè prese epi kite sèn nan) ATANSYON TOUT MOUN! MWEN GENYEN PI BON MESAJ YO!

Lidè - Ala yon lonè tèlman espesyal. Nou pa sèlman kapab aksepte Jezi kòm Sovè nou, men tou, nou kapab rakonte tout moun osijè de lanmou ak sali Bondye a. Mwen kwè ke nou tout kapab vin Mesaje Pou Jezi!

MESAJE SALI A



JOU 3 - ISTWA BIBLIK



JAN BATIS - MATYE, CHAPIT 3 - YON AVANS POU JEZI!

Preparasyon Pou Lidè Istwa Biblik La

Enfòmasyon sa la nan lide pou ede lidè Istwa Biblik la prepare l' pou pataje istwa jounen an avèk timoun yo. Lè timoun yo tande istwa biblik la, yo resevwa plis pase yon istwa; yo tande yon mesaj ki enpòtan pou yo. Li pasaj ou jwenn aprè yo.

Lik 1:5–25 NVE – Pasaj sa nan Lik rakonte istwa lè Zakari ak Elizabèt te resevwa nouvel de ke pitit yo a, Jan Batis ta gen pou pran nesans. Ni fanmi Zakari ak fanmi Elizabèt te fè pati kò sasèdotal la--Zakari te soti nan branch fanmi Abyas epi Elizabèt te soti nan branch fanmi Arawon, pèsonaj prensipal istwa Jou 1 an. Nan pasaj sa, Lik rakonte kòman Zakari ki te sèvi kòm prèt disponib pou antre nan lye sen an pou ofri lansan. La menm li te rankontre ak zanj Seyè a ki te di li konsa: "Pa pè, Zakari. Bondye te tande lapriyè ou la. Elizabèt, madanm ou, pral ba ou yon pitit gason; ou va rele l' Jan. Ala kontan wa kontan lè pitit sa a va fèt! Anpil lòt moun va kontan tou lè sa a; L'ap fè anpil moun nan pèp Izrayèl la tounen vin jwenn Mèt la, Bondye yo a. L'ap mache devan Bondye nan menm lespri ak menm pouvwa pwofèt Eli te genyen an. L'ap fè papa vin byen ankò ak pitit; l'ap fè moun ki rebèl rive gen konprann tankou moun k'ap obeyi Bondye, l'ap pare yon pèp byen dispoze pou resevwa Mèt la" (Lik 1:13-14, 16-17).

Souvan fwa, lè yon koup pat kapab gen pitit, yo te konn santi yo wont. Konsa, lè Elizabèt te pran nouvel ke li ta pral genyen yon bebe, li te santi l kontan anpil. "Gade sa Mèt la fè pou mwen non! Se koulye a sa fè l' plezi pou l' wete dezonè m' devan lèzòm" (Lik 1:25).

Lik 1:39–45 NVE – Elizabèt te kontan anpil paske li ta pral genyen yon pitit. Li te plis kontan toujou lè li te aprann ke pitit li a ta genyen pou l te jwe yon wòl enpòtan nan lavi yon lòt timoun ki ta genyen pou fèt yon ti tan aprè. Nan pasaj sa, Elizabèt te reservwa vizit kouzin li Mari limenm li ta konvèti an manman Jezi. Pandan Elizabèt t'ap pwoche, li te fè yon gwo eksperyans. "Lè Elizabèt tande Mari di l' bonjou, pitit la pran sote nan vant li. Lamenn Elizabèt vin anba pouvwa Sentespri. Li pran pale byen fò, li di konsa: Nan tout fanm ki sou latè, ou menm ou se yon fanm Bondye beni anpil. Pitit ki nan vant ou a tou Bondye beni li" (Lik 1:41-42).

Istwa a – Jan Batis; Yon Avans Pou Jezi – Matye 3

Pèsonaj santral istwa biblik Jou 3 se Jan Batis. Jan te rekonèt kòm anonsè pou Jezi. Yon anonsè se yon moun ki ale oubyen ke yo voye depi davans pou fè konnen ke yon moun sou wout pou l rive. Jan Batis te anonsè ki te resevwa lòd pou ale anonse ke lavi ki pap janm fini an te sou wout pou rive atravè Jezi ki se Kris la.

Li Matye 3:1–4, NVE

Jan Batis te yon predikatè ki genyen anpil pwisans epi mesaj li te pote a te enpòtan anpil! Jan te rele moun yo vin yo tounen vin jwenn Bondye epi kite peche yo (bagay mal yo te konn fè yo). Li te di yo ke peyi wa ki nan syèl la te tou prè yo epi yo te dwe prepare kè yo pou resevwa sa ke Bondye ta gen pou voye a tou swit: Mesi a! Mesi a, oubyen Sovè a, ke Jan Batis t ap pale a se te Jezi.

Jan pat yon predikatè moun te jwenn fasil. Bib la di nou ke li pat abiye menm jan ak tout moun. Li te abiye ak po bèt epi li te viv nan dezè a. Genyen kèk moun ki te poze kesyon, de kisa nonm etranj sa ap pale la a. Men genyen anpil moun tou ki pat kite yo distrè pou aparans Jan oubyen pou kote li te viv la. Okontrè, yo te kontan tande mesaj la, yo te resevwa batèm epi resevwa larive Mesi a ke li t ap pale a depi davans.

Li Matye 3:7–12, NVE

Farizyen ak sadiseyen te lidè nan Jerizalèm ki te kwè yo t ap sèvi Bondye. Byen souvan, yo te konn tante obsève yon bann règ epi fè moun ki pa obsève yo pran wont. Anpil nan règ yo a pat soti nan Bondye, men pito se yon kokenn chenn règ ke yo menm menm te envante pou ajoute nan règ Bondye yo.



JOU 3 • ISTWA BIBLIK

Jan Batis te konnen ke lidè sa yo te danjere. Règ yo t ap anseye yo pat ede moun yo konnen ak renmen Bondye ak lòt moun. Sa te fè Jan fache. Li te avèti farizyen ak sadiseyen yo ke yo te gen pou yo pèdi pozisyon yo, menm jan ak move sakrifikatè nan tan Arawon yo, si yo pat chanje fason yo.

Li Matye 3:13–17, NVE

Nan epòk Jan Batis la, batize te yon siyal espesyal pou repantans. Se te yon pratik ki te demontre ke yon moun te abandone lavi peche li a epi kòmanse yon nouvo lavi pou Bondye. Jan pat santi li diy pou li te batize Jezi paske Jezi se te Pitit Bondye a. Men Jezi te pèmèt Jan batize li pou ke tout moun te konnen ke yo te kwè nan menm mesaj la epi yo te renmen Bondye.

Kisa Nou Te Aprann Nan Istwa Jodi A?

Mande Timoun yo - Èske yon fwa yo te mande kèk pami nou la pou li abiye yon fason ki etranj? (Kite timoun yo reponn). Definitivman, Jan Batis te genyen yon aparans ki etranj. Fason li te abiye te atire atansyon pou mesaj Bondye a. Men fason ke Jan te abiye a pat tèlman enpòtan tankou mesaj ke li te genyen osijè de Jezi a.

Di Timoun yo - Jan Batis se te yon anonsè pou Jezi. Li te chwazi pou ale devan Jezi epi ede prepare moun yo pou entèkansyon an.

Mande Timoun yo - Kisa Jan te di moun yo pou yo te fè pou prepare yo pou tann vini Jezi a? (Yo te dwe repanti). Se byen. Moun yo te dwe abandone peche yo. Men avan pou yo te kite peche yo a, yo te bezwen moun tankou Jan ki pou te di yo bagay yo t ap fè ki mal yo.

Di Timoun yo - Se pa fasil pou nou jwenn yon moun di nou ke n ap fè yon bagay ki mal. Sa kapab fè nou santi nou wont. Petèt nou ka eseye kache. Jan pat vle pou moun yo t al kache. Jan te vle yo te admèt ke yo te nan move chemen. Men sa ki plis enpòtan, li te vle yo konnen ke Bondye t ap voye Pitit li a pou wete tout peche yo epi ranpli yo avèk kè kontan ak lanmou.

Mande Timoun yo - Èske yon moun la kapab di mwen kisa peche a ye? (Kite timoun yo reponn). Lè nou dezobeyi Bondye ak pwòp konsyans nou, nou komèt peche.

Mande Timoun yo - Si sa se verite, ebyen kisa nou kapab fè pou nou sispann fè peche? (Kite timoun yo reponn). Nou dwe aksepte Jezi kòm Sovè nou, konfese peche nou yo epi kòmanse fè bagay ke Bondye vle pou nou fè.

Di Timoun yo - Lè nou kòmanse fè bagay ke Bondye vle pou nou fè epi pèmèt ke Jezi viv andedan kè nou epi pran responsablite lavi nou, nou vin konvèti an disip li. Yon disip se yon moun ki swiv lòt moun epi aprann de li.

Mande Timoun yo - Èske genyen kèk pami nou ki mande pou Jezi vin viv andedan kè li? Ki moun ki vle mande Jezi pou l vin viv nan kè li Jodi a?

Ede Timoun Yo Vin Disip Jezikris

Ede timoun yo mande Jezi vin viv nan kè yo se devwa ki plis enpòtan ke w kapab genyen pou w reyalize. Pou sa, lidè yo dwe byen prepare pou ede timoun yo pandan moman ki petèt pi enpòtan nan lavi timoun yo. Sa mande pou lidè istwa biblik la mande prezans kèk nan kò dirijan yo oubyen plizyè lòt kretyen ki gen matirite nan moman dewoulman istwa biblik twazyèm jou a.

JOU 3 - VÈSÈ POU APRANN



JOU 3 - VÈSÈ POU APRANN - MESAJ NAN KÈ MWEN - MALACHI 3:1A

Lekòl Biblik Vakans Mesaje Pou Jezi yo - Mesaj nan kè mwen - Analiz Jeneral ak Enfòmasyon Pou Lidè a Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip li yo. Lè pitit Bondye yo gade Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk direksyon ak lanmou Bondye a. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj Bondye a pou yo kapab vin mesaje Bondye devan mond lan.

Tèm twazyèm jou Mesaje Pou Jezi yo se Mesaje sali a. Lide a se anseye timoun yo ke youn nan mesaj ki plis enpòtan ke yon mesaje Bondye kapab bay se osijè de kòman yon moun kapab konnen Jezi kòm Sovè li. Sa rele lavi ki pap janm fini an. Istwa biblik twazyèm jou a pale de istwa Jan Batis. Jan te yon mesaje espesyal ke Bondye te rele pou pwoklame lavi ki pap janm fini an bay lòt yo ki ta gen pou vini atravè Jezikris. Vèsè jounen an se nan Malachi. Malachi te yon mesaje Bondye, plis pase 500 ane avan nesans Jan Batis, deja li te kòmanse ap bay mesaj sali a ki ta gen pou vini atravè Jezi.

Malachi 3:1a – *“Seyè ki genyen tout pouvwa reponn epi li di konsa: ‘Men m’ap voye mesaje mwen devan pou l’ pare yon chemen pou mwen’”.*

Li vèsè pou aprann nan Jou 3 ansanm avèk timoun yo. Esplike yo ke vèsè a soti nan yon liv nan Bib la ki te ekri depi Jan Batis ak Jezi te fèt. Mesaje ki te chwazi a, Malachi, pa ta viv pou wè pawòl li yo tounen reyalite. Men, li te obeyi Bondye avèk fidèlite epi bay mesaj li te voye l bay la. Bib la ranpli ak mesaj enpòtan Bondye, epi Bondye toujou ap chèche mesaje fidèl pou li bay pawòl sa yo. Nan tout mesaj enpòtan yo ke nou jwenn nan Bib la, pa genyen youn ki plis enpòtan menm jan ak mesaj ki osijè de Jezi a ak lavi ki pap janm fini ke Li pote a. Kòm disip Jezi, Bondye rele nou pou nou bay mesaj Jezi a ak lavi ki pap janm fini li an ak tout moun. Itilize mouvman yo, aksyon ak fraz ki parèt anba yo pou w ede timoun yo aprann vèsè sa.

“Seyè a ki genyen (lonje dwèt sou syèl la) tout pouvwa (pretann mete yon kouwòn sou tèt li) reponn epi li di konsa: (mete yon men w nan chak bò bouch ou) ‘Men m’ap voye mesaje mwen devan pou l’ pare (pretann bay yon bagay fòm pandan w ap itilize men ou yo) yon chemen pou mwen.’” (fè yon kwa avèk ponyèt ou yo).



JOU 3 - ATIZANA

JOU 3 - ATIZANA - VÒL SALI A!



Atizana jou a gen pou li ranfòse tèm jou 3, Mesaje Sali a!

Tèm jounen jodi a baze sou ede timoun yo konprann responsablite yo genyen pou yo ede lòt yo aprann osijè de Jezi ak mesaj ke Li genyen pou yo a. Atizana jodi a ap pèmèt ke timoun yo kreye yon avyon pou vòl lavi ki pap janm fini an pandan y ap itilize yon boutèy dlo, kote ke pasaje yo ap reprezante moun ke timoun yo ap kapab pataje mesaj sali Jezi a.

Sa Ke W Ap Bezwen

Nan paj resous Twazyèm jou a, li menm ki twouve li nan www.krknaz.com, w ap jwenn yon vèsyon koulè ak youn an blan e nwa nan pyès avyon an menm jan ak pasaje ki nan vòl pou sali a, yo menm ke w ap kapab telechaje ak enprime. Chak timoun dwe genyen pwòp kopi pyès avyon yo. Enprime kantite pasaje ke w vle pou ke chak timoun genyen ase. Si w vle itilize pyès an blan e nwa, bay timoun yo makè oubyen kreyon ak


lòt atik dekorasyon. Epi tou, chak timoun ap bezwen pwòp boutèy vid pa yo ki dwe mezire yon lit. W ap bezwen adezif tou oubyen lakòl.



Kòman Vòl Sali A Kreye!

Pa 1 - Ede timoun yo koupe pyès avyon yo.

Pa 2 - Double ke a avèk zèl yo sou liy pwenkiye yo jan sa endike anba a.



Pa 3 ak 4 - Itilize lakòl oswa adezif, kole liy gri zèl yo nan chak bò ke yo. Aprè sa, kole ke a nan kò avyon an jan sa endike nan imaj la.



Pa 5 ak 6 - Double liy gri zèl yo, itilize adezif la oubyen lakòl la, kole yo sou liy gri sou kò avyon an.



Pa 7 - Itilize lakòl oubyen adezif, kole pati kò avyon yo sou kò boutèy la jan sa endike anba a.



Finalman, mande timoun yo pou yopanse osijè de moun ke yo pral kapab pataje mesaj sali Jezi a. Mande yo pou yo ekri non moun sa yo nan papyè chak pasaje ki nan Vwayaj Sali a. Aprè sa, mande yo pou yo depoze chak papyè anndan avyon yo a.

Mete non pasaje ou sou liy lan.

AVYON SALI A PASAJE:

JOU 3 - KOLASYON RAPID LA



BYEN VINI NAN KOLASYON RAPID LA

Genyen yon kalsyon fèt pou chak jou, li menm k'ap pèmèt ou ofri timoun yo yon bon manyè pou yo eksperimante lekòl biblik vakans lan. Lide sa yo kapab mande yon seri de preparasyon, men, rezilta efò w' yo ap gen anpil enpòtans pou yo. Anpil fwa, prezidan lekòl biblik yo konn ap obsève ke plas kolasyon an pa dwe pran menm kantite tan ak lòt yo. Si sa rive, melanje li ak kèk lòt sit

Kolasyon Jou 3 - Pizza Ti Mesaje Yo

Kolasyon pou jounen jodi a pote tit Pizza Ti Mesaje yo epi li genyen ladan li klokèt ak chokola ak fwomaj sou yon bonbon won sale.

Engredyan Ki Sigjere Yo*



**BONBON
WON SALE**



CHOKOLA



BLÒK FWOMAJ KARE



**TI BATON/
TRANCH FWOMAJ**

Kòman Pizza Ti Mesaje Yo Kreye

PA 1 - Koupe chak kwen dous la sou fòm triyang.



PA 2 - Koupe triyang lan pou w kapab kreye plis ti triyang pou prezante je ak bouch la.



PA 3 - Koupe kwen bè yo ak yon mezi anviwon 2.5cm x 2.5cm nan dyagonal.



PA 4 - Koupe chak kwen yo nan mitan yon lòt fwa ankò.



PA 5 - Koupe ti baton bè yo an mòso ki mezire demi santimèt.



PA 6 - Monte Pizza Ti Mesaje yo jan sa endike a.


*Engredyan ki itilize nan egzanp sa yo se tousenpleman sigjesyon ki fèt pou oryante ou.





JOU 3 - JWÈT KADINAL

JOU 3 - DIREKSYON KADINAL - SANT



Jou 3 – Sant - Lè nou kenbe yon konpa nan men nou, flèch la andedan li toujou pran direksyon nò san gade direksyon kote nou prale a. Sepandan, flèche la pa ta kapab vize nò si l pat konekte avèk yon panti nan mitan konpa. Kòm disip Jezi, nou menm tou nou bezwen yon panti nan sant lavi nou. Se Jezi panti nou dwe ye. Lè se Jezi ki sant lavi nou, nou kapab kwè ke L ap toujou la pou montre nou chemen ki kòrèk la.

Tèm jou 3 se Mesaje Sali a. Jodi a se yon jou enpòtan nan lekòl bibliik vakans lan. Pandan twazyèm jou a, timoun yo ap gen opòtinite pou yo aksepte Jezi kòm Sovè yo. Sali a vini atravè Jezi sèlman. Se poutèt sa, se Jezi ki dwe objektif ak baz nou. Lè w ap gide timoun yo atravè jwèt jounen jodi a, mete aksan sou mete Jezi nan wonn sant lan.

Jezi Nan Wonnn Sant Lan!

Jwèt jodi a se yon manyè enteresan ak fasil pou ede timoun yo konprann ke lè se koze lavi ki pap janm fini an, objektif ak konsantrasyon yo dwe Jezi. Jezi dwe nan wonn sant lan.

Sa ke w ap bezwen: Jwèt sa mande preparasyon.

- * Plizyè bwat ki genyen plizyè gwosè avèk fòm diferan. Dekore bwat yo pou li vin sanble yon mi.
- * Blad ki gen plizyè koulè diferan.
Mete plizyè lòt blad disponib pou si gen lòt ki ta pete pandan dewoulman jwèt la.
- * Sachè pwa oubyen ti sachè kim.
- * Opsyon dlo - eponj ak bokit dlo yo.


Kòman Mi An Kapab Prepare: 1. Itilize bwat yo pou w konstwi yon mi. Kite kèk twou vid kote pou w mete blad yo. Fè yon twou nan mitan mi an, kote w ap mete blad Jezi a. Gade dyagram ki vini anba a. Bay chak blad yon valè diferan. Blad Jezi a, nan mitan, li dwe genyen pi gwo valè a.

Kòman Nou Kapab Jwe: Divize timoun yo an gwoup de 4 oubyen 5.

Chak timoun ap genyen yon chans pou yo lanse pandan chak jwèt.

2. Mande timoun yo pou yo kanpe nan menm distans ak mi an.

Pèmèt ke chak timoun lanse 2 oubyen 3 fwa. Lè yon timoun rive atenn yon blad, ekip li a ap genyen pwen. 3. Fè kalkil kantite pwen chak timoun genyen epi bay total la. Ekip ki genyen pi gwo kantite pwen an se li menm ki chanpyon.



*Ou kapab bezwen sèvi ak adezif pou kenbe blad yo an plas.

Opsyon Dlo - Si w chwazi itilize dlo, mande pou chak timoun mouye eponj yo a nan yon gode dlo avan chak entèvansyon.

JEZI SE WONN SANT LAVI MWEN!

JOU 3 - ANTRÈNMAN DISIP



LEKÒL BIBLIK VAKANS MESAJE POU JEZI YO -

ANTRÈNMAN DISIP - ANALIZ JENERAL AK ENFÒMASYON POU LIDÈ ANTRÈNMAN POU MESAJE YO

Nan Matye 28:19, Jezi te di moun k ap swiv li yo konsa, "Ale epi fè disip nan tout nasyon yo". Sa se te yon apèl pou tout moun ki te la nan jou sa a, men tou se pou tout disip Jezi yo jodi a. Kòm lidè ki anchaje plas antrènman disip pou Mesaje Jezi yo, ou genyen lonè pou w reponn ak apèl Jezi pandan w ap ede timoun lekòl bibliik vakans yo grandi kòm disip Jezi, pandan y ap vin tounen mesaje Jezi.

Twazyèm jou a enpòtan anpil. Sa se jou kote w pral mande timoun yo pou yo mete konfyans yo nan Jezi kòm Sovè ak zanmi yo. Kòm disip yo deside swiv Jezi epi imite pawòl ak aksyon li yo, yo grandi epi mete konfyans yo nan Li. Pliske konfyans yo grandi, timoun yo pral aprann ke yo kapab mete konfyans yo nan Bondye nan tout bagay.



Pou anpil timoun, konfyans a se yon bagay ki difisil. Mond nou an plen avèk egzanp ki kapab fè yo pa vle mete konfyans yo nan pèsòn. Yo anseye yo pou yo pa mete konfyans yo nan moun yo pa konnen oubyen nan animal ke yo pa konnen yo. Se poutèt sa, lè w mande yo pou yo mete konfyans yo nan Jezi, ou pral genyen pou w fè fas ak yon gwo defi. Aktivite ki anba a, menm jan avèk aktivite antrènman disip twazyèm jou a te fèt pou ede w prezante kalite konfyans ki pral pèmèt yo mete plis lafwa nan Jezi.

Konfyans nan Jezi: "Bay ak Resevwa" - Lè yon moun vin konvèti an disip Jezi, li mete konfyans li nan Jezi. Aprann mete konfyans nan Jezi mande pou disip la fè bagay sa yo. Sa gen pou wè ak resevwa bagay sa yo tou ki va soti nan Jezi. Pwovèb 3:5-6 genyen twa bagay ke disip Jezi a dwe fè lè li mete konfyans li nan Jezi. Genyen twa bagay ke yo resevwa tou lè yo mete konfyans yo nan Jezi.

5 Mete tout konfyans ou nan Seyè a. Pa gade sou sa ou konnen.

6 Toujou chonje Seyè a nan tou sa w'ap fè. Li menm, l'a moutre ou chemen pou ou pran.

Sa Ke Disip La Dwe Fè

Konfyans nan Jezi mande yon disip pou li remèt

tout _____. (Vèsè 5)

Konfyans nan Jezi tou siyifi ke mwen pa dwe mete

konfyans mwen nan pwòp _____. (Vèsè 5)

Konfyans nan Jezi siyifi ke mwen dwe toujou

_____ nan Li. (Vèsè 6)

Sa Ke Jezi Pral Fè Pou Disip La

Konfyans nan Jezi siyifi ke l ap ede mwen lè mwen

pa _____. (Vèsè 5)

Konfyans nan Jezi siyifi ke lè bagay yo parèt difisil,

L'ap _____ pou mwen pran. (Vèsè 6)

Konfyans nan Jezi tou siyifi ke si mwen obeyi kòmand-

man li yo, L ap montre mwen _____. (Vèsè 6)



JOU 3 - FÈY AKTIVITE ELÈV LA

NON -----

JOU 3 - TÈM MESAJE SALI A

JOU 3 - FOKIS SOU LAPRIYÈ

Chè Jezi,
mwen vle konnen plis bagay osijè
de ou menm. Ede m obeyi mesaje
ke w chwazi ki pou
anseye m yo.

JOU 3 - BAZ BIBLIK

Istwa biblik twazyèm jou a prezante timoun yo Jan Batis. Jan te yon mesaje espesyal ke Bondye te chwazi pou anonse lavi ki pap janm fini an ki te pwòch. Sa te lavi ki pap janm fini an ke nou kapab jwenn sèlman nan Jezi. Nou jwenn pasaj sa nan Matye 3:1-6 ak 11.

1 Lè sa a, Jan Batis parèt nan dezè Jide a. Li t'ap mache bay mesaj sa a. 2 Li t'ap di: "Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l'". 3 Se sou Jan pwofèt Ezayi t'ap pale lè l' te di: "Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout Seyè nou an. Plani chemen an byen plani pou li". 4 Jan te gen yon rad fèt ak pwal chamo sou li, li te mare ren l' ak yon sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato myèl li te jwenn nan bwa. 5 Moun soti lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide a ak nan tout vwazinaj larivyè Jouden an, yo tout te vin jwenn Jan. 6 Yo te konfese peche yo devan tout moun. Apre sa, Jan te batize yo nan larivyè Jouden an.

11 "Mwen menm, mwen batize nou nan dlo, pou fè wè nou tounen vin jwenn Bondye. Men, moun k'ap vin apre mwen an gen plis pouvwa anpil pase m'. Mwen pa bon ase menm pou m' ta wete sapat ki nan pye li. Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan dife".

Itilize pasaj Matye a pou w reponn kesyon sa yo. Aprè sa, jwenn repons ki nan soup lèt yo

JAN PRECHE NAN DEZÈ A ----- (V 1)

JAN TE DI KE PEYI WA KI NAN ----- LA TE PWÒCH. (V 2)

PWOFÈT ----- TE PALE OSIJÈ DE JAN. (V 3)

JAN SE TE ----- YOUN K AP RELE NAN DEZÈ A. (V 3)

JAN TE DI MOUN YO POU YO TE FÈ WOUT ----- POU JEZI. (V 3)

JAN TE GEN YON ----- FÈT AK PWAL CHAMO SOU LI. (V 4)

JAN TE MANJE KRIKÈT AK GATO ----- LI TE JWENN NAN BWA. (V 4)

JAN ----- MOUN YO NAN LARIVYÈ ----- (V 6)

JAN DI KE LI T AP ----- MEN GEN YOUN KI PLIS PWISAN
PASE LI. (V 11)

JAN TE DI TOUT MOUN KE MOUN KI TA GEN POU VINI AN (JEZI)
TE GEN POU BATIZE YO NAN ----- SEN AN AK DIFE. (V 11)

R M P Y R I R P S E L

P A S M E N L C È L J

H È D C Z I E H R N I

E Z A Y I V Z E L E D

M O Y U T S I M I D E

O Y M T A W D E Y U L

S Y È L B L A N E O W

N O S L M B L T R J O

JOU 3 - FÈY AKTIVITE ÈLÈV YO



ANTRÈNMAN DISIP: FÒMASYON POU MESAJE YO

Konfyans nan Jezi: "Bay ak Resevwa" - Lè yon moun vin konvèti an disip Jezi, li mete konfyans li nan Jezi. Aprann mete konfyans nan Jezi mande pou disip la fè bagay sa yo. Sa gen pou wè ak resevwa bagay sa yo tou ki va soti nan Jezi. Pwovèb 3:5-6 genyen twa bagay ke disip Jezi a dwe fè lè li mete konfyans li nan Jezi. Genyen twa bagay ke yo resevwa tou lè yo mete konfyans yo nan Jezi.

5 Mete tout konfyans ou nan Seyè a. Pa gade sou sa ou konnen.

6 Toujou chonje Seyè a nan tou sa w'ap fè. Li menm, l'a moutre ou chemen pou ou pran.

Sa Ke Disip La Dwe Fè

Konfye nan Jezi mande yon disip pou li remèt

tout _____ . (Vèsè 5)

Konfye nan Jezi tou siyifi ke mwen pa dwe mete

konfyans mwen nan pwòp _____ . (Vèsè 5)

Konfye nan Jezi siyifi ke mwen dwe toujou

_____ nan Li . (Vèsè 6)

Sa Ke Jezi Pral Fè Pou Disip La

Konfye nan Jezi siyifi ke l ap ede mwen lè mwen

pa _____ yon bagay. (Vèsè 5)

Konfye nan Jezi siyifi ke lè bagay yo parèt difisil,

L'ap _____ pou mwen pran. (Vèsè 6)

Konfye nan Jezi tou siyifi ke si mwen obeyi kòmand-

man li yo, L ap montre mwen _____ . (Vèsè 6)

JOU 3 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute mo ki manke yo.

**SEYÈ KI GEN TOUT _____ A
REPONN LI: "MWEN PARE POU MWEN _____
MESAJE MWEN POU _____ CHEMEN
AN DEVAN MWEN"** • MALACHI 3:1, NVE

MESAJE POU JEZI

MESAJE SALI A

SEYÈ KI GEN TOUT POUVWA
A REPONN LI: "MWEN PARE
POU MWEN VOYE MESAJE
MWEN POU PREPARE
CHEMEN AN DEVAN MWEN."

MALACHI 3:1, NVE



Jou 3

MESAJE
SALIA

MATYE 3
JAN BATIS





JOU 3 - TI ISTWA BIBLIK YO



JAN BATIS - MATYE CHAPIT 3 - YON AVANS POU JEZI!

Preparasyon Pou Lidè Istwa Biblik La

Enfòmasyon sa la nan lide pou ede lidè Istwa Biblik la prepare l' pou pataje istwa jounen an avèk timoun yo. Lè timoun yo tande istwa biblik la, yo resevwa plis pase yon istwa; yo tande yon mesaj ki enpòtan pou yo. Li pasaj ou jwenn aprè yo.

Lik 1:5–25 NVE – Pasaj sa nan Lik rakonte istwa lè Zakari ak Elizabèt te resevwa nouvel de ke pitit yo a, Jan Batis ta gen pou pran nesans. Ni fanmi Zakari ak fanmi Elizabèt te fè pati kò sasèdotal la--Zakari te soti nan branch fanmi Abyas epi Elizabèt te soti nan branch fanmi Arawon, pèsonaj prensipal istwa Jou 1 an. Nan pasaj sa, Lik rakonte kòman Zakari ki te sèvi kòm prèt disponib pou antre nan lye sen an pou ofri lansan. La menm li te rankontre ak zanj Seyè a ki te di li konsa: "Pa pè, Zakari. Bondye te tande lapriyè ou la. Elizabèt, madanm ou, pral ba ou yon pitit gason; ou va rele l' Jan. Ala kontan wa kontan lè pitit sa a va fèt! Anpil lòt moun va kontan tou lè sa a; L'ap fè anpil moun nan pèp Izrayèl la tounen vin jwenn Mèt la, Bondye yo a. L'ap mache devan Bondye nan menm lespri ak menm pouvwa pwofèt Eli te genyen an. L'ap fè papa vin byen ankò ak pitit; l'ap fè moun ki rebèl rive gen konprann tankou moun k'ap obeyi Bondye, l'ap pare yon pèp byen dispoze pou resevwa Mèt la." (Lik 5:13–14, 16–17)

Fanmi izrayelit yo te renmen genyen pitit gason paske se yo menm ki te konn chache manje pou fwaye a, travay tankou kiltivatè, antreprenè ak jounalis. Souvan fwa, lè yon koup pat kapab gen pitit, yo te konn santi yo wont. Konsa, lè Elizabèt te pran nouvel ke li ta pral genyen yon bebe, li te santi l kontan anpil. "Gade sa Mèt la fè pou mwen non! Se koulye a sa fè l' plezi pou l' wete dezonè m' devan lèzòm." (Lik 1:25)

Lik 1:39–45 NVE – Elizabèt te kontan anpil paske li ta pral genyen yon pitit. Li te plis kontan toujou lè li te aprann ke pitit li a ta genyen pou l te jwe yon wòl enpòtan nan lavi yon lòt timoun ki ta genyen pou fèt yon ti tan aprè. Nan pasaj sa, Elizabèt te reservwa vizit kouzin li Mari limenm li ta konvèti an manman Jezi. Pandan Elizabèt t'ap pwoche, li te fè yon gwo eksperyans. "Lè Elizabèt tande Mari di l' bonjou, pitit la pran sote nan vant li. Lamem Elizabèt vin anba pouvwa Sentespri. Li pran pale byen fò, li di konsa: Nan tout fanm ki sou latè, ou menm ou se yon fanm Bondye beni anpil. Pitit ki nan vant ou a tou Bondye beni li." (Lik 1:41–42)

Istwa A - Jan Batis: Yon Avans Pou Jezi - Matye 3

Pèsonaj santral istwa biblik Jou 3 se Jan Batis. Jan te rekonèt kòm anonsè pou Jezi. Yon anonsè se yon moun ki ale oubyen ke yo voye depi davans pou fè konnen ke yon moun sou wout pou l rive. Jan Batis te anonsè ki te resevwa lòd pou ale anonse ke lavi ki pap janm fini an te sou wout pou rive atravè Jezi ki se Kris la.

Li Matye 3:1–4, NVE

Jan pat yon predikatè moun te jwenn fasil. Bib la di nou ke li pat abiye menm jan ak tout moun. Li te abiye ak po bèt epi li te viv nan dezè a. Genyen kèk moun ki te poze kesyon, de kisa nonm etranj sa ap pale la a. Men genyen anpil moun tou ki pat kite yo distrè pou aparans epi yo te koute mesaj la. Yo te aksepte mesaj pou yo te sispann fè peche kont Bondye a epi pèmèt ke Jan batize yo epi prepare yo pou Jezi.

Li Matye 3:7–12, NVE

Farizyen ak sadiseyen te lidè nan Jerizalèm ki te kwè yo t ap sèvi Bondye. Byen souvan, yo te konn tante obsève yon bann règ epi fè moun ki pa obsève yo pran wont. Anpil nan règ yo a pat soti nan Bondye, men pito se yon kokenn chenn règ ke yo menm menm te envante pou ajoute nan règ Bondye yo.



JOU 3 - TI ISTWA BIBLIK YO



Jan Batis te konnen ke lidè sa yo te danjere. Règ yo t ap anseye yo pat ede moun yo konnen ak renmen Bondye ak lòt moun. Sa te fè Jan fache. Li te avèti farizyen ak sadiseyen yo ke yo te gen pou yo pèdi pozisyon yo, menm jan ak move sakrifikatè nan tan Arawon yo, si yo pat chanje fason yo.

Li Matye 3:13–17, NVE

Nan epòk Jan Batis la, batize te yon siyal espesyal pou repantans. Se te yon pratik ki te demontre ke yon moun te abandone lavi peche li a epi kòmanse yon nouvo lavi pou Bondye. Jan pat santi li diy pou li te batize Jezi paske Jezi se te Pitit Bondye a. Men Jezi te pèmèt Jan batize li pou ke tout moun te konnen ke yo te kwè nan menm mesaj la epi yo te renmen Bondye

Kisa Nou Te Aprann Nan Istwa Jodi A?

Di timoun yo – Se Bondye ki te chwazi Jan Batis pou di pèp la ke Jezi te prèt pou rive.

Ede Timoun Yo Vin Disip Jezikris

Ede timoun yo mande Jezi vin viv nan kè yo se devwa ki plis enpòtan ke w kapab genyen pou w reyalize. Pou sa, lidè yo dwe byen prepare pou ede timoun yo pandan moman ki petèt pi enpòtan nan lavi timoun yo. Sa mande pou lidè istwa bibliik la mande prezans kèk nan kò dirijan yo oubyen plizyè lòt kreyen ki gen matirite nan moman dewoulman istwa bibliik twazyèm jou a. .



MESAJE SALI A



JOU 3 - TI VÈSÈ POU APRANN YO



JOU 3 - VÈSÈ POU APRANN - MESAJ NAN KÈ M NAN - MALACHI 3:1A

Ti Mesaje Pou Jezi – Vèsè Pou Aprann – Mesaj Nan Kè M Aan Analiz Jeneral Ak Enfòmasyon Pou Lidè A

Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip li yo. Lè pitit Bondye yo gade Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk direksyon ak lanmou Bondye a. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj Bondye a pou yo kapab vin mesaje Bondye devan mond lan.

Tèm twazyèm jou Mesaje Pou Jezi yo se Mesaje sali a. Lide a se anseye timoun yo ke youn nan mesaj ki plis enpòtan ke yon mesaje Bondye kapab bay se osijè de kòman yon moun kapab konnen Jezi kòm Sovè li. Sa rele lavi ki pap janm fini an. Istwa biblik twazyèm jou a pale de istwa Jan Batis. Jan te yon mesaje espesyal ke Bondye te rele pou pwoklame lavi ki pap janm fini an bay lòt yo ki ta gen pou vini atravè Jezikris. Vèsè jounen an se nan Malachi. Malachi te yon mesaje Bondye, plis pase 500 ane avan nesans Jan Batis, deja li te kòmanse ap bay mesaj sali a ki ta gen pou vini atravè Jezi.

Malachi 3:1a (NVE) – *“Seyè ki genyen tout pouvwa reponn epi li di konsa: ‘Men m’ap voye mesaje mwen devan pou l’ pare yon chemen pou mwen’”.*

Li vèsè pou aprann nan Jou 3 ansanm avèk timoun yo. Esplike yo ke vèsè a soti nan yon liv nan Bib la ki te ekri depi Jan Batis ak Jezi te fèt. Mesaje ki te chwazi a, Malachi, pa ta viv pou wè pawòl li yo tounen reyalyte. Men, li te obeyi Bondye avèk fidèlite epi bay mesaj li te voye l bay la. Bib la ranpli ak mesaj enpòtan Bondye, epi Bondye toujou ap chèche mesaje fidèl pou li bay pawòl sa yo. Nan tout mesaj enpòtan yo ke nou jwenn nan Bib la, pa genyen youn ki plis enpòtan menm jan ak mesaj ki osijè de Jezi a ak lavi ki pap janm fini ke Li pote a. Kòm disip Jezi, Bondye rele nou pou nou bay mesaj Jezi a ak lavi ki pap janm fini li an ak tout moun. Itilize mouvman yo, aksyon ak fraz ki parèt anba yo pou w ede timoun yo aprann vèsè sa. Pi ba a, w ap jwenn yon vèsyon ki rezime vèsè a. Si li bon pou pataje vèsè a avèk timoun yo ankè, ede yo memorize vèsyon kout sa pral bay plis fòs ak baz biblik jounen an.

“Seyè a ki genyen (lonje dwèt sou syèl la) tout pouvwa (pretann mete yon kouwòn sou tèt li) reponn epi li di konsa: (mete yon men w nan chak bò bouch ou) ‘Men m’ap voye mesaje mwen devan pou l’ pare (pretann bay yon bagay fòm pandan w ap itilize men ou yo) yon chemen pou mwen.’” (fè yon kwa avèk ponyèt ou yo).



JOU 3 - TI FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA YO



NON -----

JOU 3 - TÈM MESAJE SALI A

JOU 3 - TI MESAJE POLI JEZI YO
FOKIS SOU LAPRIYÈ

Chè Jezi,
Ede m obeyi mesaje ke w chwazi
ki pou anseye m yo.

JOU 3 - BAZ BIBLIK

Istwa biblik twazyèm jou a prezante timoun yo Jan Batis. Jan te yon mesaje espesyal ke Bondye te chwazi pou anonse lavi ki pap janm fini an ki te pwòch. Sa te lavi ki pap janm fini an ke nou kapab jwenn sèlman nan Jezi. Nou jwenn pasaj sa nan Matye 3:1-6 ak 11.

1 Lè sa a, Jan Batis parèt nan dezè Jide a. Li t'ap mache bay mesaj sa a. 2 Li t'ap di: "Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l'". 3 Se sou Jan pwofèt Ezayi t'ap pale lè l' te di: "Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout Seyè nou an. Plani chemen an byen plani pou li". 4 Jan te gen yon rad fèt ak pwal chamo sou li, li te mare ren l' ak yon sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato myèl li te jwenn nan bwa. 5 Moun soti lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide a ak nan tout vwazinaj larivyè Jouden an, yo tout te vin jwenn Jan. 6 Yo te konfese peche yo devan tout moun. Apre sa, Jan te batize yo nan larivyè Jouden an.

11 "Mwen menm, mwen batize nou nan dlo, pou fè wè nou tounen vin jwenn Bondye. Men, moun k'ap vin apre mwen an gen plis pouvwa anpil pase m'. Mwen pa bon ase menm pou m' ta wete sapat ki nan pye li. Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan dife".

Mo ke w ap jwenn nan lis anba a yo se mo kle pasaj biblik la. Jwenn chak mo epi fè yon wonn alantou yo chak.

R	M	P	Y	R	I	R	P	S	E	L
P	A	S	M	E	N	L	C	È	L	J
H	È	D	C	Z	I	E	H	R	N	I
E	Z	A	Y	I	V	Z	E	L	E	D
M	O	Y	U	T	S	I	M	I	D	E
O	Y	M	T	A	W	D	E	Y	U	L
S	Y	È	L	B	L	A	N	E	O	W
N	O	S	L	M	B	L	T	R	J	O

Lis Mo Yo

Jide
Syèl
Ezayi
Chemen
Dwat
Rad
Myèl
Batize
Jouden
Vini
Lespri



JOU 3 - TI FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA YO



ANTRÈNMAN DISIP: FÒMASYON POU MESAJE YO



Disip Jezi Yo Dwe...

KONFYE NAN JEZI

JOU 3 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute mo ki manke yo.

**SEYÈ KI GEN TOUT ----- A
REPONN LI: "MWEN PARE POU MWEN ----
MESAJE MWEN POU ----- CHEMEN
AN DEVAN MWEN" • MALACHI 3:1, NVE**

JOU 4

MESAJE
VERITE A

JAN 9
JEZI





JOU 4 - ANALIZ JENERAL AK SESYON ENTWODIKSYON

Byenvini: Lè w'ap akeyi timoun yo nan premye jou lekòl biblik vakans mesaje Pou Jezi yo, w'ap genyen privilèj pou w' kreye yon anbyans pou yon semèn sipriz. Youn nan bon fason pou timoun yo konprann ke lekòl biblik vakans lan ap kòmanse, se nan repwodiksyon chan prensipal Mesaje Pou Jezi yo, oubyen kèk nan lòt chan ki te konpoze pou lekòl biblik vakans yo.

Salitasyon: Pran yon ti tan pou w' di timoun yo byenvini, pandan w'ap di kijan w' kontan dèske yo vini. Prezante tèt ou, prezante lidè chak depatman yo, chak volontè ak manm pèsonèl yo.

Lapriyè Entwodiksyon: Envite Kris nan lekòl biblik ou a atravè lapriyè pandan w'ap kòmanse chak sesyon. Bat pou chak swa se yon moun diferan ki fè lapriyè sa.

Tèm Ak Fondman Biblik Mesaje Pou Jezi Yo: Prezante tèm prensipal lekòl biblik la. Di timoun yo ke semèn sa yo pral aprann osijè de plizyè mesaje diferan ke Jezi itilize yon fason pou ede yo aprann plis de Li, epi kòman yo menm tou yo kapab vin tounen mesaje pou Jezi. Sa se pral yon moman espesyal tou pou prezante yo pasaj biblik ki pral itilize kòm fondman mesaje Pou Jezi yo, 2 Korentyen 5:20a, "Konsa, nou se anbasadè pou Kris".

Tèm Jounalye Ak Baz Biblik: Pataje tèm Jou 4 avèk timoun yo ki di: Mesaje verite nou yo, menm jan ak baz biblik jou 4 ki se: Jezi.

Adorasyon Atravè Kantik: Apre w' fin prezante tèm jounalye a avèk baz biblik la, sa se yon moman espesyal pou w' fè timoun yo louwe ak adore. Tou depann de kantite tan ke w' genyen, si w' chante de kantik mesaje pou Jezi yo ansanm ak timoun yo se ap yon bon fason pou w' ede yo santi yo kontan nan kòmansman lekòl biblik la.

Sketch Pou Entwodiksyon An: Pran yon ti tan pou w' prezante sketch entwodiksyon an pandan w'ap fè lekti sa: Mesaje Jezi yo genyen yon mesaj byen enpòtan pou nou jodi a. Yo vle rakonte nou kilès Jezi ye ak pou ki rezon ke Li vle pou nou chak vin tounen mesaje pou Li tou. Nan chak sesyon lekòl biblik la, n'ap konnen youn nan mesaje Jezi yo epi nou pral tandè mesaje ke yo chak te resevwa lòd pou bay. Mesaje Jezi yo travay anba kontwòl Katyemèt, li menm ki la pou distribye sèvis bay mesaje pou Jezi yo. Lè genyen yon mesaj enpòtan ki dwe anonse, sèvis mesaje pou Jezi yo pa genyen konparezon! Jodi a nou retounen rankontre ak Katyemèt epi nou pral rekonèt Emisè. Emisè gen yon kè ki santre sou Jezi epi genyen pasyon pou l bay mond lan Verite Jezi a. Nou dwe mete tout atansyon nou nan Katyemèt ak Emisè pou nou koute mesaj enpòtan ke yo genyen pou ban nou jodi a.

Pwojè Ofrann Misyonè: Prezante pwojè Ofrann misyonè Timoun yo ki gen pou wè ak ane sa. Ou kapab pwofite moman sa pou w' ranmase ofrann ke timoun yo te pote yo.

Konklizyon Sesyon Entwodiksyon An: Avan w' voye timoun yo al pran plas yo nan depatman lekòl biblik la, fè yo chante youn nan kantik Mesaje pou Jezi yo yon lòt fwa ankò, ofri yon lapriyè envokasyon, oubyen fè tou de bagay yo.

JOU 4 - SKETCH ENTWODIKSYON



JOU 4 - SKETCH ENTWODIKSYON - EMISÈ - MESAJE POU JEZI!!

Sketch entwodiksyon pou Mesaje Jezi yo te kreye nan lide pou prezante tèm ak istwa bibliik jounalye yo bay timoun yo. Yo pral sèvi tou pou fè timoun yo patisipe nan chak evènman. Paj obsèvasyon jeneral ak sesyon entwodiksyon an, ni nan gid direktè tankou nan gid lidè a, genyen yon entwodiksyon pou chak sketch. Li entwodiksyon sa anvan chak sketch.

Prepare Sèn Nan

Chak skit chak jou pran plas nan biwo Kòmand Santral mesaje yo pou sèvis livrezon Jezi ki se Kris la. Sèvis livrezon sa a espesyalize nan delivre mesaj ki trè enpòtan pou Jezi. Li se yon bagay ki byen kouran pa pa mwayen Katye mèl la. W'ap toujou jwenn Katye mèl la ap travay di nan biwo prensipal Kòmand Santral la. Sa a se kote yo resevwa tout mesaj ki enpòtan yo.

Sketch Entwodiksyon

Nan kòmansman Jou 4, Katyemèt la byen okipe nan travay li nan Kòmman Santral la lè li tande son yon mesaj ki antre pou li anonse (chwazi yon son ki pou sèvi pou reprezante alam Sèvis mesaj ki antre yo; li kapab son telefòn ou oubyen nenpòt kalite son ki kapab kapte atansyon timoun yo). Alam nan ap fè Katyemèt la konnen ke li resevwa yon mesaj enpòtan. Katyemèt la reponn alam nan.

Katyemèt – (Li ta bon pou Katyemèt ta genyen kas, men w'ap kapab itilize nenpòt kalite telefòn. Sèn nan kòmanse yon fwa Katyemèt reponn apèl la lè li fin tande son alam nan). W'ap kominike avèk Sèvis Remisyon Mesaje pou Jezi yo. Mesaj ou a se pi gwo priyorite nou. Se Katyemèt la k'ap pale avèk ou la, kòman mwen kapab ede w'? (Katyemèt la dwe koute moun k'ap pale nan lòt liy nan avèk anpil atansyon). Wi, mwen konprann. (Katyemèt la dwe ekri mesaj la nan yon kaye oubyen, nan yon òdinatè). Sa se tout? Trè byen. Mwen pral voye mesaj sa kounye a. Mwen genyen moun ki ka fè travay sa byen (Katyemèt la mete fen ak apèl la apre sa li pale avèk Emisè. Ou kapab fè Katyemèt itilize menm telefòn nan oubyen li kapab itilize lòt mwayen ki sèvi pou sistèm kominikasyon entèn). Atansyon, Emisè. Tanpri, peye prezans ou nan Kòmman Santral la.

Emisè – (Aprè yon ti tan, Emisè antre nan sèn nan) Emisè la pou sèvis ou.

Katyemèt – Emisè, mwen genyen yon mesaj enpòtan ki mande yon kalite remisyon espesyal.

Emisè – Mwen santi mwen fyè dèske w te panse avèk mwen. Rakonte m plis osijè de mesaj sa.

Katyemèt – Yo t ap itilize yon nouvo medikaman nan plizyè klinik veterinè, li menm ki ede nan fè zye yo wè pi byen.

Emisè – Sanble se yon medikaman enpòtan.

Katyemèt – Wi, se yon dekouvèt enpresyonan.

Emisè – Ebyen kijan koze a ye menm. ?

Katyemèt – Youn nan klinik yo te resevwa vizit yon ti zwazo ki rele Sara, li menm ki pat kapab wè trè byen. Sara te popilè anpil akoz li te konn vole akote enkòrèk nyaj yo, li pèdi ekilib epi frape kont fenèt ki fèmèn, epi de tanzantan li kòmanse ap frape kont gwo kay yo.

Emisè – Podyab. Daprè mwen, Sara bezwen yon pati nan medikaman sa.

Katyemèt – Wi, definitivman li bezwen yon bagay ki pou amelyore vizyon li. Men jouskaprezan, medikaman sa sèlman itilize pou ede zwazo ki pa genyen gwo pwoblèm vizyon yo. Pèsòn pat panse ke li ta gen pou fonksyone avèk zwazo ki genyen vizyon tèlman pa bon.

Emisè – Ebyen, èske yo te bay Sara medikaman?

Katyemèt – Nan kòmansman, yo pat vle ba li l. Yo pat panse ke li t'ap kapab ede li epi yo te pè pou yo pat fè li vin pi grav. Men devine yon bagay?

Emisè – Kisa?



DAY 4 - OPENING SKIT

Katyemèt – Sara te konvenk yo pou yo te ba li yon ti medikaman, epi lè yo te fè l konsa, genyen yon bagay enpresyonan ki te pase.

Emisè – Kisa ki te pase?

Katyemèt – Kounye a Sara kapab wè san okenn pwoblèm.

Emisè – Sa se yon bagay enpresyonan vre.

Katyemèt – Wi, wi se konsa. Men, genyen yon pwoblèm.

Emisè – Ki pwoblèm li ye?

Katyemèt – Lè Sara retounen nan vil kote li te fèt la, li rakonte tout zwazo ke kounye a li te kapab wè byen, lòt zwazo yo te montre yo byen sispèk. Genyen kèk pami yo ki te panse ke se pat menm zwazo a. Genyen anpil lòt ki te panse ke petèt Sara pat janm genyen okenn pwoblèm vizyon vre.

Emisè – Èske w vle di mwen ke yo te panse ke se fòse Sara t ap fòse di ke li malad nan zye? èske yo te panse ke Sara t ap plede frape kò li nan gwo kay yo pa eksprè?

Katyemèt – Se sa menm.

Emisè – Sa fè mwen sonje yon istwa nan Bib la ke mwen fenk sot koute.

Katyemèt – Ki istwa sa?

Emisè – Se osijè de yon nonm ki te avèg depi li fèt. Yon jou, Jezi te rive nan vil li a epi geri li. Men, genyen kèk nan lidè relijye yo ki pat renmen Jezi, yo pat vle kwè ke nonm nan te geri vre. Paran li yo te di lidè yo ke pitit yo a te avèg depi lè li te fèt epi kounye a li te kapab wè. Men, lidè yo pat kontan.

Katyemèt – Ala de koze.

Emisè – Wi. Epi olye pou yo te fete ansanm avèk nonm nan, yo te kòmanse ap di ke si nonm nan te geri vre, Jezi pat dwe fè gerizon an nan jou repo a.

Katyemèt – Sanble ke lidè sa yo te plis enterese pou règ yo ke selebre mirak ke Jezi te fè a.

Emisè – Se sa menm. Lidè relijye yo te kòmanse di ke Jezi se yon pechè. Finalman, nonm nan pat ka sipòte yo ankò. Bib la di ke li te di lidè relijye yo konsa, "Si (Jezi) se pechè, mwen pa konnen (...)Yon sèl bagay ke mwen konnen, se ke mwen te avèg epi kounye a mwen wè!"

Katyemèt – Ou konnen yon bagay, Emisè?

Emisè – Kisa?

Katyemèt – Mesaj ke mwen vle bay la sanble ak sa nonm nan te di lidè relijye yo nan istwa biblik la.

Emisè – Kòman sa?

Katyemèt – Mwen apèn sot resevwa yon apèl ke youn nan doktè k ap travay nan devlopman nouvo medikaman yo. Doktè sa genyen prèv de sa ke Sara te rakonte di li geri a se verite, epi li bezwen pou w bay mesaj sa ak moun ki pa kwè ke li te geri yo.

Emisè – Se pral yon lonè pou m bay mesaj sa. Mwen prale kounye a menm (Emisè fè byen vit pou l kite sèn nan.)

Lidè – Wow! Ala yon istwa tèlman enteresan ki pale de ti zwazo sa. Mwen espere ke mesaj Emisè pral bay la ede lòt yo kwè ke Sara te geri tout bon vre. Lè nou retounen rasanble ankò nan sesyon konklizyon an, nou pral wè Katyemèt ak Emisè pou nou konnen sa ki te pase.

JOU 4 - SESYON KONKLIZYON



SESYON KONKLIZYON

Byenvini: Lè timoun yo retounen pou sesyon konklizyon an, mande lidè mizik ou a pou l' fè timoun yo chante youn nan chan Mesaje pou Jezi yo.

Salitasyon: Di timoun yo byenvini yon lòt fwa ankò. Pran yon ti moman pou w' repase istwa biblik Jou 4 ansanm avèk timoun yo: Mesaje Verite a epi poze timoun yo kèk kesyon ki enpòtan sou leson an. Ou kapab mande youn nan timoun yo resite vèsè memwa Jou 4 la, Sòm 66:16, oubyen tèm Jou 4 la: Mesaje Verite a.

Sketch Konklizyon an: Prezante sketch konklizyon an (aprè sa) li sa: pandan tout semèn sa, n ap swiv evènman Sèvis Remisyon Mesaj pou Jezi yo. Se la n'ap jwenn katyemèt la ak mesaje li yo, yo menm k'ap akonpli apèl yo kòm mesaje pou Jezi. Dènye fwa ke nou te wè Emisè, li te sou wout pou l ale bay yon mesaj enpotan. Menm jan avèk nonm avèg ke Jezi te geri nan istwa jodi a, te genyen yon ti zwazo ki te vin wè gras ak yon nouvo medikaman. Pou kèk motif, pèsòn pat kwè li. Sepandan, Katyemèt te resevwa yon apèl ki te konfime ke sa Sara t ap di a se te verite. Sa se te mesaj ke Emisè te dwe bay la. Ann gade si tout bagay te byen pase.

Pwojè Ofrann Misyonè: Ankouraje timoun yo pale ak zanmi ak fanmi yo osijè de sa yo te aprann sou pwojè Ofrann Misyonè Timoun k'ap atenn lòt Timoun yo.

Fen Sesyon konklizyon an: Pi bon fason pou nou mete fen ak yon sware lekòl biblik se pandan n'ap chante yon kantik. Aprè kantik la, pran yon ti tan ankò pou w' pataje tèm nan ak leson kle ki te anseye yo ansanm ak timoun yo pandan jounen an. Fè pase nenpòt anons enpòtan ni pou timoun yo tankou lidè yo. Mete fen pa mwayen lapriyè.

**JEZI SE MESAJE
VERITE A!**



JOU 4 - SKETCH KONKLIZYON

JOU 4 - SKETCH KONKLIZYON - EMISÈ: MESAJE POU JEZI!

Sketch konklizyon mesaje pou Jezi yo fèt nan lide pou ede timoun yo repase tèm nan, istwa biblik ak lòt eleman yo ak lesan enpòtan chak jou yo. Sesyon konklizyon pou lekòl biblik chak jou a twouve li ni nan gid direktè a menm jan ak nan gid Lidè a ki genyen yon entwodiksyon ki dwe li avan chak sketch konklizyon.

Prepare Sèn Nan

Chak sketch chak jou yo dwe fèt nan Biwo Kòmman Santral Sèvis Remisyon Mesaje Pou Jezi yo. Sèvis remisyon sa yo sou responsablite Katyemèt la epi li la pou bay mesaj ki enpòtan pou Jezi yo. Nan Kòmman sketch konklizyon jou 2, Katyemèt la byen okipe nan travay Kòmman Santral la, lè Anonsè retounen pou remèt mesaj Jezi a.

Sketch Konklizyon

Emisè – (Emisè antre nan sèn nan), Ala yon pwogrè tèlman mèvèye!

Katyemèt – Èske w te kapab jwenn Sara epi bay mesaj la?

Emisè – Wi, mwen te kapab jwenn li; epi mwen te bay mesaj la.

Katyemèt – Ebyen, kijan sa te pase menm? Èske lòt ti zwazo yo rann yo kont ke Sara te bay verite?

Emisè – Bon, genyen kèk pami yo ki te rann yo kont. Men malerezman, genyen plizyè lòt ki pat rann yo kont de sa.

Katyemèt – Rakonte mwen plis bagay.

Emisè – Lè mwen te rankontre avèk Sara, mwen di li ke doktè a te rele nou. Mwen di li ke doktè a te bay prèv ki klè ke zye li te geri. Epi èske w konnen sa Sara fè?

Katyemèt – Kisa?

Emisè – Apre li fin di mwen mèsè pou mesaj la, li menm te mande mwen si mwen te pataje mesaj doktè a, li konnen ke genyen kèk pami zwazo yo ki pat kwè epi gen lòt ki te kontinye ap doute. Men sa pat mele li si yo te kwè oubyen non, sa ki enpòtan se ke li menm li konnen verite a. Li konnen ke se Bondye ki te geri li epi kounye a li te kapab wè! Li konnen ke se Bondye ki te geri li atravè medikaman doktè yo, se menm jan ke Jezi te geri nonm avèg la! Li konnen ke se te verite paske li te kapab wè syèl ble a, solèy dore, ak tout zanmi ak fanmi li yo pibyen pase avan. Se sa ki enpòtan reyèlman.

Katyemèt – Wow! Sara te konprann ke se sèlman sa ki enpòtan. Li sanble ak nonm nan istwa biblik la anpil. Nonm nan istwa a te konnen ke, zafè moun ki te vle kwè li oubyen non, sèlman li te avèg, men kounye a li te kapab wè.

Emisè – Se byen. Men, èske w konnen kisa Sara fè apre sa?

Katyemèt – Kisa?

Emisè – Li siyen yon kontra avèk nou pou nou bay yon mesaj. Li vle pou nou bay doktè a avèk ekip li a yon mesaj. Sara vle di yo mèsè dèske yo te kreye bon medikaman sa.

Katyemèt – Sara vin plis sanble ak nonm istwa a. Nonm nan istwa a te konnen ke Jezi te geri li epi li te konnen ke se te gras ak pouvwa Bondye nan Jezi. Li te kontan paske atravè mirak la li te aprann osijè de kimoun Jezi te ye. Jezi se te Mesaje Verite a.

Emisè – Katyemèt, èske w ban mwen pèmasyon pou m bay doktè yo dezyèm mesaj sa?

Katyemèt – Wi monchè! (Emisè kite sèn nan.)

Lidè – Ala yon gwo nouvèl! Sara pat sèlman kapab wè pi byen pase avan, men tou li ta kapab wè sa ki pi enpòtan reyèlman. Epi si menm jan Katyemèt te di nou an, se menm verite a osijè de Jezi ak mesaj ke Li genyen pou nou avèk tout mond lan.

JOU 4 - ISTWA BIBLIK



JEZI - JAN 9 - MESAJE VERITE A

Preparasyon Pou Lidè Istwa Biblik La

Enfòmasyon sa la nan lide pou ede lidè Istwa Biblik la prepare l' pou pataje istwa jounen an avèk timoun yo. Lè timoun yo tande istwa biblik la, yo resevwa plis pase yon istwa; yo tande yon mesaj ki enpòtan pou yo. Li pasaj ak enfòmasyon w ap jwenn aprè yo.

Timoun yo ap viv nan yon tan ki pote anpil konfizyon. Genyen anpil vwa ki deklare ke laverite se yon bagay ki relatif oubyen tousenpleman li pa egziste. Sepandan, Bib la pale klè osijè de verite a. Jezi te toujou pale laverite. Jezi te yon Mesaje Verite a atravè Pawòl avèk aksyon li yo. Lè Pilat te poze Jezi kesyon pou mande li kilès Li te ye ak poukisa lidè relijye jwif yo te kondane li, Jezi te di konsa, "Se pou sa mwen te fèt, epi se poutèt sa mwen vini nan mond lan: pou bay temwayaj de verite a" (Jan 18:37, NVE). Li te pataje misyon li a lè li te di disip li yo konsa, "Mwen se chemen an, verite a ak lavi a (...) Pèsòn pap rive al jwenn Papa a si li pa pase pa mwen menm" (Jan 14:6, NVE).

Nan konfwontasyon li avèk lidè relijye jwif yo lè li te fin geri nonm avèg la, Jezi di yo konsa, "Mwen se limyè mond lan. Moun k ap swiv mwen pap mache nan fènwa, okontrè, l ap gen limyè lavi a" (Jan 8:12, NVE).

Verite a pote limyè, epi vrè limyè a klere totalman. Limyè ki byen klere a nwi nou lè je nou yo abiye ak fènwa. Limyè verite ki revele nan Jezi a dekouvri peche ki nan kè moun yo, ki kreye yon konsyans inevitab osijè de peche y ap komèt yo, lawont ak separasyon yo ak Bondye. Poutan, ant limyè verite nan Kris la avèk fènwa espirityèl ke n ap viv la tèlman parèt klè ke menm koze pran konsyans lan vin fè nou mal souvan pafwa. Pafwa li tèlman fè mal, nou pa kapab inyore li, men, kisa nou kapab fè ak sa?

Repons lidè jwif yo se te tante elimine limyè a, etèn li. Gen anpil lòt ki te tante kache pou limyè a pat klere yo, pandan y ap di ke pa genyen okenn verite ki egziste vre, ke Jezi pa genyen verite absoli a epi se pa sèl chemen pou rive jwenn Bondye, oubyen plede ap di ke Bondye pa egziste vre! Repons sa menm bay plis fènwa kòm rezilta.

Lòt repons lan se rekonèt peche nou yo epi mache pou antre nan limyè a. Lè nou konnen Jezi, sous limyè ak verite a, peche nou yo va resevwa padon, fènwa a bay limyè a plas li a, epi nwit espirityèl la vin konvèti an jou ki pap janm fini avèk prezans Bondye a. Sa posib sèlman atravè verite a, lanmou ak limyè Bondye ki revele nan Jezikris. Se poutèt sa ke Jezi te di ke li se sèl chemen ki mennen al jwenn Papa a...epi sa kontinye kòm verite a jouk jounen jodi a!

Konprann avègman espirityèl la se kle pou nou konprann rezon ki fè ke farizyen yo pat kapab wè verite ak limyè ke Jezi t ap pwoklame a. Kòm egzanp, nonm avèg la, li menm ki te konsidere kòm modi akòz de peche depi nesans li, li te resevwa vizyon fizik ak espirityèl. Sa se te yon gwo mirak ki te pase atravè gras Bondye. Se yon leson ke nou tout dwe sonje nan gade sou laj ke nou genyen.

Istwa--Jezi: Mesaje Verite A - Jan 9

Pèsonaj biblik katriyèm jou a se Jezi. Li te Pitit Bondye a, sa siyifi ke avèk epi atravè Papa l, Li te kapab fè bagay ki enkwayab ak espesyal. Kèk nan bagay sa yo ke Li te fè pandan lavi sou tè sa yo te rele "mirak".

Li Jan 9:1-7

Nonm nan te fèt tou avèg. Malgre kwayans komen ki te egziste nan epòk li a, avègman li a se pat rezilta peche li oubyen peche paran li yo. Avègman nonm nan te bay yon opòtinite pou ke Jezi te fè yon mirak epi revele verite a osijè de Idantite li.



JOU 4 - ISTWA BIBLIK

Li Jan 9:8-12

Mirak ki te fèt nan istwa sa te tèlman enpresyonan, li te difisil pou anpil moun ki te la kwè ke se te verite. Lè gen mirak ki fèt nan mond nou an, anpil fwa li difisil pou nou kwè ke sa ki pase a se yon bagay reyèl.

Li Jan 9:13-25

Farizyen yo nan istwa a se te moun ki te byen antrene kòm lidè relijye. Sa siyifi ke yo te etidye non sèlman pawòl la, men tou, yo te etidye tout lwa jwif ki te egziste nan epòk yo a. Avèk tout edikasyon sa yo osijè de Pawòl la, yo te dwe rekonèt gerizon sa kòm yon mirak ki soti nan Bondye. Men, lè yo te refize rekonèt gerizon nonm avèg la kòm yon mirak, ni kwè nan verite osijè de Jezi a, yo te demontre ke yo te avèg fas ak sa ke Bondye t ap fè atravè Jezi yo. Avègman sa fas ak zèv Bondye yo nan mond nou an tou fè ke moun yo pa kapab wè verite a jodi a.

Kòm diferans de farizyen yo, nonm avèg ki te geri a pat genyen dout osijè de verite a oubyen osijè de sa ki te pase a. Li te reponn, "Si se pechè, mwen pa konnen (...). Sèl bagay mwen konnen, se ke mwen te avèg epi kounye a mwen wè" (Jan 9:25)

Li Jan 9:35-41

Se pat yon sipriz pou Jezi lè farizyen yo pat kwè istwa nonm avèg la. Lè Jezi te rankontre ak nonm ke li te geri a, li mande li "èske w kwè nan Pitit lòm nan?" Tèm sa, "Pitit lòm nan" se te fason ke Jezi te fè nou konnen ke se Limenm ki te Mesi a, Sovè ki te pwomèt la ak Pitit Bondye a. Nonm ki te avèg la te reponn li di, "Mwen kwè, Seyè" epi menm kote a li te geri de avègman espiyèl li a. Sepandan, farizyen yo pat kwè nan sa ke Jezi te di ak fè yo. Se poutèt sa ke yo pat kapab wè ke Jezi se mesaje Bondye ki te pote verite ak lavi ki pap janm fini an pou yo ak rès mond lan.

Kisa nou te aprann nan istwa jodi a?

Mande timoun yo – Kimoun ki kapab site yon bagay nouvo ke li te aprann nan istwa jodi a?

Di timoun yo - Lè mwen aplodi avèk menm mwen, mwen vle pou nou tout rete trankil, fèmen je nou epi kite li fèmen jouskaske mwen aplodi ankò (aplodi epi rete tann 20-30 segond avan pou w tounen aplodi). Èske nou imajine nou jan sa dwe difisil pou yon moun pase tout lavi li san li pa kapab wè? Konbyen sa difisil pou li jwenn yon bagay li ki pèdi...oubyen menm konnen si li pèdi yon bagay? Se konsa avègman espiyèl la ye. Genyen anpil moun ki pa menm rann yo kont si yo avèg espiyèlman paske yo toujou ap viv nan fènwa espiyèl!

Di timoun yo - Jezi te geri avègman fizik nonm nan epi li te geri avègman espiyèl li a tou. Kòman avègman espiyèl nonm nan te fè geri? Pou ki rezon avègman espiyèl farizyen yo pat jwenn gerizon?

Mande timoun yo – Kimoun Jezi te di Li ye? (Kite timoun yo reponn).

Mande timoun yo – Jezi te di ke Li se Pitit lòm nan. Sa se yon lòt fason pou Li te di ke Li se Bondye epi lòm tou. Kòm Bondye, tout sa ke Jezi te di ak fè, se te pou ede nou konnen verite a. Lè moun sa yo tankou farizyen yo pat kwè ke Jezi te Bondye, yo te refize kwè ke sa ke Jezi te di ak fè se te pou anseye nou osijè de Bondye.

Di timoun yo - Jounen jodi a genyen anpil mesaj ak mesaje twouble. Anpil ladan yo vle pou nou kwè nan bagay ki pa bon pou lavi nou. Men, Jezi se mesaje verite a. Lè nou koute pawòl Jezi yo oubyen li osijè de sa ke li te fè yo, nou kapab kwè ke se verite. Epi lè nou chwazi kwè ke Jezi se mesaje verite a, Li va ede nou konprann verite a pi plis chak jou, epi li va ede nou konnen kisa nou dwe fè ak kòman pou nou viv.

JOU 4 - VÈSÈ POU APRANN



JOU 4 - VÈSÈ POU APRANN - MESAJ NAN KÈ MWEN - SÒM 66:16

Lekòl Biblik Vakans Mesaje Pou Jezi yo - Mesaj Nan kè Mwen - Analiz Jeneral ak Enfòmasyon Pou Lidè a Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip li yo. Lè pitit Bondye yo gade Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk direksyon ak lanmou Bondye a. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj Bondye a pou yo kapab vin mesaje Bondye devan mond lan.

Jou 4 - Vèsè Pou Aprann - Sòm 66:16

Tèm katriyèm jou lekòl biblik vakans lan se Mesaje Verite a. Nan yon mond ki plen ak mesaj konfizyon, nou kapab toujou jwenn verite Jezi a. Yon gran pati nan pataje mesaj verite Jezi a se lè nou rakonte lòt yo sa ke Jezi fè pou nou. Timoun yo dwe ankouraje pou konnen ke pouvwa Bondye ap travay nan lavi yo epi pare pou pataje eksperyans yo avèk lòt moun. Vèsè biblik pou aprann jodi a se (Sòm 66:16) ki pral santre sou ede timoun yo pataje ak pwochen yo sa Jezi fè pou yo.

Sòm 66:16 (NVE) – “Vini non, noun menm ki genyen krentif pou Bondye, koute byen, mwen pral rakonte nou sa li fè pou mwen.”

Reyalize fè reyapantisaj vèsè a enteresan ap itil anpil pou timoun yo kapab kenbe Pawòl Bondye a nan kè yo. Yon fason pou sa rive reyalize, se nan ajoute aksyon nan dewoulman aprantisaj la. Asireman, repete mo yo tankou yon jako repèt pa tèlman enpòtan si li pa akonpanye ak konpreyansyon, konsa li enpòtan pou nou chwazi aksyon ki gen pou wè ak konpreyansyon. Resite vèsè a pa bout, pandan w'ap sèvi avèk aksyon sa yo:

“Vini Non” Mande pou timoun yo rele di pawòl sa avèk yon men yo nan chak bò bouch yo, “Se mwen! Se mwen!”

“Koute byen, mwen pral rakonte nou sa li fè pou mwen”

Lè timoun yo fin resite dènye pati vèsè a, y ap genyen bèl opòtinite pou yo rakonte yon moun sa Bondye te fè pou yo. Pran yon ti tan pou w pèmèt timoun yo panse kijan Bondye beni yo. Esplike yo ke lè yo rakonte lòt yo osijè de benediksyon sa yo, y ap reponn ak apèl Jezi a pou yo vin Mesaje Verite a.




JOU 4 - ATIZANA

JOU 4 - ATIZANA - ZAM VERITE A!

Atizana pou jounen jodi a bay yon opòtinite pou ranfòse tèm jounen an, Mesaje Verite a. Jodi a timoun yo te aprann ke Jezi se Mesaje Verite a. Nan yon mond ki ranpli ak mesaj konfizyon, timoun yo kapab mete konfyans yo nan sa ke Bib la anseye osijè de sa Jezi ye ak rezon ki fè Li vle pou l viv nan kè nou. Timoun yo pral itilize zam ke yo pral konstwi pou pwente sou Verite Jezi a.

Sa ke w ap bezwen

Remèt chak timoun bagay sa yo: De (2) koyè plastik; twa (3) ti banday elastik; kèk ti pens pou kenbe papye; ak yon kopi nwa e blan oubyen an koulè blan sèlman pou Zam Verite a, limenm ki twouve li nan paj resous la. Yo menm tou y ap bezwen adezif, lakòl, sizo ak plizyè lòt materyèl dekorasyon ankò.



Fason pou nou kreye Zam Verite A!

Pa 1 - Mande timoun yo pou yo mete kiyè yo ansanm.



Pa 2 - Mare manch kiyè yo pandan y ap itilize banday elastik yo.



Pa 3 - Mande pou chak timoun koupe Blan Verite yo a!



Pa 4 - Timoun yo dwe double papye a sou longè chak liy nwa.



Pa 5 - Itilize adezif oubyen lakòl, mande pou timoun yo pou yo kole de pwent papye yo nan pati andedan bò kote Jezi ak Verite a.



Fason nou kapab pwente sou verite a!

Yon fwa ke zam nan avèk blan an fin konstwi, montre timoun yo kijan yo kapab pwente sou verite a. Kontinye twa pa senp sa yo.

Pa 1 - Plase zam nan ak blan an de plizyè santimèt distans.



Pa 3 - Itilize yon dwèt nan lòt men an pou lanse pens pou kenbe papye yo pou pwente sou Blan ak Verite a!



Pa 2 - Mete yon dwèt sou pati enferyè zam nan pou fè rezistans.

JOU 4 - KOLASYON RAPID LA



BYEN VINI NAN KOLASYON RAPID LA

Genyen yon kolasyon fèt pou chak jou, li menm k'ap pèmèt ou ofri timoun yo yon bon manyè pou yo eksperimente lekòl biblik vakans lan. Lide sa yo kapab mande yon seri de preparasyon, men, rezilta efò w' yo ap gen anpil enpòtans pou yo. Anpil fwa, prezidan lekòl biblik yo konn ap obsève ke plas kolasyon an pa dwe pran menm kantite tan ak lòt yo. Si sa rive, melanje li ak kèk lòt sit yo.

Kolasyon Jou 4 - Se imaj mesaje a te fè nan fwi

Kolasyon jounen jodi a fèt pou l enteresan epi bon pou lasante. Non sèlman timoun lekòl ou yo ap renmen imaj fwi sa yo, men tou, y ap kontan pou yo trase pwòp kreyasyon yo.

Engredyan ki sijere yo

Engredyan ki parèt anba yo se sèlman sijesyon. Ou mèt santi w lib pou w kreyatif epi ajoute lòt bagay ki enteresan pou ou kreye Imaj Mesaje an Fwi yo.



MÈCH CHOKOLA



BANNANN RACHE



FRÈZ RACHE



KAWÒT RACHE



BONBON DOUS

EGZANP MESAJE AN FWI YO






JOU 4 - JWÈT KADINAL

Jou 4 - DIREKSYON KADINAL - NÒ

Jou 4 - Nò - Rezon ki fè konpa a kapab ede nou ale nan direksyon ki kòrèk la se paske egwi a toujou pwente sou direksyon nò. Kòm disip Jezi, ou kapab toujou asire w' ke Jezi se nò lavi ou. W ap toujou kapab chèche li pou w jwenn verite a. Tèm jou 4 la se Mesaje Verite a.



Objektif jou a se ede timoun yo aprann ke lè lavi yo ap tonbe nan konfizyon, yo kapab toujou chèche Jezi ak Pawòl li nan Bib la pou jwenn verite a. Lè timoun yo fè Jezi vin nò lavi yo, Li va toujou montre yo vrè direksyon an. Jwèt jodi a ap ede mete aksan sou pwen sa.

Vrè direksyon an-Plase "N" nan konpa a!

Jwèt jodi a ap sèvi pou ede timoun yo osijè de konfyè nan "Vrè Direksyon an". Siksè nan jwèt jodi a ap rive fèt se lè timoun yo aprann koute ak swiv direksyon moun ki kapab ede yo a.

Sa ke w ap bezwen: Jwèt sa ap mande preparasyon. Men sa w ap bezwen.

- * Yon moso papye bristòl oubyen yon mi kote w ap kapab kole yon etikèt.
- * Etikèt konpa ak N nan (reprezante nò).
- * Adezif
- * Banday

Fason nou kapab itilize etikèt la: Etikèt ou a kapab plase sou yon gwo moso papye bristòl oubyen sou yon mi ki gen ase espas. W ap kapab telechaje etikèt konpa ak N nan, oubyen si se konsa w vle li, w ap kapab desine oubyen kreye pwòp etikèt ou yo selon jan w wè l ap pi bon.

Fason pou jwe:

1. Divize timoun yo an ekip de 2 oubyen 3.
2. Chak ekip ap genyen yon tou nan chak jwèt. Mare je yon manm nan ekip la. Manm sa ap resevwa N nan tou. N nan dwe genyen adezif ase pou li kapab kole sou etikèt konpa.
3. Ak vwa sèlman, timoun ki pa gen je mare yo dwe ba li direksyon ki kòrèk pou ede konpayèl yo a rive kole N nan nan plas ki kòrèk la sou etikèt la.
4. Ekip ki genyen N nan plase pi prè pozisyon ki kòrèk la ap chanpyon.



Pyès yo pou "Epengle 'N' sou bousòl la!" jwèt.

JOU 4 - ANTRÈNMAN DISIP



LEKÒL BIBLIK VAKANS MESAJE POU JEZI YO -

ANTRÈNMAN DISIP - ANALIZ JENERAL AK ENFÒMASYON POU LIDÈ ANTRÈNMAN POU MESAJE YO

Nan Matye 28:19, Jezi te di moun k ap swiv li yo konsa, "Ale epi fè disip nan tout nasyon yo". Sa se te yon apèl pou tout moun ki te la nan jou sa a, men tou se pou tout disip Jezi yo jodi a. Kòm lidè ki anchaje plas antrènman disip pou Mesaje Jezi yo, ou genyen lonè pou w reponn ak apèl Jezi pandan w ap ede timoun lekòl biblik vakans yo grandi kòm disip Jezi, pandan y ap vin tounen mesaje Jezi.



Twa premye jou yo nan depatman antrènman disip yo, yo te konsantre sou ede timoun yo swiv, imite ak konfye nan Jezi. Twa etap sa yo enpòtan pou prepare chak timoun pou konvèti yo an disip Jezi. Apati de katriyèm jou a, objektif la ap chanje pou ede chak timoun aksepte wòl yo kòm disip Jezi. Tèm antrènman disip katriyèm jou a se Viv pou Jezi. Lè disip yo viv pou Jezi, lavi yo santre nan Jezi.

Youn nan pi bon fason pou nou ede timoun yo santre yo nan Jezi se nan ede yo kòmanse pratike disiplin espiyèl yo. Yon disiplin espiyèl se nenpòt aktivite ki ede disip la aprann plis osijè de Jezi ak kòman lavi yo dwe reflekte sa ke yo te aprann yo.

Youn nan disiplin espiyèl yo genyen ladan li angajman disip la pou l li Pawòl Bondye chak jou. Baze sou angajman avèk Pawòl la 2016, devlope pa Lekòl Dominikal ak Antrènman disip, ki genyen yon afich famiyal ladan li. Afich sa te fèt pou ede timoun yo angaje yo avèk Pawòl Bondye. Ankouraje timoun lekòl biblik vakans yo kòmanse viv pou Jezi pandan y ap aksepte defi biblik 13 semèn sa yo.

1. Jwenn referans biblik ki nan lis lekriti ki pote non Angaje avèk Pawòl la



2. Li pawòl la. Pasaj ki gen pou a k premye jou a ki se Sòm 150.

Angaje Avèk Pawòl La Lis Nan Lekriti Yo

SESYON 1 Byenvini Nan Esansyèl Nazareyen Yo
Dimanch, Sòm 150 Lendi, Jan 14:6-7 Madi, Jan 5:24 Mèkredi, 2 Timote 1:3-7 Jedi, Matye 16:13-19 Vandredi, Jan 10:11-18 Samdi, Jak 1:27

3. Jwenn imaj ki asosye ak pasaj biblik la.



4. Chèche epi fè yon wonn alantou imaj ki kache nan afich famiyal la.



Sòm 150

1. Lwanj pou Seyè a! Lwanj pou Bondye nan tanp ki apa pou li a! Lwanj pou Bondye nan syèl la kote pouvwa li parèt aklè!
2. Lwanj pou li pou bèl bagay li fè yo! Lwanj pou li pou jan li gen anpil anpil fòs!
3. Lwanj pou li ak twonpèt! Lwanj pou li ak gita ak bandjo!
4. Lwanj pou li ak tanbou! Danse pou fè lwanj li! Lwanj pou li ak gita ak vaksen!
5. Lwanj pou li ak senbal ki bay bèl son! Lwanj pou li ak senbal ki fè gwo bri!
6. Se pou tou sa ki gen souf fè lwanj Seyè a! Lwanj pou Seyè a!



JOU 4 - FÈY AKTIVITE ELÈV YO

NON -----

JOU 4 - TEM MESAJE VERITE A

JOU 4 - FOKIS SOU LAPRIYÈ

Chè Jezi,
Mwen kwè ke ou se Pitit Lòm nan.
Tanpri, ede m kwè ke mwen kapab
jwenn verite a nan ou.

JOU 4 - BAZ BIBLIK

Istwa biblik Jou 4 la santre li sou Jezi lè li te geri nonm avèg la. Malgre nonm nan te avèg depi nesans li, anpil moun te doute si Jezi te geri li. Men nonm nan te konnen byen sa ki te pase a, epi li te konnen ke se te verite. Jezi te vini kòm Mesaje Verite a. Pasaj anba a twouve li nan Jan 9:24-25 ak 34-39a.

24 Farizyen yo rele nonm ki te avèg la yon dezyèm fwa. Yo di li: Di verite a devan Bondye! Nou konnen nonm sa a se yon nonm k'ap fè sa ki mal.

25 Li reponn yo: Mwen pa konnen si se yon moun k'ap fè sa ki mal osinon sa ki byen. Yon sèl bagay mwen konnen: mwen te avèg, koulye a mwen wè.

34 Yo reponn li: --Se nan peche ou fèt, epi ou konprann pou ou vin ban nou leson koulye a? Epi yo mete l' deyò nan sinagòg la.

35 Jezi te vin konnen yo te mete nonm ki te avèg la deyò nan sinagòg la. Lè li kontre avè l', li di l' konsa: Eske ou kwè nan Moun Bondye voye nan lachè a?

36 Nonm lan reponn li: Mèt, di m' ki moun li ye pou m' ka kwè nan li?

37 Jezi reponn li: Apa w'ap gade li! Se li menm k'ap pale avè ou la a wi.

38 Nonm nan di: Seyè, mwen kwè. Epi li tonbe ajenou devan Jezi.


39 Lè sa a, Jezi di: Mwen vin sou tè a pou yon jijman: Moun ki avèg yo pral wè.

ORIZONTAL

- 2. Jezi te deklare ke li se Pitit _____.
- 4. Nonm nan di, " _____, Mèt".
- 6. Farizyen yo te panse ke nonm nan te fèt tou _____.

VÈTIKAL

- 1. Di Bondye mèsè epi di _____.
- 3. Jezi _____ pou moun ki avèg yo kapab wè verite a.
- 5. Mwen te avèg epi kounye a mwen _____.
- 7. Farizyen yo _____ nonm nan nan sinagòg la.
- 8. Jezi te geri yon nonm _____.



JOU 4 - FÈY AKTIVITE ELÈV YO



ANTRÈNMAN DISIP: FÒMASYON POU MESAJE YO

Lè disip yo VIV POU JEZI, lavi yo santre nan Jezi. Youn nan pi bon fason pou nou ede timoun yo santre yo nan Jezi se nan ede yo kòmanse pratike disiplin espiyityèl yo. Yon disiplin espiyityèl se nenpòt aktivite ki ede disip la aprann plis osijè de Jezi ak kòman lavi yo dwe relete sa ke yo te aprann yo.



Youn nan disiplin espiyityèl yo genyen ladan li angajman disip la pou l li Pawòl Bondye chak jou. Baze sou angajman avèk Pawòl la devlope pa Lekòl Dominikal ak Antrènman disip, ki genyen yon afich famiyal ladan li. Afich sa te fèt pou ede timoun yo angaje yo avèk Pawòl Bondye. Resous sa yo kapab disponib nan dènye seksyon gid lidè sa a. W ap kapab telechaje ak repwodwi materyèl sa yo pou timoun yo.

**APRANN VIV POU JEZI
NAN PASE TAN AP LI
PAWÒL BONDYE CHAK JOU!**



JOU 4 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute mo ki manke yo.

**VINI NON, NON TOUT - - - - -
BONDYE YO, - - - - - BYEN, MWEN
PRAL - - - - - NOU TOUT
SA KE LI FÈ POU MWEN.**

Sòm 66:16, NVE

MESAJE POU JEZI

MESAJE



VERITE A

VINI NON, NOU TOUT
PITIT BONDYE YO, KOUTE
BYEN, MWEN PRAL
MONTRE NOU TOUT SA
KE LI FÈ POU MWEN.

Sòm 66:16 NVE



JOU 4

MESAJE VERITE A

JAN 9

JEZI



JOU 4 - TI ISTWA BIBLIK YO



JEZI - JAN 9 - MESAJE VERITE A

Preparasyon pou lidè Istwa Biblik la

Enfòmasyon sa la nan lide pou ede lidè Istwa Biblik la prepare l' pou pataje istwa jounen an avèk timoun yo. Lè timoun yo tande istwa biblik la, yo resevwa plis pase yon istwa; yo tande yon mesaj ki enpòtan pou yo. Li pasaj ak enfòmasyon w ap jwenn aprè yo.

Timoun yo ap viv nan yon tan ki pote anpil konfizyon. Genyen anpil vwa ki deklare ke laverite se yon bagay ki relatif oubyen tousenpleman li pa egziste. Sepandan, Bib la pale klè osijè de verite a, epi li pa janm pi klè pase nan pawòl Jezi yo.

Jan 18:37 NVE – Lè Pilat te pozè Jezi kesyon pou mande li kilès Li te ye ak poukisa lidè relijye jwif yo te kondane li, Jezi te di konsa, "Se pou sa mwen te fèt, epi se poutèt sa mwen vini nan mond lan: pou bay temwayaj de verite a". Akoz de lanmou Jezi pou nou, li pat di anyen ki pat verite. Nan tout pawòl ak aksyon li yo. Jezi te mesaj verite a.

Istwa a – Jezi: Mesaje Verite A – Jan 9

Pèsonaj katriyèm jou a se Jezi. Jezi te espesyal anpil. Jezi te Pitit Bondye a. Jezi te ni Bondye ni lòm. Pat janm genyen ni pap janm genyen yon lòt moun menm jan avèk Li. Lè pèp la te wè Jezi, yo te wè Bondye. Moun te kapab tande Bondye k ap pale lè Jezi te pale. Sa te genyen ladan li mirak gerizon an. Yon mirak se yon bagay sanzatann oubyen ki pa gen abitud fèt, epi nou pa kapab esplike kòman li fè rive.

Li Jan 9:1-7, NVE

Nonm nan te fèt tou avèg. Malgre kwayans komen ki te egziste nan epòk li a, avègman li a se pat rezilta peche li oubyen peche paran li yo. Lè Jezi te geri nonm avèg la, Li te montre ke Bondye pi pwisan pase maladi ak enfimite a.

Li Jan 9:8-12, NVE

Mirak ki te fèt nan istwa sa te tèlman enpresyonan, li te difisil pou anpil moun ki te la kwè ke se te verite. Gerizon yon moun avèg se pa yon bagay ke yo te konn wè avan. Se te yon mirak ki te soti nan men Jezi.

Li Jan 9:13-25, NVE

Mesye sa yo nan istwa ki te pote non farizyen yo se te lidè relijye ki te vrèman entèlijan. Yo te konsidere ke yo te konnen anpil bagay sou Bondye. Men lè Jezi te geri nonm avèg la, lidè sa yo pat kwè ke se te verite. Yo te avèg fas ak verite ke Jezi te fè yon mirak ki soti nan Bondye.

Avan ke Jezi te geri nonm nan, li pat kapab wè avèk zye fizik li yo. Sepandan, nonm ki te geri anba avègman an pat doute osijè de sa ki te pase a. Li te reponn, "Si li se pechè, mwen pa konnen (···) Yon sèl bagay ke mwen konnen, mwen te avèg epi kounye a mwen wè" (Jan 9:25).

Li Jan 9:35-41, NVE

Se pat yon sipriz pou Jezi lè farizyen yo pat kwè istwa nonm avèg la. Farizyen yo te panse ke yo te konnen verite a. Men kòm yo pat kwè ke Jezi te soti nan Bondye epi Li te geri nonm avèg la, se yo menm ki te vrèman avèg.




Jou 4 - Ti Istwa Biblik Yo



Jezi te poze nonm li te geri a yon kesyon: “èske w kwè nan Pitit lòm nan?” Tèm sa, “Pitit lòm nan” se te fason ke Jezi te fè nou konnen ke Li te Bondye epi nan menm tan Li te lòm tou. Li te kwè ke Jezi se te “Pitit lòm nan.”

Kisa nou te aprann nan istwa jodi a?

Di timoun yo - Jezi se Mesaje Verite a. Lè nou tande pawòl Jezi yo oubyen lè nou li Bib la osijè de mirak ke Li te fè yo, nou kapab sèten ke se verite.





JOU 4 - TI VÈSÈ POU APRANN YO



JOU 4 - VÈSÈ POU APRANN - MESAJ NAN KÈ M NAN - SÒM 66:16

Ti Mesaje Pou Jezi – Vèsè Pou Aprann – Mesaj Nan Kè M Nan Analiz Jeneral Ak Enfòmasyon Pou Lidè A
Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip li yo. Lè pitit Bondye yo gade Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk direksyon ak lanmou Bondye a. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj Bondye a pou yo kapab vin mesaje Bondye devan mond lan.

Jou 4 - Vèsè Pou Aprann - Sòm 66:16

Tèm katriyèm jou lekòl biblik vakans lan se Mesaje Verite a. Objektif la se anseye timoun yo ke, nan yon mond ki ranpli ak mesaj konfizyon, y ap toujou kapab jwenn verite a nan Jezi. Se sa ki fè moun sa yo ke Jezi rele pou vin mesaje li yo enpòtan konsa. Youn nan gwo fason pou pataje mesaj verite Jezi a se rakonte lòt yo osijè de sa ke Li fè pou nou. Timoun yo pa sèlman dwe kontan pou benediksyon Jezi yo, men tou yo dwe ankouraje pou temwaye de benediksyon sa yo devan lòt yo. Vèsè biblik jodi a, Sòm 66, ap ede timoun yo santre yo nan pataje sa Jezi te fè pou yo avèk mond lan.

Sòm 66:16 (NVE) – “*Vini non, noun menm ki genyen krentif pou Bondye, koute byen, mwen pral rakonte nou sa li fè pou mwen.*”

Lè aprantisaj pasaj biblik yo enteresan, sa ede timoun yo chwazi nesosite pou kenbe Pawòl Bondye nan kè yo. Yon fason pou sa rive reyalize, se nan ajoute aksyon nan dewoulman aprantisaj la. Li vèsè a menm jan ak fraz avèk aksyon yo ansanm ak timoun yo pou ede yo memorize vèsyon rezime sa. Si li bon pou pataje vèsè a nèt avèk timoun ki pi piti w yo pral pèmèt ranfòsman objektif jounen an.

“**Vini non**” Mande pou timoun yo rele di pawòl sa avèk yon men yo nan chak bò bouch yo, “Se mwen! Se mwen!”

“**Koute byen, mwen pral rakonte nou sa li fè pou mwen.**”

Lè timoun yo fin resite dènye pati vèsè a, y ap genyen bèl opòtinite pou yo rakonte yon moun sa Bondye te fè pou yo. Pran yon ti tan pou w pèmèt timoun yo panse kijan Bondye beni yo. Esplike yo ke lè yo rakonte lòt yo osijè de benediksyon sa yo, y ap reponn ak apèl Jezi a pou yo vin Mesaje Verite a.



JOU 4 - TI FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA YO



NON -----

JOU 4 - TÈM MESAJE VERITE A

JOU 4 - TI MESAJE POU JEZI YO FOKIS SOU LAPRIYÈ

Chè Jezi,
Mwen kwè ke ou se Pitit Lòm nan.
Tanpri, ede m kwè ke mwen kapab
jwenn verite a nan ou.

JOU 4 - BAZ BIBLIK

Istwa biblik Jou 4 la santre li sou Jezi lè li te geri nonm avèg la. Malgre nonm nan te avèg depi nesans li, anpil moun te doute si Jezi te geri li. Men nonm nan te konnen byen sa ki te pase a, epi li te konnen ke se te verite. Jezi te vini kòm Mesaje Verite a. Pasaj anba a twouve li nan Jan 9:24-25 ak 34-38.

24 Farizyen yo rele nonm ki te avèg la yon dezyèm fwa. Yo di li: --Di verite a devan Bondye! Nou konnen nonm sa a se yon nonm k'ap fè sa ki mal.

25 --Mwen pa konnen si se yon moun k'ap fè sa ki mal osinon sa ki byen. --Yon sèl bagay mwen konnen: mwen te avèg, koulye a mwen wè.

34 Yo reponn li: --Se nan peche ou fèt, epi ou konprann pou ou vin ban nou leson koulye a? Epi yo mete l' deyò nan sinagòg la.

35 Jezi te vin konnen yo te mete nonm ki te avèg la deyò nan sinagòg la. Lè li kontre avè l', li di l' konsa: --Eske ou kwè nan Moun Bondye voye nan lachè a?

36 Nonm lan reponn li: --Mèt, di m' ki moun li ye pou m' ka kwè nan li?

37 Jezi reponn li: --Apa w'ap gade li! Se li menm k'ap pale avè ou la a wi.

38 Nonm nan di: --Seyè, mwen kwè. Epi li tonbe ajenou devan Jezi.

39 Lè sa a, Jezi di: --Mwen vin sou tè a pou yon jijman: Moun ki avèg yo pral wè. Men moun ki wè yo pral tounen avèg.

Nan soup lèt ke nou pral wè anba gen plizyè mo ki soti nan pasaj biblik la. Jwenn chak mo epi fè yon wonn alantou yo.

P	Z	U	M	N	E	R	T	B	Q
Y	K	X	È	B	Q	M	Z	A	T
O	I	O	T	O	R	W	T	H	L
L	È	Y	A	M	W	E	N	W	È
H	L	R	I	W	T	N	O	A	E
A	V	È	G	A	S	K	S	B	I
F	E	K	N	K	O	W	L	È	T
J	D	E	I	È	N	È	N	A	M
B	N	D	A	J	E	Z	I	S	Z

LIS MO YO
MWEN KWÈ
AVÈG
JEZI
MWEN WÈ
MÈT



ANTRÈNMAN DISIP: FÒMASYON POU MESAJE YO

Lè disip yo **VIV POU JEZI**, lavi yo santre nan Jezi. Youn nan pi bon fason pou nou ede timoun yo santre yo nan Jezi se nan ede yo kòmanse pratike disiplin espiyityèl yo. Yon disiplin espiyityèl se nenpòt aktivite ki ede disip la aprann plis osijè de Jezi ak kòman lavi yo dwe reflete sa ke yo te aprann yo.



Youn nan disiplin espiyityèl yo genyen ladan li angajman disip la pou l li Pawòl Bondye chak jou. Baze sou angajman avèk Pawòl la, devlope pa Lekòl Dominikal ak Antrènman disip, ki genyen yon afich famiyal ladan li. Afich sa te fèt pou ede timoun yo angaje yo avèk Pawòl Bondye. Resous sa yo kapab disponib nan dènnye seksyon gid lidè sa a. W ap kapab telechaje ak repwodwi materyèl sa yo pou timoun yo.

APRANN VIV POU JEZI NAN PASE TAN AP LI PAWÒL BONDYE CHAK JOU!



JOU 4 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute mo ki manke yo.

**VINI NON, NON TOUT - - - - -
BONDYE YO, - - - - - BYEN, MWEN
PRAL - - - - - NOU TOUT
SA KE LI FÈ POU MWEN.**

Sòm 66:16, NVE

JOU 5

MESAJE
MISYON AN

JAN 17: 1-26
OU MENM AVÈK MWEN





JOU 5 - ANALIZ JENERAL AK SESYON ENTWODIKSYON

Byenvini: Lè w ap akeyi timoun yo nan fen lekòl biblik vakans lan Mesaje Pou Jezi yo, li enpòtan pou w kreye yon ton selebrasyon ki atiran. Timoun pap sèlman mete fen ak semèn lekòl biblik yo a, men tou y ap kòmanse faz defi sa kòm disip Jezi, mesaje misyon an. Genyen kèk ministè petèt ki ta kapab prefere itilize yon pwogram kèlkonk pou dènye sware a, li menm ki kapab genyen ladan li yon sesyon po pouri entwodiksyon ak konklizyon. San gade kisa ki plan li, kòmanse jou a avèk yon chan Mesaje Pou Jezi se yon bèl opsyon.

Salitasyon: Pran yon ti tan pou w' di timoun yo byenvini, pandan w'ap di kijan w' kontan dèske yo vini. Prezante tèt ou, prezante lidè chak departman yo, chak volontè ak manm pèsònèl yo. Si gen paran oubyen gid ki prezan, mande pou lidè ou yo, volontè ak manm pèsònèl yo monte sèn nan ansanm avèk ou pou prezantasyon an.

Lapriyè Entwodiksyon: Envite Kris la nan lekòl biblik vakans ou a pou w kòmanse sesyon an atravè lapriyè. Mande pou pastè prensipal la fè dirije lapriyè sa.

Tèm ak fondman Biblik Mesaje pou Jezi yo: Prezante tèm prensipal lekòl biblik la. Di timoun yo ke semèn sa yo pral aprann osijè de plizyè mesaje diferan ke Jezi itilize yon fason pou ede yo aprann plis de Li, epi kòman yo menm tou yo kapab vin tounen mesaje pou Jezi. Sa se pral yon moman espesyal tou pou prezante yo pasaj biblik ki pral itilize kòm fondman mesaje Pou Jezi yo, 2 Korentyen 5:20a, "Konsa, nou se anbasadè pou Kris".

Tèm jou a avèk Baz Biblik la: Pataje tèm senkyèm jou a avèk timoun yo. Mesaje Misyon an, menm jan ak Baz Biblik senkyèm jou a, limenm ki twouve li nan liv Jan.

Adorasyon atravè Kantik: Apre w' fin prezante tèm jounalye a avèk baz biblik la, sa se yon moman espesyal pou w' fè timoun yo louwe ak adore. Toudepann de jan planifikasyon jou final lekòl vakans biblik la, chante kèk kantik Mesaje Pou Jezi kapab ede timoun yo santi yo kontan anpil epi konsa, demontre sa yo te aprann pandan semèn nan.

Sketch Entwodiksyon: Prezante sketch jou a pandan w ap li pawòl sa yo: Pandan semèn sa, Mesaje yo te pataje plizyè bagay enpòtan avèk nou. Yo te pale nou de kilès Jezi ye ak rezon ki fè ke Li vle pou nou chak vin tounen Mesaje li. Nou deja rekonèt plizyè nan Mesaje li yo epi koute mesaj ke yo te resewva apèl pou yo te pote yo. Mesaje yo travay pou Katyemèt, chèf ki la pou remèt mesaj pou Jezi yo chak fwa ke genyen mesaj ki enpòtan, sèvis remisyon mesaj pou Jezi pa genyen konparezon. Jodi a ankò nou rankontre avèk Katyemèt epi nan okazyon sa nou pral rekonèt Vòldirèk. Vòldirèk se yon mesaje ki menm jan avèk anpil nan timoun ki prezan la. Kè Vòldirèk grandi avèk Jezi epi li vle aprann pi plis toujou de Li. Ann swiv Katyemèt ak Vòldirèk avèk anpil atansyon pou nou kapab konnen ki mesaj enpòtan ki dwe bay jounen jodi a.

Pwojè Ofrann Misyonè: Prezante pwojè Ofrann misyonè Timoun yo ki gen pou wè ak ane sa. Ou kapab pwofite moman sa pou w' ranmase ofrann ke timoun yo te pote yo.

Sesyon Konklizyon: Fason w ap fèmen sesyon sa ap depann de estrikti ou itilize nan Jou 5. Planifye fason ki apwopriye a.

JOU 5 - SKETCH ENTWODIKSYON



JOU 5 - SKETCH ENTWODIKSYON - VÖLDIRÈK - MESAJE POU JEZI!

Sketch entwodiksyon pou Mesaje Jezi yo te kreye nan lide pou prezante tèm ak istwa bibliik jounalye yo bay timoun yo. Yo pral sèvi tou pou fè timoun yo patisipe nan chak evènman. Paj obsèvasyon jeneral ak sesyon entwodiksyon an, ni nan gid direktè tankou nan gid lidè a, genyen yon entwodiksyon pou chak sketch. Li entwodiksyon sa anvan chak sketch.

Sa se sketch final la. Kat premye jou lekòl bibliik vakans yo te base sou yon sketch entwodiksyon ak yon konklizyon. Sepandan, genyen kèk ministè pou timoun petèt ki prefere itilize yon fòm diferan pou dènye jou Mesaje Pou Jezi yo epi san itilize yon sesyon konklizyon. Se sa ki fè ke, sa se dènye sketch senkyèm jou a. Konklizyon ki te nan sketch chak jou yo parèt anndan sketch entwodiksyon an.

Prepare Sèn Nan

Chak sketch entwodiksyon pran plas nan Biwo Kòmandman Santral Sèvis pou Remisyon mesaje Pou Jezi yo. Se Katyemèt k'ap dirije kalite sèvis sa epi l'ap sèvi pou bay mesaj enpòtan ki soti nan Jezi yo. N'ap toujou jwenn Katyemèt la k'ap travay di dèye biwo Kòmandman Santral la. Se la n'ap resevwa tout mesaj enpòtan yo.

Sketch Entwodiksyon

Nan kòmansman Jou 1, Katyemèt la byen okipe nan travay li nan Kòmman Santral la lè li tande son yon mesaj ki antre pou li anonse (chwazi yon son ki pou sèvi pou reprezante alam Sèvis mesaj ki antre yo; li kapab son telefòn ou oubyen nenpòt kalite son ki kapab kapte atansyon timoun yo). Alam nan ap fè Katyemèt la konnen ke li resevwa yon mesaj enpòtan. Katyemèt la reponn alam nan.

Katyemèt – (Li ta bon pou Katyemèt ta genyen kas, men w'ap kapab itilize nenpòt kalite telefòn. Sèn nan kòmansman yon fwa Katyemèt reponn apèl la lè li fin tande son alam nan). W'ap kominike avèk Sèvis Remisyon Mesaje pou Jezi yo. Mesaj ou a se pi gwo priorite nou. Se Katyemèt la k'ap pale avèk ou la, kòmman mwen kapab ede w'? (Katyemèt koute avèk anpil atansyon epi resevwa mesaj la, li montre li byen kontan). Wow! Ala yon gran nouvèl sa! (Kòm diferans de sa avan yo, Katyemèt pa pran nòt mesaj la. Okontrè, li leve kanpe epi kontinye koute moun ki rele l la). M ap pran responsablite m pou m bay mesaj sa tou swit. Y ap kontan anpil lè yo pran nouvèl sa. Mèsi anpil! (Katyemèt mete fen ak konvèsasyon an epi li pa ka pran san li pou l kontakte Vòldirèk. Olye pou li itilize sistèm entèkominikasyon an, li kòmansman rele byen fò) Vòldirèk! Vòldirèk! Kouri vini, tanpri!

Vòldirèk – (Kouri antre nan sèn nan) Men mwen wi, Katyemèt. Èske se kèk moun ki rele pou pwofite espesyal nou genyen pou jodi a?

Katyemèt – Non, yo pa fè li. Men mwen genyen yon mesaj ki byen enpòtan pou w al bay!

Vòldirèk – (Vòldirèk sanble pa dekouvri kalite emosyon Katyemèt te montre atravè vwa li; okontrè, sanble li t ap panse ak lòt bagay). Banm wè si mwen se mesaje ki dwe pote twazyèm mesaj la pou yon moun jodi a, sa ki gratis la, malgre sa, yo ban m fè li? (Vòldirèk kontinye) Se pa paske mwen nwi pou m fè devwa m non, men mwen sèten ke kontra m nan klè. Li di ke si mwen bay yon mesaj, yo dwe peye m pou mwen fè li ebyen . . .

Katyemèt – (Katyemèt sispann Vòldirèk nan mitan fraz la) Vòldirèk! Mwen bezwen atansyon w.

Vòldirèk – A, wi, padon. Kisa w bezwen?

Katyemèt – Men wi. Mwen te rele w, pa vre.

Vòldirèk – Men wi. Ban m wè, kòmman dosye mesaj gratis sa ye menm?



JOU 5 - SKETCH ENTWODIKSYON

Katyemèt – Vòldirèk, pa enkyete w pou sa. Y ap peye w menm jan pou chak mesaj ou bay. Men, kounye a mwen vle pou ou konsantre ou.

Vòldirèk – Pou mwen konsantre mwen? Men wi, mwen kapab konsantre mwen. Kisa mwen kapab fè pou ou?

Katyemèt – Mwen genyen yon mesaj ki vrèman enteresan e mwen konnen ke w ap kontan anpil lè ou konnen de kisa li pale.

Vòldirèk – Ebyen, pale non. Di m sou kisa mesaj enteresan sa pale.

Katyemèt – Mwen apèn sot resevwa yon apèl ki soti nan biwo Santral Mesaje pou Jezi yo.

Vòldirèk – Biwo santral? Kisa yo te bezwen? Sa yo se moun enpòtan! Chèf nou yo! Yo menm ki di nou sa nou dwe fè! (Yon lòt fwa ankò, Vòldirèk pèdi konsantrasyon li). Ay, non. Kisa li di ki mal? Kite m reflechi. (Vòldirèk montre li enkyete). Pa panse ke yo pran nouvlè lè yon fwa mwen te . . .

Katyemèt – Vòldirèk! Konsantre w!

Vòldirèk – Pou m konsantre m? An, wi, padon (Vòldirèk montre li wont). Sa vle di, yo rele depi nan biwo santral yo. Mwen imajine mwen ke yo genyen bon nouvlè. (Vòldirèk pale avèk yon ton ki montre ke li pa gen twòp konfyans)

Katyemèt – Poutan, se vre! Se bon nouvlè!

Vòldirèk – (Montre li respire byen) Bravo. Bon, ki nouvlè li ye?

Katyemèt – Èske w sonje gran envantè nou te fè mwa pase a?

Vòldirèk – Èske w fè referans ak tout prèv yo te fè nou pran yo?

Katyemèt – Wi, prèv sa yo. Pliske prèv sa yo te fè pati de yon envantè tout konpayi yo ki genyen tout biwo Mesaje pou Jezi yo. Epi ou konnen?

Vòldirèk – Kisa?

Katyemèt – Biwo Mesaje pou Jezi nou an te resevwa kalifikasyon ki pi wo.

Vòldirèk – Se vre?

Katyemèt – Se konsa menm!

Vòldirèk – Kisa sa siyifi?

Katyemèt – Sa vle di ke biwo nou an fè pati biwo entènasyonal.

Vòldirèk – Biwo entènasyonal?

Katyemèt – Wi. Sa vle di ke biwo Mesaje Pou Jezi sa resevwa konfyans ak lonè pou bay mesaj konpayi a ki plis enpòtan yo, non sèlman nan rejyon peyi pa nou an, men pito nan tout mond lan!

Vòldirèk – Ala yon bon nouvlè sa! Li vrèman bon!

Katyemèt – Ou menm avèk mesaje parèy ou yo te travay di anpil. Nou te bay tout mesaj yo te konn voye nou al bay yo epi nou te konn fè li avèk pi bon kalite. Biwo santral yo santi yo fyè epi ban nou lonè sa pou di nou ke yo genyen anpil konfyans nan nou (Katyemèt fè yon ti poze). Genyen yon bagay ankò.

JOU 5 - SKETCH ENTWODIKSYON



Vòldirèk – De kisa li pale?

Katyemèt – Yo mande mwen pou m aksepte yon nouvo pozisyon nan biwo santral la tou.

Vòldirèk – Trè byen! Mwen byen kontan pou ou. Men sa vle di ke ou pral abandone nou, pa vre?

Katyemèt – Se sa menm. Men mwen pa vle pou w enkyete w.

Vòldirèk – Men, mwen yon ti jan enkyete.

Katyemèt – Èske konnen kilès Jezi ye?

Vòldirèk – Wi, mwen konnen kilès Jezi ye. Pandan nou te genyen lekòl biblik vakans lan, mwen t ap koute istwa chak jou yo. Mwen te aprann anpil bagay osijè de Jezi ak mesaj li yo. Li genyen tout kalite mesaj.

Katyemèt – Se kòrèk. Jezi prepare Mesaje Li yo avèk zouti ke yo bezwen pou yo pataje Bon Nouvèl la nan mond lan. Sa te pase nan lekòl biblik la tou avèk timoun nou yo (Katyemèt gade timoun yo). Timoun sa yo resevwa preparasyon pou yo vin mesaj Jezi. Yo resevwa antrènman. Kounye a yo pare pou yo ale nan misyon an epi pataje Bon Nouvèl Jezi a avèk mond lan.

Vòldirèk – Se enteresan! Men mwen kontinye ak prewokipasyon an pou ou menm ki prale a pou tout bagay ki pral pase lè w pa la.

Katyemèt – Èske w pral tande istwa biblik jodi a?

Vòldirèk – Kòman non.

Katyemèt – Trè byen. Mwen kwè ke apre w fin koute istwa jodi a, w ap santi w miyò.

Vòldirèk – Poukisa?

Katyemèt – Istwa jodi a se osijè de yon lapriyè ke Jezi te fè. Jezi te pase plizyè ane ansanm ak disip li yo, men moman te rive kote ke Li te dwe kite yo pou l te retounen al jwenn Papa Li nan syèl la.

Vòldirèk – Li te dwe kite yo? Sa sanble ak sitiyasyon pa nou an.

Katyemèt – Kòrèk. Jezi te priye pou disip li yo paske li te konnen ke yo te gen pou yo te enkyete pou chanjman ki ta gen pou fèt yo. Men Li menm tou li te konnen ke yo te pare pou kòmanse avèk misyon yo a. Li te konnen ke san gade defi yo ta gen pou yo fè fas, Bondye ta toujou la avèk yo. Ou konnen yon bagay, Vòldirèk?

Vòldirèk – Kisa?

Katyemèt – Mwen menm tou, mwen te priye pou ou ak mesaj parèy ou yo.

Vòldirèk – Se vre?

Katyemèt – Wi. Mwen te konnen ke gen yon jou ki ta gen pou rive kote fòk mwen ta kite nou. Epi mwen te priye pou ke lè jou sa ta rive, Bondye ta kontinye beni nou pandan n ap bay mesaj enpòtan yo va mande nou bay yo.

Vòldirèk – Mwen kontan tande sa, Katyemèt. Sèlman non sèlman w ap kite nou, men tou, biwo nou an pral yon biwo entènasyonal. Mwen pa kwè ke n ap kapab fè li san ou menm



JOU 5 - SKETCH ENTWODIKSYON AK SESYON KONKLIZYON

Katyemèt – Nou tout genyen gwo defi devan nou. Mwen yon ti jan prewokipe pou nouvo travay mwen an. Se yon responsablite ki pi gwo pou mwen. Anplis de sa, mwen gen pou m di nou tout orevwa.

Vòldirèk – Èske w panse w ap kapab reziste ak tout chanjman sa yo nan lavi ou?

Katyemèt – Wi, se konsa mwen kwè li. Epi èske w konnen poukisa?

Vòldirèk – Poukisa?

Katyemèt – Paske mwen mete konfyans mwen nan pouvwa Bondye. Mwen konfyan ke L'ap toujou avèk mwen. Epi mwen konfyan ke L'ap toujou avèk ou epi ansanm ak rès mesaje yo.

Vòldirèk – Bon, malgre sa, mwen toujou rete ak prewokipasyon an. Men mwen konnen ke sa w di m nan se verite (Kounye a, Vòldirèk dirije li bò kote timoun yo). Nou tout nou genyen yon misyon, men n ap sèvi yon gwo Bondye. Epi san enkyete nou de sa ki kapab pase nan dewoulman misyon nou an, Li va toujou avèk nou. Bondye genyen yon misyon pou nou chak jodi a. Misyon nou se bay mond lan temwayaj osijè de Jezi. Èske nou pare pou nou aksepte misyon sa? (Ankouraje timoun yo reponn pozitivman.)

Katyemèt – Bon, Vòldirèk, nou genyen anpil bagay pou nou fè la. Mwen bezwen pou w remèt mesaj sa ak lòt mesaje yo. Èske w kapab akonpli misyon sa?

Vòldirèk – Wi, mwen kapab (Vòldirèk kouri kite sèn nan.)

Lidè – Genyen anpil chanjman k ap vini pou Mesaje yo. Epi genyen anpil chanjman k ap vini pou nou tout. Jodi a menm yo pral mande nou pou nou vin konvèti an mesaje misyon an. Misyon nou se pral pataje mesaj Jezi a avèk mond lan.

Sesyon Konklizyon

Byenvini: Lè timoun yo retounen pou sesyon konklizyon an, mande lidè mizik ou a pou l' fè timoun yo chante youn nan chan Mesaje pou Jezi yo.

Salitasyon: Di timoun yo byenvini nan sesyon konklizyon an. Sa se moman ki pi espesyal pou w repase leson ak timoun yo sa ke yo te aprann nan Istwa Biblik senkyèm jou a—Ou menm avèk mwen—Jezi priye pou Mesaje Misyon an. Repase istwa a epi mande timoun yo pou aspè enpòtan leson an. Ou menm tou ou kapab mande pou kèk nan timoun yo resite Vèsè Pou aprann senkyèm jou a, Ezayi 6:8 oubyen tèm senkyèm jou a: Mesaje Misyon an.

Sketch Konklizyon: Petèt genyen kèk nan ministè yo ki itilize fòm ki diferan pou dènye jou lekòl biblik la. Epi li posib pou yo pa mete sesyon konklizyon an ladan li. Se sa ki fè ke, sketch entwodiksyon senkyèm jou a pral san parèy. Konklizyon ki genyen tout popouri jou ki pase yo ap andedan sketch entwodiksyon an.

Pwojè Ofrann Misyonè: Ankouraje timoun yo pataje avèk zanmi ak fanmi yo osijè de sa ke yo te aprann sou pwojè Ofrann Misyonè Timoun Jwenn Timoun yo.

Fen Sesyon konklizyon an: Pi bon fason pou nou mete fen ak yon sware lekòl biblik se pandan n'ap chante yon kantik. Aprè kantik la, pran yon ti tan ankò pou w' pataje tèm nan ak leson kle ki te anseye yo ansanm ak timoun yo pandan jounen an. Fè pase nenpòt anons enpòtan ni pou timoun yo tankou lidè yo. Mete fen pa mwayen lapriyè.

JOU 5 - ISTWA BIBLIK



JEZI PRIYE POU MESAJE MISION AN · Preparasyon Pou Lidè Istwa Biblik La

Enfòmasyon sa te fèt pou ede lidè Istwa Biblik la prepare li pou l pataje istwa jou a ansanm ak timoun yo. Li enpòtan pou lidè a li enfòmasyon sa epi repase pasaj ki sijere yo.

Tout sa ke ou menm avèk lòt lidè ministè lokal ou yo te fè pandan lekòl biblik vakans Mesaje Jezi yo, se te nan preparasyon pou dènye jou sa. Jodi a timoun yo pral resevwa envitasyon pou pataje mesaj Levanjil Jezi a avèk mond lan. Se nan jou sa yo pral konvèti yo an Mesaje Mision an. Pou kèk nan timoun yo, pataje Jezi avèk mond lan kapab fè yo timid. Petèt kapab genyen pami yo ki santi yo pa gen kouraj pou fè fas ak defi a. Istwa biblik jodi a genyen bon nouvèl pou timoun sa yo ki santi yo konsa.

Pasaj biblik jodi a soti nan Jan 17. Chapit sa se yon lapriyè ke Jezi te fè. Lapriyè a genyen 3 pati. Nan premye pati a, Jezi te priye pou tèt li. Nan dezyèm pati a, Li te priye pou disip yo ki te premye moun ki te eksperyante ministè li sou tè a. Epi nan pati final la, Jezi te priye pou tout lòt moun sa yo ki ta genyen pou rive konnen non. Li ak lavi ki pap janm fini ke Li ofri a. Sa vle di ke Jezi te priye pou chak timoun ke nou genyen pou nou pataje istwa biblik Mesaje pou Jezi yo. Sa siyifi ke chak timoun kapab ale nan mond lan kòm Mesaje Mision an, konnen ke pouvwa lapriyè Jezi a ap toujou avèk yo.

Istwa—Jezi priye pou Mesaje Mision yo – Jan 17

Istwa biblik senkyèm jou a genyen yon lapriyè Jezi, men pwen santral istwa a se disip yo, ansanm ak tout lòt disip ki te mache nan tout mond lan avèk Jezi yo, menm jan ak sa yo ki te tou konnen epi mete konfyans yo nan Jezi depi lè sa, lapriyè sa se pou nou tou!

Li Jan 17:1–5, NVE

Nan kòmansman lapriyè a, Jezi te pran yon tan pou l te priye Papa l pou tèt li. Men nan fè sa, lapriyè Li a te baze sou sa ke Bondye te fè atravè Li menm pou disip Li yo. Sa ki plis enpòtan ke Bondye te fè se te pèmèt ke Jezi te pale ak disip li yo osijè de kòman yo kapab genyen lavi ki pap janm fini an avèk Li ak Papa a.

Li Jan 17:6–12, NVE

Jezi te vle anseye disip li yo kilès ke li te ye reyèlman. Èske Li te sèlman yon nonm avèk yon mesaj osijè de yon Bondye enpresyonan? Non. Jezi te plis pase sèlman yon nonm. Jezi te totalman Bondye ak lòm an menm tan. Lè Jezi te pale, vwa li se te vwa Bondye. Se poutèt sa ke mesaj Jezi a te tèlman enpòtan. Se pat sèlman mesaj yon nonm; se te mesaj Bondye a menm. Epi lè disip Jezi yo pataje mesaj Li a, yo pataje yon mesaj ki soti nan Bondye!

Li Jan 17:13–19

Vin disip Jezi pa toujou fasil. Anpil fwa se yon mision ki difisil epi ki fè moun timid. Sa konsa se paske disip Jezi yo ap viv nan yon mond ki plen ak moun ki pa konprann kilès Bondye ye ni konbyen li renmen yo ak poukisa li gen bezwen yo. Men san gade kijan moun yo panse. Disip Jezi yo genyen yon mesaj ke mond lan bezwen tande. Se pou yo ke Jezi te priye a, “Mwen pa mande w pou w retire yo nan mond lan, men pito pwoteje yo kont malen an”. Pòsyon sa nan lapriyè Jezi a te yon lapriyè pwoteksyon pou moun sa yo ki te pare pou pote mesaj Li a nan mond lan. Mesaje Mision yo kapab fè fas kare ak mond lan pliske pouvwa ak pwoteksyon Jezi ap toujou avèk yo.

Li Jan 17:20–21, NVE

De vèsè sa yo enpòtan anpil pou timoun lekòl biblik vakans yo, menm jan pou tout lòt moun sa yo ki pral pataje mesaj Jezi a. Nan pati sa, Jezi te fè yon priyè pou chak moun ki aksepte Jezi kòm Sovè. Si ou aksepte Jezi kòm Sovè ou, l'ap viv nan kè w, ebyen lapriyè sa te fèt pou ou. Jezi tèlman renmen chak mesaje li yo, se sa ki fè Li te mande Papa nan syèl la pou Li te pwoteje yo. Avèk Bondye k ap pwoteje nou, pa gen anyen pou nou pè!



JOU 5 - ISTWA BIBLIK

Li Jân 17:22-26

Nan pawòl final yo, Jezi te bay disip li yo ki te deside konvèti yo an Mesaje Misyon an: 1) Li te vle pou yo te vin fè yon sèl, nan menm fason ke Jezi ak Papa se yon sèl la. Sa vle di ke lè disip yo pataje mesaj Jezi a avèk mond lan, mesaj la dwe se osijè de Jezi epi pou Jezi. Jezi dwe resevwa tout glwa. 2) Dezyèm esperans Jezi a se osijè de lavi ki pap janm fini an ke li ofri moun sa yo ki aksepte li kòm Sovè. Li tèlman renmen nou, li vle pase tan avèk nou, epi pou nou kapab eksperimante tout sa ke li genyen pou nou. 3) Esperans final Jezi pou Mesaje li yo se pou li te kapab pataje ak mond lan menm lanmou ke Li genyen pou yo a. Epi lè disip Jezi yo aksepte apèl li pou konvèti yo an Mesaje Misyon an, Jezi ap pèmèt ke lanmou Li koule atravè yo menm pou ke tout moun wè ak santi li.

Kisa nou te aprann nan istwa jodi a?

Mandè timoun yo – Èske kèk fwa nou te pran lapawòl devan anpil moun? Petèt nou te kapab nan yon teyat epi yo te mande pou nou chante. Èske genyen nan nou ki te pase pa yon sityasyon konsa? (Kite timoun yo pale de eksperyans yo.)

Mandè timoun yo – Leve men nou si kèk fwa nou te pè pale oubyen chante devan lòt moun (Pèmèt ke timoun yo jwenn chans pou yo reponn.)

Di timoun yo – Sa ki te leve men yo a konnen ke yo pa poukont yo. Prèske tout moun ki te egziste nan tout istwa, nan yon tan oubyen yon lòt, te santi lapèrèz lè yo te dwe pran lapawòl oubyen chante devan lòt moun. Kèk aktè ak chantè ki te fè li pandan plizyè ane di ke jouskaprezan yo santi yo pè lè yo monte sou yon podyòm.

Mandè timoun yo – Kisa yon moun kapab fè pou li pa pè pale oubyen chante devan lòt moun? (Kite timoun yo pataje eksperyans yo avèk lide yo). Pou kèk moun, domine lapèrèz yo kapab rive reyalize avèk anpil tan, eksperyans oubyen pratik.

Mandè timoun yo – Èske kèk pami nou ki genyen yon talan espesyal? (Pèmèt timoun yo pale osijè de talan yo.) **Di timoun yo** – Mwen imajine mwen ke pou anpil nan nou ki la a, pou rive gen kapasite nan talan espesyal la, sa te pran anpil tan avèk pratik. Anplis de sa, moun sa yo ki entèlijan nan sa y ap fè yo depi pou premye fwa ke yo te tante a toujou kapab fè mye avèk letan epi eseye vin pi bon.

Di timoun yo – Sa rive tou nan pataje mesaj Jezi a avèk lòt yo. L ap pi fasil pou nou an mezi ke nou fè li pi souvan. Mesaj Jezi a enpresyonan! Sèlman panse li, nou genyen opòtinite pou nou pataje avèk lòt yo gwo mirak ki pi enteresan nan tout istwa! Malgre ke li te Bondye nan syèl la, Jezi te vini tankou yon ti bebe tou piti pou viv sou latè ansanm avèk nou. Li te vini pou pataje lanmou Bondye nan fason ki enkwayab avèk tout moun. Lè li te grandi, Li te anseye lòt yo de lanmou Bondye. Li te ede moun ki genyen plizyè kalite nesosite diferan. Li te demontre tou konbyen li renmen nou lè Li mouri sou kwa kòm sakrifis pou peche nou yo. Bon nouvèl la se ke Li pa mouri! Bondye te leve li byen vivan pami mò yo epi Li te pote viktwa sou peche ak lanmò!

Jounen joudi a, si nou mande li padon pou peche nou yo, l ap fè li. Epi si nou mande l vin viv nan kè nou, l ap fè li. **Di timoun yo** – Chak fwa ke nou pataje talan espesyal nou yo avèk lòt yo, sa vin pi fasil, paske konfyans li vin grandi. Se menm bagay la ki pase lè nou pataje mesaj Jezi a avèk lòt yo. Lè nou pase tan ap konnen Jezi pi byen atravè lekti bibliik, lapriyè epi viv nan fason ke Jezi mande nou, nou menm tou nou santi nou plis konfyan lè n ap pataje mesaj Jezi a. Lè nou eksperimante mesaj enteresan Jezi a nan lavi nou, nou kapab jwenn fason ki tounèf epi enteresan pou pataje mesaj sa avèk lòt yo.

JOU 5 - VÈSÈ POU APRANN



JOU 5 - VÈSÈ POU APRANN - MESAJ NAN KÈ MWEN - EZAYI 6:8

Lekòl Biblik Vakans Mesaje Pou Jezi yo - Mesaj Nan kè Mwen - Analiz Jeneral ak Enfòmasyon Pou Lidè a Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip Li yo. Lè timoun yo sere Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk gid e direksyon Bondye pou avni yo. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj espesyal Bondye a epi yo kapab pataje li avèk mond lan.

Jou 5 - Vèsè Pou Aprann - Ezayi 6:8

Tèm senkyèm jou Mesaje Pou Jezi yo se Misyon an. Objektif la se ede timoun yo konprann ke tout disip Jezi yo aple pou vin Mesaje. Epi misyon mesaje Jezi yo se ale epi pataje Jezi ak mond li a. Jezi prepare chak mesaje li yo avèk kapasite ak talan ki san parèy pou bay temwayaj osijè de Jezi. Sepandan, sa ki plis enpòtan pou chak mesaje se reponn apèl pou yo ale. Lè w ap ede timoun yo aprann vèsè senkyèm jou a, li menm ki soti nan liv Ezayi a, pral ede w ranfòse sa.

Ezayi 6:8 – “Aprè sa, mwen tande Seyè a ki t'ap di: -Kilès mwen ta voye la a? Kilès ki ta asepte ale pou nou? Mwen di: -Men mwen. Voye m!”

Aktivite aprantisaj biblik jodi a genyen yon objektif ki doub: 1) Ede chak timoun aprann vèsè biblik senkyèm jou a; epi 2) fè timoun yo sonje ke pataje Jezi avèk mond lan kapab yon efò ekip. Toudepann de kantite ak nivo edikasyon timoun yo, divize yo an gwou de 2, twa oubyen kat. Aprè sa, mande gwoup yo pou yo travay ansanm pou yo aprann vèsè a.

Gwoup de 2 – Mande pou youn nan timoun yo jwe wòl Ezayi a epi pou lòt la jwe wòl Bondye a.

Timoun 1 – “Aprè sa, mwen tande Seyè a ki t'ap di:”

Timoun 2 – “Kilès mwen ta voye la a? Kilès ki ta asepte ale pou nou?”

Timoun 1 – “Mwen di: -Men mwen. Voye m!”

Gwoup de 3 – Avèk gwoup de 3, fè sa:

Timoun 1 – “Aprè sa, mwen tande Seyè a ki t'ap di:”

Timoun 2 – “Kilès mwen ta voye la a? Kilès ki ta asepte ale pou nou?”

Timoun 1 – “Mwen di:”

Timoun 3 – “Men mwen. Voye m!”

Gwoup de 4 – Avèk gwoup de 4 yo, fè sa:

Timoun 1 – “Aprè sa, mwen tande Seyè a ki t'ap di:”

Timoun 2 – “Kilès mwen ta voye la a?”

Timoun 3 – “Kilès ki ta asepte ale pou nou?”

Timoun 1 – “Mwen di:”

Timoun 4 – “Men mwen. Voye m!”



Jou 5 - ATIZANA

Jou 5 - ATIZANA - MEN MESAJE YO!

Atizana jounen jodi a se pou ranfòse tèm Jou 5 lan, Mesaje Misyon an! Tèm jodi a genyen kòm objektif anchaje timoun yo pou yo vin mesaje Bon Nouvèl Jezi a. Avèk atizana jodi a, timoun yo kapab kreye imaj ke yo koupe sou pwòp men yo ki pou raple yo mesaj Jezi a ke yo kapab pataje ak mond li a.

Sa ke w ap bezwen

Distribye bay chak timoun bagay sa yo: yon plat papye, 1 oubyen 2 moso papye konstriksyon, gòm ki genyen plizyè koulè, yon moso papye blan ki mezire 6cm x 6cm, makè (oubyen kreyon), adezif ak sizò.

Pa 1 - Itilize makè oubyen kreyon yo, mande timoun yo pou yo chwazi yon koulè pou kò a (plat papye) mesaje li a. Si li prefere itilize penti, kalkile tan ke li dwe pran pou li rete tan li seche. Genyen kèk ministè ki prefere pentire plat yo depi davans.



Pa 2 - Apre sa, mande timoun yo pou yo trase fòm pla men yo sou papye konstriksyon an. Yo dwe kreye kat imaj (nan ka kote genyen timoun ki piti anpil, ou dwe genyen kèk imaj ki te deja koupe davans pou yo).



Pa 3 - Itilize adezif, mande timoun yo pou yo kole de nan men yo sou kò mesaje yo a, menm jan sa parèt nan egzanp lan. Men sa yo pral sèvi kòm zèl mesaje a.

Pa 4 - Apre sa, itilize adezif oubyen lakòl, mande timoun yo pou yo kole de fil, youn akote lòt, nan pati anba kò mesaje li a (plat papye) jan sa demontre nan egzanp lan. Se ti fil sa yo k ap pye mesaje a. Itilize yon pens papye, pandan l ap pase fil yo andedan ti twou yo.



Pa 5 - Pwochen etap la ap mande pou timoun yo itilize adezif oubyen lakòl pou kole de lòt men yo nan pati anba fil yo. Sa yo pral sèvi kòm pye mesaje a.

Pa 6 - Mande timoun yo pou yo relye pwent fil ki rete yo nan pati anba mesaje yo a jan sa parèt nan egzanp lan. Ne sa pral sèvi pou kote mesaje yo a. Yon lòt fwa ankò, ou kapab itilize yon pens pou mete fil la andedan ti twou a.

Pa 7 - Finalman, mande pou timoun yo taye yon triyang avèk papye konstriksyon ki rete a, pou kreye yon bèk. Pandan y ap itilize moso papye blan, mande pou timoun yo desine de je pou mesaje yo a. Mande yo pou yo plase bèk ak je yo nan figi mesaje a jan sa parèt nan egzanp lan.



Petèt li bon pou nou konsidere ke timoun yo ekri vèsè pou aprann Jou 5 lan, Ezayi 6:8, nan pla men yo.
"Men mwen. Voye m!"

JOU 5 - KOLASYON RAPID LA



BYENVINI NAN KOLASYON RAPID LA

Genyen yon kolasyon ki fèt pou chak jou, li menm k'ap pèmèt ou ofri timoun yo yon bon manyè pou yo eksperimente lekòl biblik vakans lan. Lide sa yo kapab mande yon seri de preparasyon, men, rezilta efò w' yo ap gen anpil enpòtans pou yo. Anpil fwa, prezidan lekòl biblik yo konn ap obsève ke plas kolasyon an pa dwe pran menm kantite tan ak lòt yo. Si sa rive, melanje li ak kèk lòt sit.

Kolasyon Jou 5 - Zye Zanj yo

Kolasyon jounen jodi a gen pou wè avèk yon manyè enteresan ak atiran pou selebre jou final Mesaje Pou Jezi yo. Non sèlman timoun lekòl biblik vakans ou yo gen pou renmen gou zye zanj yo, men tou y ap kontan lè yo bay kolasyon w lan yon touch final.

Engredyan Ki Sigjere Yo

Gwosè ak gou magdalena yo ke ou vle prepare a rete an sekre. W ap kapab itilize yon melanj fabrike oubyen si se konsa ou prefere li, ou kapab itilize pwòp resèt ou. Ou kapab deside si w vle achte revètman pou magdalena yo oubyen si ou prefere fè l oumenm. Anplis de magdalena ak revètman an, chak timoun ap bezwen de bonbon ranpli ak plizyè ti karamèl.

Kòman Pou W Fè Zye Zanj Ou Yo

Pa 1 - Bay chak timoun yon magdalena ki genyen yon tanperati ki nòmal.



Pa 2 - Pèmèt ke timoun yo plase revètman an sou magdalena yo a. Li posib pou kèk timoun bezwen èd.



Pa 3 - Ede timoun yo separe de mwaye nan bonbon ranpli yo a. Timoun yo ap bezwen de bonbon ranpli, deja ke pati ki andedan k'ap gen tandans rete kole sou youn nan mwaye yo. Mande yo pou yo plase mwaye yo avèk krèm sou magdalena yo a.

Pa 4 - Timoun yo pral itilize twa ti karamèl ki tou piti pou konplete zye ak bèk la.



Pa 5 - Mande timoun yo pou yo kase youn nan mwaye bonbon ki rete yo avèk atansyon pou yo fè zèl magdalena yo a.





JOU 5 - JWÈT KADINAL

JOU 5 - DIREKSYON KADINAL - LWÈS



Jou 5 — Lwès — San gade kote w'ap viv la, solèy la ap toujou kache nan direksyon lwès. Epi pliske solèy la kache, limyè li ban nou an ale. Si yon moun vle toujou rete anba limyè solèy la, li oblije swiv solèy la toupatou nan mond lan. Sa mande yon gran efò! Misyon nou se pote limyè Jezi a nan mond li a. Sa vle di ke nou pa dwe kite ke limyè Jezi a etèn nan kè nou. Pou nou fè sa, nou dwe kache limyè Jezi a nan mitan lavi nou, nan lapriyè, etidye Pawòl Bondye a epi swiv enstriksyon li yo.

Tèm Jou 5 lan se Mesaje Misyon an. Objektif senkyèm jou a se ede timoun yo aksepte responsablite yo pou pataje Bon Nouvèl Jezi a avèk mond lan.

Yon Mesaj Pwisan—Jwe Ki Avèk Mesaj Jezi A!

Pandan timoun yo ap prepare yo pou ale nan mond lan ak mesaj Jezi a, ou kapab itilize jwèt jou a pou w raple yo osijè de pouvwa ki genyen nan mesaj ke yo te resevwa pou yo pataje a.

Sa ke w ap bezwen: Jwèt senkyèm jou a, Jwe Boul avèk Mesaj Jezi a, koni sou non ki. Jwèt sa mande preparasyon. W ap bezwen bagay sa yo:

- *10 boutèy plastik avid (mete kèk lòt boutèy disponib pou si gen nesosite ranplase kèk lòt)
- *Sab oubyen dlo (Si w kapab jwenn sab koulè, itilize plizyè koulè diferan pou ke chak "ki" genyen yon valè diferan; ou kapab itilize dlo oukou tou).
- *Boul ki yo (olye de yon vrè boul ki, itilize yon boutèy an gòm, yon boul volebòl, foutbòl oubyen baskètbòl).

Kòman pou nou prepare jwèt la;

1. Plen chak boutèy avid yo avè 6-8 cm sab oubyen dlo. Sa ap pèmèt ke ki yo tonbe ak fòs van epi pral rann li pi fasil pou timoun yo lage yo atè. Tounen bouche boutèy yo.
2. Jwenn yon kote ki pla ki pou sèvi kòm teren ki yo.
3. Plase ki yo 3.k at ranje pandan w ap fòme yon triyang (gade dyagram ki anba a).
4. Chwazi distans depi kote timoun yo dwe voye boul la. Sa kapab varye toudepann de laj timoun yo.

Kòman nou ka jwe:

W ap kapab divize timoun yo an ekip oubyen pèmèt ke chak timoun jwe endividyèlman. Pèmèt ke chak timoun genyen de chans pou yo voye boul la epi lage atè kantite boutèy ki posib. Aprè premye opòtinite a, retire ki ki te tonbe yo. Pèmèt ke timoun nan voye boul li a pou yon dezyèm fwa. Apre sa, ekri kantite ki ke timoun nan te kapab lage atè pandan de opòtinite li yo. Si w itilize koulè pou w ba yo pwèn diferan pou chak ki, kalkile kantite pwèn ke timoun nan te fè. Apre ke chak timoun fin fè tou pa yo a, ekip la oubyen timoun ki genyen plis pwèn an se li ki chanpyon.

BOUTÈY DYAGRAM



JOU 5 - ANTRÈNMAN DISIP



Jou 5 - Antrènman Disip - Fòmasyon Pou Mesaje Yo - Pataje Jezi

Nan Matye 28:19, Jezi te di moun k ap swiv li yo konsa, "Ale epi fè disip nan tout nasyon yo". Sa se te yon apèl pou tout moun ki te la nan jou sa a, men tou se pou tout disip Jezi yo jodi a. Kòm lidè ki anchaje plas antrènman disip pou Mesaje Jezi yo, ou genyen lonè pou w reponn ak apèl Jezi pandan w ap ede timoun lekòl biblik vakans yo grandi kòm disip Jezi, pandan y ap vin tounen mesaje Jezi.



Twa premye jou yo nan depatman antrènman disip yo, yo te konsantre sou ede timoun yo swiv, imite ak konfye nan Jezi. Twa etap sa yo enpòtan pou prepare chak timoun pou konvèti yo an disip Jezi. Pandan Jou 5 lan, timoun yo pral aksepte apèl Bondye ki twouve li nan Matye 28:19. Sa se apèl pou yo y al fè disip. Lè timoun yo aprann sèvi ak imite Jezi, epi viv pou Li, lavi yo pral chanje. Benediksyon yo pral resevwa nan men Jezi yo se benediksyon ke yo pral vle pataje avèk lòt yo. Mesaje yo pa kapab evite pale avèk lèzòt yo de sa Jezi te fè pou yo!


Chak disip genyen yon istwa pou yo rakonte. Istwa sa genyen plizyè pati diferan ladan li. Chak pati chak istwa chak disip, espesyalman lè disip la pataje osijè de yon benediksyon Jezi, se yon bagay ki espesyal. Lè disip yo pataje benediksyon espesyal sa yo avèk lòt yo, moun ke yo pataje avèk yo a pral aprann yon bagay espesyal osijè de Jezi. Lè moun ki pa konnen Jezi yo tandè istwa osijè de kòman Li te beni disip Li yo, y ap genyen plis anvi pou yo konnen plis bagay sou Jezi. Petèt kapab genyen kèk pami yo ki kapab vle vin disip Jezi!

Nan dènye seksyon Gid Lidè sa a, ou pral jwenn paj Aktivite Elèv Disip 5 jou ki rele, "Kite m pale ou de Jezi!" Aktivite sa a ap bay timoun yo yon opòtinite pou pataje jan Jezi te beni yo epi l ap ede yo konsidere fason yo ka pataje benediksyon sa yo ak lòt moun.

Jou 5 - Fèy Aktivite Yo

Youn nan misyon ki plis enpòtan pou disip Jezi yo se rakonte lòt yo kòman Jezi beni yo. Nan patisipe nan aktivite sa, timoun yo ap kreye yon demonstrasyon vizyèl sou kòman Jezi te beni lavi yo. Genyen plizyè fason enteresan pou fè sa. Timoun yo kapab drese yon lis benediksyon, desine yon imaj oubyen kreye pwòp fason orijinal pou pale ak lòt yo de Jezi.

Yon fwa ke li kreye travay atizana yo a, ankouraje timoun yo jwenn yon plas espesyal pou yo ekspozè kreyasyon yo a. Chak fwa ke yo wè kreyasyon yo a, y ap kapab: 1) Fè yon kanpe pou yo priye, di Jezi mèsi pou benediksyon li yo; epi 2) Panse ak moun ke yo kapab pale osijè de Jezi, ak kòman pou yo fè li!

Ou kapab jwenn paj Aktivite a nan dènye seksyon Gid Lidè sa a. 

MESAJE POU JEZI YO - JOU 5
FÈY AKTIVITE ELÈV LA - ANTRÈNMAN DISIP

Xon nan misyon ki plis enpòtan pou disip Jezi yo se rakonte lòt yo kòman Jezi beni yo. Nan patisipe nan aktivite sa, timoun yo ap kreye yon demonstrasyon vizyèl sou kòman Jezi te beni lavi yo. Genyen plizyè fason enteresan pou fè sa. Timoun yo kapab drese yon lis benediksyon, desine yon imaj oubyen kreye pwòp fason orijinal pou pale ak lòt yo de Jezi.

PATAJE JEZI

Xon fwa ke li kreye travay atizana yo a, ankouraje timoun yo jwenn yon plas espesyal pou yo ekspozè kreyasyon yo a. Chak fwa ke yo wè kreyasyon yo a, y ap kapab: 1) Fè yon kanpe pou yo priye, di Jezi mèsi pou benediksyon li yo; epi 2) Panse ak moun ke yo kapab pale osijè de Jezi, ak kòman pou yo fè li!

KITE M' PALE OU DE JEZI!
FASON KE JEZI TE BENI MWEN



JOU 5 - FÈY AKTIVITE ELÈV YO

NON -----

JOU 5 - TÈM MESAJE MISION AN

JOU 5 - FOKIS SOU LAPRIYÈ
Chè Jezi,
ede m pataje ou avèk mond
mwèn an. Ede mwèn pou m vin
yon mesaj mision w lan.

JOU 5 - BAZ BIBLIK

Istwa biblik senkyèm jou a genyen yon lapriyè Jezi, men pwen santral istwa a se disip yo, ansanm ak tout lòt disip ki te mache nan tout mond lan avèk Jezi yo, menm jan ak sa yo ki te tou konnen epi mete konfyans yo nan Jezi depi lè sa, lapriyè sa se pou nou tou.

20 "Se pa pou yo sèlman m'ap lapriyè, men pou tout moun ki va mete konfyans yo nan mwèn lè y'a tande mesaj la. 21 M'ap lapriyè pou yo tout fè yon sèl. Papa, se pou yo tout fè yonn ansanm ak nou, menm jan ou menm ou nan mwèn, mwèn menm mwèn nan ou. Se pou yo tout fè yon sèl pou moun ki nan lemond yo ka kwè se ou ki te voye mwèn. 22 Mwèn te ba yo menm pouvwa ou te ban mwèn an, pou yo tout te ka fè yonn menm jan ou fè yon sèl avè m' tou: 23 mwèn nan yo, ou nan mwèn, pou yo tout fè yon sèl nèt ale, pou moun ki nan lemond yo ka rive rekonèt se ou ki te voye m', pou yo ka rive konnen ou renmen yo menm jan ou renmen m' lan."

JWENN MOS SA YO ANDEDAN SOUP LÈT YO.

P	Z	U	P	È	E	R	T	B	Q
Y	K	X	B	B	Q	V	Z	A	Z
O	I	O	Y	O	R	O	T	H	O
P	È	F	E	K	S	Y	O	N	È
H	L	R	N	W	T	E	O	A	I
A	O	È	N	A	S	K	S	B	N
F	E	Z	E	È	O	K	W	È	I
J	D	E	M	E	N	È	N	A	T
B	N	D	E	G	L	W	A	S	E

LIS MO YO
BYENNEME
KWÈ
VOYE
GLWA
PÈFEKSYON
INITE

JOU 5 - FÈY AKTIVITE ELÈV YO



ANTRÈNMAN DISIP - FÒMASYON POU MESAJE YO

Youn nan misyon ki plis enpòtan pou disip Jezi yo se rakonte lòt yo kòman Jezi beni yo. Nan patisipe nan aktivite sa, timoun yo ap kreye yon demonstrasyon vizyèl sou kòman Jezi te beni lavi yo. Genyen plizyè fason enteresan pou fè sa. Timoun yo kapab drese yon lis benediksyon, desine yon imaj oubyen kreye pwòp fason orijinal pou pale ak lòt yo de Jezi.



KITE M' PALE OU DE JEZI!
FASON KE JEZI TE BENI MWEN

JOU 5 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute mo ki manke yo.

" _____, MWEN TANDE _____ A KI T'AP DI:
-KILÈS MWEN TA _____ LA A?
KILÈS KI TA ASEPTÉ ALE POU _____?
MWEN ___: -MEN MWEN. _____ M'!"

EZAYI 6:8

109

MESAJE POU JEZI

MESAJE MISYON AN



APRÈ SA, MWEN

TANDE SEYÈ A KI T'AP DI:

-KILÈS MWEN TA VOYE LA A?

KILÈS KI TA ASEPTÈ ALÈ POU

NOU? MWEN DI: -MEN

MWEN. VOYE M'!!!"

EZAYI 6:8, HCV



JOU 5

MESAJE MISYON AN

JAN 17: 1-26

OU MENM AVÈK MWEN





JOU 5 - TI ISTWA BIBLIK YO



JEZI PRIYE POU MESAJE MISION YO - Preparasyon pou lidè Istwa Biblik la

Enfòmasyon sa te fèt pou ede lidè Istwa Biblik la prepare li pou l pataje istwa jou a ansanm ak timoun yo. Li enpòtan pou lidè a li enfòmasyon sa epi repase pasaj ki sigjere yo.

Tout sa ke ou menm avèk lòt lidè ministè lokal ou yo te fè pandan lekòl biblik vakans Mesaje Jezi yo, se te nan preparasyon pou dènye jou sa. Jodi a timoun yo pral resevwa envitasyon pou pataje mesaj Levanjil Jezi a avèk mond lan. Se nan jou sa yo pral konvèti yo an Mesaje Mision an. Pou kèk nan timoun yo, pataje Jezi avèk mond lan kapab fè yo timid. Petèt kapab genyen pami yo ki santi yo pa gen kouraj pou fè fas ak defi a. Istwa biblik jodi a genyen bon nouvel pou timoun sa yo ki santi yo konsa.

Pasaj biblik jodi a soti nan Jan 17. Chapit sa se yon lapriyè ke Jezi te fè. Lapriyè a genyen 3 pati. Nan premye pati a, Jezi te priye pou tèt li. Nan dezyèm pati a, Li te priye pou disip yo ki te premye moun ki te eksperimente ministè li sou tè a. Epi nan pati final la, Jezi te priye pou tout lòt moun sa yo ki ta genyen pou rive konnen non Li ak lavi ki pap janm fini ke Li ofri a. Sa vle di ke Jezi te priye pou chak timoun ke nou genyen pou nou pataje istwa biblik Mesaje pou Jezi yo. Sa siyifi ke chak timoun kapab ale nan mond lan kòm Mesaje Mision an, konnen ke pouvwa lapriyè Jezi a ap toujou avèk yo.

Istwa — Jezi priye pou Mesaje Mision yo — Jan 17

Istwa biblik senkyèm jou a genyen yon lapriyè Jezi, men pwen santral istwa a se disip yo, ansanm ak tout lòt disip ki te mache nan tout mond lan avèk Jezi yo, menm jan ak sa yo ki te tou konnen epi mete konfyans yo nan Jezi depi lè sa.

Li Jan 17:1–5, NVE

Nan kòmansman lapriyè a, Jezi te pran yon tan pou l te priye Papa l pou tèt li. Men, nan moman sa, li te priye pou disip Li yo. Li te di Bondye mèsi dèske Li te pèmèt Li te kapab pale avèk disip Li yo sou kòman yo te kapab viv avèk Li ansanm ak Papa a nan syèl la, pou toutan.

Li Jan 17:6–12, NVE

Jezi te vle tou pou disip li yo te konnen ke Li te plis ke yon nonm. Jezi te Pitit Bondye a. Lè Jezi te pale, vwa li se te vwa Bondye. Lè Jezi te konn geri malad yo, se pouvwa Bondye ki te konn geri a. Lè pèp la te wè Jezi, yo te wè Bondye. Lè yon moun pataje mesaj ki osijè de Jezi a, yo pataje mesaj osijè de Bondye ki nan syèl la tou.

Li Jan 17:13–19

Lè yon moun envite Jezi vin viv nan kè li, moun sa vin konvèti an disip Jezi tou. Anpil fwa, vin disip Jezi se pa yon bagay ki twò fasil. Men, disip Jezi yo genyen yon mesaj enpòtan pou yo pataje avèk lòt yo. Se poutèt sa ke Jezi te priye konsa: “Mwen pa mande w pou w retire yo nan mond lan, men pito, pwoteje yo kont malen an”. Lè Jezi te fè lapriyè sa, Li te mande pou Bondye pwoteje disip li yo. Li te mande Bondye pou Li te ede yo tou lè y ap bay lòt yo mesaj osijè de Jezi a. Jezi te vle pou ke tout disip Li yo te kapab vin Mesaje Mision an.

Li Jan 17:20–21, NVE

Si ou aksepte Jezi kòm Sovè ou, l'ap viv nan kè w, ebyen lapriyè sa te fèt pou ou. Jezi tèlman renmen chak mesaj li yo, se sa ki fè Li te mande Papa nan syèl la pou Li te pwoteje yo. Avèk Bondye k ap pwoteje nou, pa gen anyen pou nou pè!



JOU 5 - TI ISTWA BIBLIK YO



li Jan 17: 22–26

Jezi vle pou Mesaje Misyon li yo mete tèt yo ansanm. Chak disip fè pati ekip Jezi a, epi se pi bon ekip yo ki travay ansanm. Se pi bon ekip yo ki toujou pase tan ansanm tou. Jezi tèlman renmen chak manm ekip li yo, pou sa Li vle pase tan avèk yo. Li vle pou manm ekip Li yo pran swen youn lòt menm jan Li pran swen yo a.

Kisa nou te aprann nan istwa jodi a?

Mande timoun yo – Èske kèk pami nou ki genyen yon talan espesyal? Petèt nou kapab fè kèk defi, tankou vole sou yon sèl pye oubyen kouri vit. Èske genyen pami nou ki kapab fè yon bagay konsa? (Pèmèt timoun yo pale osijè de talan yo). **Di timoun yo** – Kèk nan nou genyen talan ki enpresyonan. E mwen sèten de ke si nou mete yo an pratik, y ap vin pi bon.

Di timoun yo – Disip Jezi yo genyen yon talan espesyal. Talan espesyal yo a se pou yo kapab pale ak lòt yo osijè de konbyen Jezi renmen yo epi vle viv nan kè yo. Jezi te mande disip Li yo pou yo te pataje bon nouvèl sa yo avèk tout mond lan. Li te pwomèt ke Li ta ede nou fè li tou.

Mande timoun yo – Ki kèk bagay ke yon moun kapab fè pou pale ak lòt yo de Jezi? (Pèmèt ke timoun yo pataje lide yo.) **Di timoun yo** – Demontre talan yo vin pi fasil ak pratik la. Se menm bagay la ki pase nan pale ak lòt moun yo de Jezi. Epi sa ki plis enpòtan se sonje ke Jezi ap la pou ede yo. Nou fè pati ekip Li a!



TI MESAJE MISYON AN



JOU 5 - TI VÈSÈ POU APRANN YO



JOU 5 - VÈSÈ POU APRANN - MESAJ NAN KÈ M NAN - EZAYI 6:8

Ti Mesaje Pou Jezi – Mesaj Nan Kè M Aan Analiz Jeneral Ak Enfòmasyon Pou Lidè A

Pawòl Bondye a se mesaj Bondye pou disip Li yo. Lè timoun yo sere Pawòl Bondye nan kè yo, memorize pawòl la, yo ranpli kè yo avèk gid e direksyon Bondye pou avni yo. Yo menm tou yo ranpli kè yo avèk mesaj espesyal Bondye a epi yo kapab pataje li avèk mond lan.

Jou 5 - Vèsè Pou Aprann – Ezayi 6:8

Tèm senkyèm jou Mesaje Pou Jezi yo se Misyon an. Objektif la se ede timoun yo konprann ke tout disip Jezi yo aple pou vin Mesaje. Epi misyon mesaje Jezi yo se ale epi pataje Jezi ak mond li a. Jezi prepare chak mesaje li yo avèk kapasite ak talan ki san parèy pou bay temwayaj osijè de Jezi. Sepandan, sa ki plis enpòtan pou chak mesaje se reponn apèl pou yo ale. Lè w ap ede timoun yo aprann vèsè senkyèm jou a, li menm ki soti nan liv Ezayi a, pral ede w ranfòse sa.

Ezayi 6:8 – *“Aprè sa, mwen tande Seyè a ki t’ap di: -Kilès mwen ta voye la a? Kilès ki ta asepte ale pou nou? Mwen di: -Men mwen. Voye m!”*

Aktivite aprantisaj bibliik jodi a genyen yon objektif ki doub: 1) Ede chak timoun aprann vèsè bibliik senkyèm jou a; epi 2) fè timoun yo sonje ke pataje Jezi avèk mond lan kapab yon efò ekip. Toudepann de kantite ak nivo edikasyon timoun yo, divize yo an gwou de 2, twa oubyen kat. Aprè sa, mande gwoup yo pou yo travay ansanm pou yo aprann vèsè a. Si byen li enpòtan pou w pataje tout vèsè a avèk timoun ki pi piti ou yo, ede yo aprann vèsyon kout sa ap ede w ranfòse vizyon senkyèm jou a.

Gwoup de 2 — Avèk gwoup 2, fè sa yo.

Timoun 1 — “Kilès mwen ta voye la a?”

Timoun 2 — “Kilès ki ta asepte ale pou nou?”

Timoun 1 — “Mwen di:”

Timoun 2 — “Men mwen. Voye m!”

Gwoup de 3 — Avèk gwoup 3, fè sa yo:

Timoun 1 — “Kilès mwen ta voye la a?”

Timoun 2 — “Kilès ki ta asepte ale pou nou?”

Timoun 3 — “Men mwen. Voye m!”

Gwoup de 4 — Avèk gwoup 4, fè sa yo:

Timoun 1 — “Kilès mwen ta voye la a?”

Timoun 2 — “Kilès ki ta asepte ale pou nou?”

Timoun 3 — “Men mwen.”

Timoun 4 — “Voye m!”



JOU 5 - TI FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA YO



NON -----

**JOU 5 - TÈM
MESAJE MISION AN**

**JOU 5 - TI MESAJE POU JEZI YO
FOKIS SOU LAPRIYÈ**

Chè Jezi,
Ede m pataje ou avèk
mond mwen an.

JOU 5 - BAZ BIBLIK

Istwa bibliik senkyèm jou a genyen yon lapriyè Jezi, men pwen santral istwa a se disip yo, ansanm ak tout lòt disip ki te mache nan tout mond lan avèk Jezi yo, menm jan ak sa yo ki te tou konnen epi mete konfyans yo nan Jezi depi lè sa, lapriyè sa se pou nou tou!

20 Se pa pou yo sèlman m'ap lapriyè, men pou tout moun ki va mete konfyans yo nan mwen lè y'a tandè mesaj la. 21 M'ap lapriyè pou yo tout fè yon sèl. Papa, se pou yo tout fè yonn ansanm ak nou, menm jan ou menm ou nan mwen, mwen menm mwen nan ou. Se pou yo tout fè yon sèl pou moun ki nan lemond yo ka kwè se ou ki te voye mwen. 22 Mwen te ba yo menm pouvwa ou te ban mwen an, pou yo tout te ka fè yonn menm jan ou fè yon sèl avè m' tou: 23 mwen nan yo, ou nan mwen, pou yo tout fè yon sèl nèt ale, pou moun ki nan lemond yo ka rive rekonèt se ou ki te voye m', pou yo ka rive konnen ou renmen yo menm jan ou renmen m' lan.

**JEZI TE PRIYE
POU MWEN**



JOU 5 - TI FÈY AKTIVITE ELÈV LA YO



ANTRÈNMAN DISIP - FÒMASYON POU MESAJE YO

Yon nan misyon ki plis enpòtan pou disip Jezi yo se rakonte lòt yo kòman Jezi beni yo. Nan patisipe nan aktivite sa, timoun yo ap kreye yon demonstrasyon vizyèl sou kòman Jezi te beni lavi yo. Genyen plizyè fason enteresan pou fè sa. Timoun yo kapab drese yon lis benediksyon, desine yon imaj oubyen kreye pwòp fason orijinal pou pale ak lòt yo de Jezi.



KITE M' PALE OU DE JEZI!
FASON KE JEZI TE BENI MWEN

JOU 5 - VÈSÈ POU APRANN

Ajoute mo ki manke yo.

" _____, MWEN TANDE _____ A KI T'AP DI:
-KILÈS MWEN TA _____ LA A?
KILÈS KI TA ASEPTÉ ALE POU _____?
MWEN ___: -MEN MWEN. _____ M'!"

EZAYI 6:8

RESOUS SIPLEMANTE LBV

RESOUS SIPLEMANTE TAB MATYÈ

Jou 1 Resous

Modèl pou elèv ki nan Bwat korespondans Mesaje pou Jezi yo (Blank)
Modèl pou elèv ki nan Bwat korespondans Mesaje pou Jezi yo (Nwa e Blan)
Modèl pou elèv ki nan Bwat korespondans Mesaje pou Jezi yo (Tout Koulè)

Jou 2 Resous

Mak Pye Atizana
Ankadreman Atizana (Nwa e Blan)
Ankadreman Atizana (Tout Koulè)
Etikèt Goute Melanje (Nwa e Blan)
Etikèt Goute Melanje (Tout Koulè)

Jou 3 Resous

Pyès avyon nan vòl pou salì a (Nwa e Blan)
Pyès avyon nan vòl pou salì a (Tout Koulè)
Vòl Sali a Fèy Pasaje (Nwa e Blan)
Vòl Sali a Fèy Pasaje (Tout Koulè)



Jou 4 Resous

Zam verite a - Sib (Nwa e Blan)
Zam verite a - Sib (Tout Koulè)
Angaje avèk Pawòl la Lis Nan Lekriti Yo
Jwenn Foto Ki Kache yo
Angaje avèk Pawòl la Afich Fanmi an


Jou 5 Resous

Fèy Aktivite Elèv La - Antrènman Disip

**MESAJE POU JEZI YO
BWAT KORESPONDANS MODÈL**




MESAJE POU JEZI YO BWAT KORESPONDANS MODÈL



MESAJE POU JEZI YO BWAT KORESPONDANS MODÈL




JEZI SE LIDÈ MWEN




**NAN KI FASON
OU KAPAB SWIV
PA JEZI YO?**


JEZI SE LIDÈ MWEN



**NAN KI FASON
OU KAPAB SWIV
PA JEZI YO?**



Tache **JEZI SE LIDÈ MWEN** ou la sou anpwent mwen isit la



Tache **JEZI SE LIDÈ MWEN** ou la sou anpwent mwen isit la





AVYON SALI A

BOUTÈY DLO - PYÈS AVYON

PWENT KE A

BÒ GOCH KE
AVYON AN



BÒ DWAT KE
AVYON AN



ZÈL AGOCH




ZÈL ADWAT




MESAJE SALI A

MESAJE SALI A



AVYON SALI A BOUTÈY DLO - PYÈS AVYON

PWENT KE A



BÒ GOCH KE
AVYON AN




BÒ DWAT KE
AVYON AN



ZÈL AGOCH



ZÈL ADWAT



AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

AVYON SALI A
PASAJE:

JOU 4 - ZAM VERITE A


MESAJE
VERITE A

VERITE



JEZI

JOU 4 - ZAM VERITE A



Angaje Avèk Pawòl La Lis Nan Lekriti Yo

- Dimanch, Sòm 150 Lendi, Jan 14:6-7 Madi, Jan 5:24 Mèkredi, 2 Timote 1:3-7 Jedi, Matye 16:13-19 Vandredi, Jan 10:11-18 Samdi, Jak 1:27
- Dimanch, Matye 22:34-40 Lendi, Egzòd 19:3-8 Madi, Detewonòm 7:6 Mèkredi, Sòm 15:1-5 Jedi, Sòm 68:4-6 Vandredi, Pwovèb 9:10-11 Samdi, Lik 1:35-36
- Dimanch, Efezyen 4:3-5 Lendi, Levitik 11:44 Madi, Matye 28:19-20 Mèkredi, 2 Korentyen 6:1-2 Jedi, 1 Korentyen 3:8-9 Vandredi, Women 12:1 Samdi, Ebre 12:28-29
- Dimanch, Sòm 95:1-7a Lendi, Sòm 29:1-2 Madi, Sòm 100:1-5 Mèkredi, Matye 6:5-8 Jedi, Matye 6:8-13 Vandredi, Travay 2:1-6 Samdi, Revelasyon 21:1-7
- Dimanch, 1 Jan 4:8 Lendi, Filipyen 2:1 Madi, Jan 17:15-17 Mèkredi, Efezyen 1:18-20 Jedi, 1 Korentyen 10:13 Vandredi, Galat 5:22-23 Samdi, 1 Jan 4:18-19
- Dimanch, Matye 9:36-38 Lendi, Jan 4:35 Madi, Galat 6:7-9 Mèkredi, Jan 10:10 Jedi, Travay 1:8 Vandredi, 2 Korentyen 5:17 Samdi, Matye 10:8
- Dimanch, 2 Timote 2:15 Lendi, Mak 12:30 Madi, Lik 9:23-25 Mèkredi, Sòm 1:1-3 Jedi, Sòm 25:4-5 Vandredi, Ezayi 40:29-31 Samdi, Pwovèb 3:5-6
- Dimanch, Women 10:14-15 Lendi, Women 12:9-11 Madi, 1 Korentyen 3:10-11 Mèkredi, Efezyen 4:2-6 Jedi, Women 12:4-6 Vandredi, Travay 6:1-4 Samdi, 1 Pyè 4:10-11
- Dimanch, Mak 10:42-45 Lendi, Pwovèb 29:18 Madi, Efezyen 4:14-16 Mèkredi, 2 Timote 2:1-2 Jedi, Lik 22:24-27 Vandredi, Filipyen 2:14-18 Samdi, Jan 15:5-8
- Dimanch, Kolosyen 3:12-13 Lendi, Efezyen 4:32 Madi, Women 12:20 Mèkredi, Mak 6:34 Jedi, 2 Korentyen 1:3-4 Vandredi, 1 Jan 3:17 Samdi, Lik 10:36-37
- Dimanch, Women 1:16 Lendi, Women 5:6-8 Madi, Women 6:11-13 Mèkredi, 1 Korentyen 1:3-7 Jedi, 2 Timote 3:14-17 Vandredi, Women 5:12-14 Samdi, Women 3:22-25
- Dimanch, 1 Tesalonisyen 5:23-24 Lendi, Travay 6:1-4 Madi, Ebre 13:17 Mèkredi, Kolosyen 1:18 Jedi, Women 12:4 Vandredi, 1 Pyè 5:1-3 Samdi, 1 Pyè 2:9
- Dimanch, Travay 1:7-8 Lendi, Travay 13:2-3 Madi, Jan 17:20-23 Mèkredi, 2 Korentyen 9:6-7 Jedi, Travay 16:19-21 Vandredi, 1 Timote 1:3-7 Samdi, 1 Timote 6:20-21

Angaje Avèk Pawòl La

JWENN FOTO KI KACHE YO

LI Lekriti chak jou yo byen fò ... **JWENN** epi **ANTOURE** foto ...
PALE osijè de Siyifikasyon Lekriti yo ... **PRIYE** ananm antanke yon fanmi.



MESAJE POU JEZI YO - JOU 5

FÈY AKTIVITE ÈLÈV LA - ANTRÈNMAN DISIP

Yon nan misyon ki plis enpòtan pou disip Jezi yo se rakonte lòt yo kòman Jezi beni yo. Nan patisipe nan aktivite sa, timoun yo ap kreye yon demonstrasyon vizyèl sou kòman Jezi te beni lavi yo. Genyen plizyè fason enteresan pou fè sa. Timoun yo kapab drese yon lis benediksyon, desine yon imaj oubyen kreye pwòp fason orijinal pou pale ak lòt yo de Jezi.



Yon fwa ke li kreye travay atizana yo a, ankouraje timoun yo jwenn yon plas espesyal pou yo ekspoze kreyasyon yo a. Chak fwa ke yo wè kreyasyon yo a, y ap kapab: 1) Fè yon kanpe pou yo priye, di Jezi mèsi pou benediksyon li yo; epi 2) Panse ak moun ke yo kapab pale osijè de Jezi, ak kòman pou yo fè li!

KITE M' PALE OU DE JEZI!

FASON KE JEZI TE BENI MWEN

NOU SE MESAJE OFISYÈL JEZI

